# МАХ ДУГ

*Сылгоймаджы нымайын у алы раст адæймаджы хæс дæр æмæ йæ хъуамæ æххæст кæна йæ райгуырдæй фæстæмæ.*

ЛОПЕ ДЕ ВЕГА

*Адæймаджы идеалмæ сылгоймæгтæ нæлгоймæгтæй хæстæгдæр сты.*

ВИЛЬГЕЛЬМ ГУМБОЛЬДТ



3

2008





# НАША ЭПОХА

Издается с мая 1934 года

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ СОЮЗА ПИСАТЕЛЕЙ
РЕСПУБЛИКИ СЕВЕРНАЯ ОСЕТИЯ-АЛАНИЯ

**Главный редактор – Ахсар КОДЗАТИ**

**Редакция**

Ответств.секретарь, проза — Борис ГУСАЛОВ

Поэзия, драматургия — Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Елизавета КОЧИЕВА, Анатолий КУСРАЕВ,
Наира НАКУСОВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2008

# МАХ ДУГ

3
'08

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

РЕСПУБЛИКÆ ЦÆГАТ ИРЫСТОН-АЛАНЫ
ФЫСДЖЫТЫ ЦÆДИСЫ ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

**Сæйраг редактор – ХЪОДЗАТЫ Æхсар**

**Редакци**

Бæрнон секретарь, прозæ — ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги — МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪУСРАТЫ Анатоли,
НÆКУЫСАТЫ Наирæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2008

**НОМЫРЫ ИС:**


**Бæсты фидауц — сылгоймаг** 6

*ГОДЖЫЦАТЫ Нелли.* **Кæд мæм æрхауид амонд...** Æмдзæвгæтæ 19

*ДЗАБАЙТЫ-КЪЕСАОНТЫ Таисæ.* **Хо æмæ æфсымæры аргъау** 25

*ДУЛАТЫ Симæ.* **Дыууæ нывы** 33

*КОКОЙТЫ Эльзæ.* **Ды ацыдтæ...** Æмдзæвгæтæ 36

**ХÆБЛИАТЫ САФАР: 75 АЗЫ**

*ГУСАЛТЫ Барис.* **Хорфыцæн хурбоны сатæг изæр.** Номарæн 47

*ГОДЖЫЦИАН-ЧЕЛДЫТЫ Надя.* **Ныхæстæ.** Æмдзæвгæтæ 74

*ХЪÆЦМÆЗТЫ Азæ.* **Мæрдтæм дæр ис уарзæн.** Æмдзæвгæ 76

*СИТОХАТЫ Саламджери.* **Сатирикон радзырдтæ** 78

*ЧЕРЧЕСТЫ Хъасболат.* **Балбирæгътæ.** Документалон радзырд 91

*ХОЗИТЫ Макар.* **Цыбыр хъуыдытæ** 98

*АБАЙТЫ Арбилянæ.* **Кæд уарзыс, уæд — хъуыддагæй.** Интервью 101

**ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ**

*ХЪАЗИТЫ Мелитон.* **Поэты дуне.** Кæрон 108

**УИДÆГТÆ**

*ТМЕНАТЫ Дзерассæ.* **Уырнæнтæ æмæ мæнгуырнæнтæ** 121

**АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН**

*АЙЛАРТЫ ЗАРÆ.* **Æмдзæвгæтæ ахуыр кæныны методикæ** 132

*МУРАСТЫ Эльбрус.* **Нæ бафсæст Иры зæхх йæ уындæй** 138

**ИРОН ПОЭЗИЙЫ АНТОЛОГИ** 157


***Журналы авторты хъуыдытимæ редакци алкæд разы нæ вæййы***



# БÆСТЫ ФИДАУЦ — СЫЛГОЙМАГ

## СЫЛГОЙМАГ ÆМÆ ÆМБИСÆНДТÆ

*(Скæсæйнаг адæмты фольклорæй)*

- Дæ бæх æмæ дæ усыл ма ’ууæнд. *(Кæсгон).*
- Фыдыус — митæй уазалдæр, мастæй — хъæхъхъагдæр. *(Кæсгон).*
- Мадыхо мады ад кæны, фыдыхо та — фыды. *(Кæсгон).*
- Мадæн дæ армытъæпæныл хъайла куы сфыцай, уæддæр дзы хæсджын уыдзынæ. *(Даргинаг).*
- Рæсугъд ус фæлтау мæ сыхагæн уæд. *(Даргинаг).*
- Уарзондзинад цы бинонты ’хсæн нæй, уый æнæуидаг бæлас у. *(Лекъаг).*
- Кæд дæ мады уарзыс, уæд искæй мады ма ’лгъит. *(Абхазаг).*
- Æнæлæг сылгоймаг — æнæдзылар ефс. *(Азербайджайнаг).*
- Чызг, кæй нæма алыгчынд, ахæм харбызæй уæлдай нæу. *(Сомихаг).*
- Чызг зæронд лæджы цæстæй æвзар, бæх та — лæппуйы цæстæй. *(Сомихаг).*
- Искæй ус рæсугъддæр у. *(Сомихаг).*
- Фыдсылмæ бахауыны бæсты дæ боцъойы хъуынтæ иугай ныттон. *(Гуырдзиаг).*
- Лæг хæдзар сарæзта — ус æй фехæлдта, ус хæдзар сарæзта — хæйрæджы бон дæр æй фехалын нæ уыд. *(Гуырдзиаг).*
- Чызг, дæумæ дзурын, чындз, ды йæ бамбар. *(Казахаг).*
- Лæг — сæр, ус — бæрзæй. *(Казахаг).*
- Хорз ус амонды æмбис у. *(Киргизаг).*
- Усы гыццыл хъуыддæгтæ сафынц. *(Туркменаг).*
- Чызг мады хуызæн у, фырт — фыды. *(Арабаг).*
- Сылгоймагæн йæ зонд — йæ фидауцы, нæлгоймагæн йæ фидауц — йæ зонд. *(Арабаг).*

- Уарзондзинад иу у, цæргæ та дыууæ зæрдæйы фæкæны. *(Ассириаг).*
- Сылгоймаджы кард згæ никуы кæны. *(Ассириаг).*
- Нæлгоймаг дыууæ хатты цин кæны: фыццаг хатт — ус куы ракуры уæд, дыккаг хатт — æнæ усæй куы баззайы, уæд. *(Ассириаг).*
- Сылгоймагæн йæ зонд йæ дадалиты ис. *(Ассириаг).*
- Æфсины къухы дурын куы асæтты, уæд йæ хъæр нæ райхъуысы. *(Курдаг).*
- Чызгмæ ма кæс, фæлæ йæ ныййарджытæм. *(Курдаг).*
- Рæсугъд сылгоймаг йæ цыдæй бæрæг у. *(Курдаг).*
- Æфсæрмдзæстыг сылгоймаг — æнæхъæн сахары аргъ у, æфсæрмдзæстыг нæлгоймаг та — сæныччы аргъ. *(Курдаг).*
- Ус æнамонд у, фæлæ, Хуыцау, иу хæдзары дæр ахæм æнамондæй æнæхай ма фæкæн. *(Персаг).*
- «Куы» æмæ «æццæй»-æн хъуыддаг бакодтой æмæ сын райгуырди «бæргæ» æмæ «ехх». *(Персаг).*
- Мадæн йæ зæрдæ судзы, дыджызæйæн та — йæ фæдджи. *(Персаг).*
- Æз моймæ æмпъузæнтæ æвæрыны тыххæй нæ ацыдтæн, фæлæ ме 'рфгуытæ ахорыны тыххæй. *(Персаг).*
- Æнæлæг ус — зæрæстон зæхх. *(Шумераг).*
- Фыдыус хæдзарæн — емынæ. *(Бенгайлаг).*
- Сылгоймагæн йæ тых йæ цæссыгты ис. *(Бенгайлаг).*
- Мад дæс сывæллоны фæдардзæни, фæлæ дæс сывæллоны иу мады нæ фæдардзысты. *(Вьетнамаг).*
- Зонджын сылгоймаг фидар дæр басæтдзæни. *(Вьетнамаг).*
- Сылгоймæгты æмæ фæсдзæуинты коммæгæс скæнын зын у. *(Апойнаг).*
- Сылгоймаджы зæрдæ — уалдзыгон бонау иваг у. *(Апойнаг).*
- Æртæ сылгоймаджы сæмбæлдысты — базар байгом. *(Апойнаг).*
- Сырхмæтæг цас рæсугъддæр уа, уыйбæрц йæ сындзытæ — даргъдæр. *(Апойнаг).*
- Лæгæн — сæр, сылгоймагæн — зæрдæ. *(Апойнаг).*
- Фатхъæд зынкалæн у, рæсугъд ус зындарæн у. *(Ирон).*
- Сылгоймагæй æфсæрмы хъæуы. *(Ирон).*

- Усæй цæуы хæдзары бæркад æмæ лæджы хорз. *(Ирон).*
- Сылгоймаджы хъуыддаг афтæ у 'мæ йын бахъахъхъæнæн нæй, йæхæдæг йæхи куынæ хъахъхъæна, уæд. *(Ирон).*
- Фыдсылæй дæхи бахъахъхъæн, фыдсылæй бирæ федзæрæг ис. *(Ирон).*
- Хорз сылгоймаг — хæдзары зæд. *(Ирон).*
- Мады арм мæрдтырдыгæй дæр ауды. *(Ирон).*
- Мады зæрдæ сабийæн — хур, фыды зæрдæ — мæй. *(Ирон).*
- Мады ад — ныфсдæттæг, мады уарзт — тыхдæттæг. *(Ирон).*
- Мадæй сидзæр — æцæг сидзæр, фыдæй сидзæр — æрдæг сидзæр. *(Ирон).*
- Мæ хæйрæджы хай мыл фæтых — фыдсыл бауарзтон. *(Ирон).*
- Нæлгоймагæн кад цы сылгоймаг кæна, уый — йæхицæн. *(Ирон).*

## БАЗЫРДЖЫН НЫХÆСТÆ

- Сылгоймагæй тыхджындæр сырд нæй денджызы дæр, хъæды дæр. Арт дæр уый хуызæн æвирхъау нæу, стай дæр уый хуызæн налат æмæ æдзæсгом нæу.
- Сылгоймæгты тыххæй рагон æмбисонд афтæ зæгъы: «Ехх, семæ дæр лæджы сæр уынгæджы фæвæййы, æнæ уыдон дæр цæрæн нæй!»

*Аристофан*

- Арвыл цал стъалыйы ис, уал хины ис сылгоймаджы зæрдæйы.

*Гиппократ*

- Сылгоймаджы ныхæстæ сты, чи згъæлы, ахæм сыфтæртæй рогдæр — дон æмæ сæ дымгæ хæссынц чердæмфæнды дæр.

*Овиди*

- Сылгоймаг цас æдылыдзæфдæр уа, уыйбæрц йемæ æнцондæр цæрæн у.

*Владимир Мономах*

- Дыууæ сылгоймагæй рæсугъддæр уый у, нæ цуры йæ дзых æхгæдæй чи дары.

*Корнель*

- Сылгоймаг йæ зæрдæйæ хъуыды кæны, нæлгоймаг та йæ сæрæй уарзы.

*Белинский*

- Дæ ус дын дæ хъазæн ныхасыл куы худа, уæд кæнæ дæ хъазæн ныхас хорз у, кæнæ та дæ ус.

*Клод Бернар*

- Сылгоймаг у Хуыцауы дыккаг рæдыд.

*Ницше*

- Зæхкусæджы хъæуы зæхх, хъæздыджы — кад, салдаты — хæст, къупецы — æхца, сылгоймаджы та — æгас дуне.

*Польшæйаг æмбисонд*

- Зæрдæмæ чи нæ бахоста, уый дуар дзæгъæлы хойы.

*Лопе де Вега*

- Усы ’взаг цыбырдæр куы уаид, уæд лæджы цард даргъдæр уаид.

*Молдавиаг æмбисонд*

- Сылгоймæгтæ нæлгоймæгты стыр сгуыхтытæм сцырын кæнынц, фæлæ сын сæ равдисынмæ рæстæг нал ныууадзынц.

*Флобер*

- Хорз ус кæмæн вæййы, уымæ базыртæ ’рхауы, æвзæр ус кæмæн вæййы, уымæ та — хъадамантæ.

*Бичер-Стоу*

- Нæлгоймæгтæ искæй устыты цур ратас-батас байдайынц, сæхи устытыл та куыйтау рæйынц. Хæрзахуыр куыдзæн та бынтон иннæрдæм сты йæ митæ.

*Мартти Ларни*

- Адæймаг маймулийæ равзæрди, сылгоймаг та — адæймагæй.
- Къаролы ног дарæс къаролы усыл хуыздæр сфидыдтаид.
- Сылгоймаджы бирæ нæ хъæуы, фæлæ — æдзухдæр.
- Сылгоймагимæ иу æвзаг деликатес у.
- Хæлд фонтан федтон æмæ мæ зæрдыл мадзура сылгоймаг æрлæууыд.
- Уарзондзинад фыццаг фæкастæй фæстаг капеччы онг.
- Суадæттæ уарзта æмæ цъымарайы смидæг.
- Чындзæхсæв у кæрæдзимæ балæбурыны тыххæй пакт.
- Хорз ус дын æдзухдæр схъарм кæндзæни: дæ цард, йе та дæ хъæрмхуыпп.
- Нæлгоймæгтæ сты, сывæллæттæй цы фæлхæрттæ баззайы, уыдон.

*Геннади Малкин*

# СЫЛГОЙМÆГТÆ СÆХИ ТЫХХÆЙ

- Рæсугъд адæймаг уый у, адæймаджы срæсугъд кæнын йæ бон кæмæн у.

  *Изабель Аджани,* францаг киноактрисæ

- Цæмæй нæлгоймагыл хæцын фæразай, уый тыххæй дæхæдæг дæхиуыл хæцын фæраз.

  *Миннæ Артрим,* америкаг фыссæг

- Иу журналисткæйы загъдау: «Дæ цыппæрæм лæг дын дæ мукъутæ куы хойа, уæд уый дæ лæджы аххос нæу, фæлæ дæ мукъуты».

  *Мария Арбатова,* уырыссаг фыссæг

- Сылгоймæгтæ ссæрибар уæвыныл цас тынгдæр архайынц, уыйбæрц æнамонддæр кæнынц.

  *Бриджит Бардо,* францаг киноактрисæ

- Сылгоймаг æппæты хуыздæр кæмæ бахуды? Айдæнмæ. Раздæр-иу фыруарзтæй æрра систы, ныр неврозæй дарддæр хъуыддаг нал цæуы.

  *Вандæ Блоньска*, польшæйаг журналисткæ

- Сылгоймаг дын алцы дæр ныббардзæн, æрмæст дын иудадзыг дæ цæстмæ дардзæни, кæй дын ныббарста, уый.

  *Симонæ де Бовуар,* францаг фыссæг

- Сылгоймæгтæ, мыстытæй ма тæрсут, гæдытæй тæрсут.

  *Иоаннæ Вилиньска,* польшæйаг фыссæг

- Цæмæй нæлгоймагæй фервæзай, уый тыххæй йæ хъæбысы дæхи ныппар.

  *Луизæ де Вильморен,* францаг фыссæг

- Æз сексæн мур дæр ницы зонын, уымæн æмæ мын æдзухдæр лæг уыди.

  *Сари Габор,* америкаг киноактрисæ

- Поэттæн се ’мдзæвгæтæ сабиты хуызæн сты — сылгоймæгтæй райгуырынц.
- Фыдынд сылгоймаг рæсугъд æфсæддон лæгимæ дуканийы. Адæм сæм се ’ргом раздæхтой. Уæд сылгоймаг афтæ: «Хорз адæм, бахатыр кæнут, фæлæ рæсугъддзинад куы уæрстой, уæд æз фынæй уыдтæн, фæлæ амонд куы уæрстой, уæд райхъал дæн».

*Иннæ Гофф,* уырыссаг фыссæг

- Æз мад дæн, мад та иунæг никуы вæййы.

*Катрин Денев,* францаг киноактрисæ

- Англисаг успаддзах Елизаветæ Фыццагæн францаг минæвар афтæ, фæсарæйнаг æвзæгтæ, дам, мæлæты хорз зоныс. Елизаветæ I ын дзуапп радта:
— Сылгоймаджы дзурын сахуыр кæнын зын нæу, йæ дзыхыл хæцын æй сахуыр кæнын бирæ зындæр у.

- Сылгоймæгтæ сабитæй уæлдай не сты — æдзухдæр «нæ» дзурынц. Нæлгоймæгтæ дæр сабитæй уæлдай не сты — уыцы «нæ» æцæгмæ бамбарынц.
- Сылгоймæгтæн карьерæ скæнын зындæр у, устытæ сын нæй æмæ сæ размæ чи схойа!

*Янинæ Ипохорска,* польшæйаг журналисткæ

- Йæхи зондджын чи æнхъæлы, уыцы сылгоймаг фæдомы, нæлгоймæгтимæ, дам, нын хъуамæ æмхуызон бартæ уа. Æцæг зондджын сылгоймаг уыдæттæ нæ домы.

*Колетт,* францаг фыссæг

- Сылгоймæгтæ дыууæ къордыл дих кæнынц: иуты дун-дунейы хицауиуæг кæнын фæнды, иннæты та — хуыссæны.

*Жаклин Онассис-Кеннеди,* Дж. Кеннедийы идæдз

- Цæстмæхъус ныхас сылгоймаджы куыстахадæн дывæр кæны.

*Франсуазæ Саган,* францаг фыссæг

- Сылгоймæгтæ фембæлгæйæ кæрæдзийæн батæ фæкæ-

нынц, уымæн æмæ сын кæрæдзиуыл фæхæцыны фадат нæ вæййы.

*Магдаленæ Самозванец,* польшæйаг фыссæг

- Нæлгоймæгтæн сæ уæнгæл у, рæсугъддзинад зондимæ æмхæццæ куы вæййы, уæд уыцы хъылма.

*Шарон Стоун,* америкаг киноактрисæ

- Æнаккаг сылгоймæгты рольты хъазын мын æнцондæр у.
- Сылгоймæгты фылдæр хай нæлгоймæгты нымайы цъаммартæ æмæ æнаккæгтыл, фæлæ сын сæ бæсты хуыздæр исты ссарын нæма бантысти.

*Элизабет Тейлор,* америкаг киноактрисæ

- Сылгоймаг сæдæ нæлгоймаджы хъазгæ-худгæ асайдзæн, йæхи хуызæн сылгоймаджы — ницы хуызы.

*Мишель Морган,* францаг актрисæ

# РÆСУГЪД УС ÆМÆ ДУКАНИЙЫ ХИЦАУ

*(Персайнаг таурæгъ)*

Иуахæмы лæг йæ усмæ æвзист сомырдæг радта, ацу 'мæ пырындз балхæн, зæгъгæ. Ус базары иу дуканимæ ратас-батасгæнгæ бацыд, уæйгæнæгмæ йе 'хца балæвæрдта, цыдæр къленц митæгæнгæ загъта:

— Пырындз мын авæр.

Дуканигæс уайтагъд бамбæрста, сылгоймаджы канд пырындз кæй нæ хъæуы, уый. Пырындз ын сбарста, стæй йæм дзуры:

— Æхсин, дæ сау цæстыты фат мæ тæккæ зæрдæйыл сæмбæлди. Мидæмæ рахиз æмæ дын сæкæр дæр авæрон. Пырындз сæкæримæ хъуыры хуыздæр цæуы.

— Сæкæрæн мæм æхца нæй, — цъыллинджытæгæнгæ та загъта ус.

— Дæу хуызæн рæсугъдæй æз æхца исын? Саккаг кæн мидæмæ, мæ хур, дæ былтæ сæкæрæй адджындæр сты — мæ удæн сæ ма бавгъау кæн.

— Дæхимæ дуне сæкæр. Мæ былты сæкæрæй ма цы кæныс?..

Уыцы ныхæстимæ сылгоймаг мидæмæ бахызти. Лæг ын иучысыл сæкæр радта. Сылгоймаг æй йæ кæлмæрзæны тигъыл бабаста, йæхæдæг уæйгæнæгимæ æмуд æрцыди. Дзæгъæлы нæ загъта фыдæл: æвзист æхца хъыг сафы, сызгъæрин та зæрдæйы дæгъæл у.

Дуканийы хицауæн йе 'ххуысгæнæг æнæуаг æмæ фыдзæрдæ лæг уыди. Кæсы æмæ сылгоймаджы кæлмæрзæн иуварс æппæрст. Дуканигæсимæ кæрæдзийæ сæ мондæгтæ кæй исынц, уый ма йын цы базонын хъуыди? Кæлмæрзæны кæрон райхæлдта, пырындз æмæ сæкæры бæсты дзы сыджыт авгæдта æмæ йæ фæстæмæ бабаста. Уæдмæ адон дæр сæ куыст фесты.

Сылгоймаг сæхимæ куы бацыд, уæд йæ «базайрæгтæ» уыцы зæрдæрухсæй лæджы цур æрæвæрдта. Лæг баст райхæлдта æмæ дисæй мæлгæ хъæр кæны:

— Усай! Æмæ дæ дзæкъулы сыджыт куы ис!

Ус, мæгуыр, цæмæй хæйрæг уыди, джихæй кæсгæ баззади, фæлæ фæстагмæ йæхи æрæмбæрста, иннæ уатмæ азгъордта æмæ дзы сасир раскъæфта. Сыджыт сасиры æркалдта æмæ йæ луарын байдыдта.

— Цы ми кæныс? — фæрсы йæ лæг.

— О нæ лæг! Хуыцауæн кувæг дæ, æмæ уый фæрцы стыр бæллæхæй фервæзтыстæм. Базармæ куыд фæцæйцыдтæн, афтæ иу æнæхайыры теуа йæ баст ратыдта æмæ мын йæ къахæй мæ фæсонтæ ныццавта. Ахаудтæн, æмæ мæ сомырдæг зæхмæ атахти. Фæцагуырдтон ма йæ, фæлæ, марадз-зæгъай, кæд искуыцæй разынд! Уæд æз сыджыт æрæмбырд кодтон æмæ йæ дзæкъулы сæвгæдтон — нæхимæ йæ, зæгъын, балуардзынæн, æмæ кæд æхца разына, уæд дзы пырындз балхæндзынæн.

Лæг æм фæхъуыста, фыртæригъæдæй йæ цæстытæ доны разылдысты, афтæмæй фæхъæр ласта:

— Сыгъд ыссæуæд уыцы сомырдæгыл! Уартæ æндæр æхца райс æмæ пырындз балхæн, сыджыт та бырæттæм акал!

Афтæ, гъе, бабайы хуртæ. Сылгоймагæй мæнгарддæр, фæлитойдæр а дунейыл нæма равзæрди. Зæххы хин æмæ арвы кæлæн у, ма йыл æууæндут.

# ЦÆМÆН МÆ АСАЙДТАЙ?

*(Скæсæйнаг æмбисонд)*

Уынджы фæцæйцыди сылгоймаг. Йæ фæдыл иу нæлгоймаг бафтыд æмæ йæ цух нал уагъта. Сылгоймаг цæхгæрмæ уынгмæ куы бахæццæ, уæд уым фæзылди. Лæг дæр — йæ фæстæ. Уæд сылгоймаг йæ цыд фæсабырдæр кодта æмæ лæджы бафарста:

— Мæ фæдыл цы бафтыдтæ? Цы дæ хъæуы?

— Уарзгæ дæ кæнын...

— Дзæгъæлы мæ бауарзтай. Мæ фæстæ мæ хо æрбацæуы. Уый мæнæй фондзыссæдз хатты рæсугъддæр у. Уый куы бауарзай, уæд дын хуыздæр уыдзæни.

Нæлгоймаг дзыхълæуд фæкодта æмæ фæстæмæ аздæхти. Тынг фыдынд сылгоймаджы куы ауыдта, уæд смæсты æмæ фыццаджы фæдыл ныййарц. Баййæфта йæ æмæ йæ фæрсы:

— Цæмæн мæ асайдтай?

— Æмæ мæ ды цæмæн асайдтай? Æцæгæй мæ куы бауарзтаис, уæд æндæр сылгоймагмæ нæ аздæхтаис, мæнæй сæдæ хатты рæсугъддæр куы уыдаид, уæддæр, — дзуапп ын радта сылгоймаг æмæ йæ фæндаг дардта.

*Аркади ИНИН*

# СЫЛГОЙМАГ ÆМÆ АДÆЙМАГ

Уæ хорзæхæй, багъæцут, хорз адæм, сылгоймаджы адæймагыл нæ нымайы, зæгъгæ, мыл ма ’рдау кæнут. Ахæм ныхас мæ былы бынæй дæр никуы суагътон. О, о, разы дæн уемæ: сылгоймаг адæймаг у.

Фæлæ кæд сылгоймаг адæймаг у, уæд нæлгоймаг та циу?

Намæ кæд нæлгоймаг адæймаг у, уæд сылгоймаг та циу?

Цыбыр дзырдæй, нæлгоймаг æмæ сылгоймаг фæйнæ планетæйæ рацæугæтæ сты...

Афтæ, мæ хуртæ, сылгоймаджы бафхæрын мæ фæсонæрхæджы дæр никуы уыди. Суанг ма Мартти Ларниимæ дæр разы дæн: «Адæймаг уæвын стыр хъуыддаг у, сылгоймаг уæвын та — ноджы стырдæр хъуыддаг».

Финаг фыссæгимæ разы у америкаг сылгоймаг-фыссæг Аделæ Сент-Джон дæр: «Хуыцау сфæлдыста нæлгоймаджы, стæй загъта, мæ бон, дам, фылдæртæ дæр у. Æмæ уæд сфæлдыста сылгоймаджы».

Скæсæйнаг куырыхон лæгтæ та афтæ дзырдтой: Хуыцау раздæр сылгоймаджы сфæлдыста. Æмæ цæмæй æнкъард ма кодтаид, уый тыххæй ма йын хи ирхæфсынæн радта Калм, Маймули æмæ Тути. Калм сылгоймагæн йæ къæхты алыварс ратас-батас кодта, æртыхст-иу ыл æмæ йæ рæвдыдта. Тути йын йæ алы ныхас дæр фæзмыдта, стæй йын рифмæбыд ныхæстæй йæ зæрдæ 'лхæдта. Маймули та йын амæй-ай хæрзаддæр дыргътæ хаста, алыхуызон дидинджытæ йын тыдта. Ноджы йæ хъæлдзæг дардта йæ худæджы митæй. Хуыцау уыдæттæ куы федта, уæд ацы æртæ удæй иу цæрæгой сарæзта, схуыдта йæ нæлгоймаг æмæ йæ сылгоймагæн балæвар кодта.

Æрыхъуыстон, а фæстаг верси, дам, сылгоймæгты зæрдæмæ æппæтæй тынгдæр цæуы.

Фæлæ нæ фарстæн дзуапп нæма и: уæддæр сæ дыууæйæ адæймаг кæцы у — сылгоймаг æви нæлгоймаг.

Æвæццæгæн уал нæ фыццаджы-фыццаг базонын хъæуы: цы у адæймаг? Ам дæр та куырыхонтæ фæйнæ-фæйнæ зондыл хæст ысты.

«Адæймаг у æвирхъау хъæддаг цæрæгой», — фыссы немыцаг философ Шопенгауэр.

Ацы хъуыдыйыл куы сразы уæм, уæд мах, — нæлгоймæгтæй зæгъын, — хъуамæ басæттæм: адæймаг нæлгоймаг у.

Мæнæ уын уый та англисаг фыссæг æмæ паддзахадон лæг Эдмунд Боркы хъуыды: «Адæймаг у, йæ хæринаг фыцгæ æмæ физонæг чи кæны, ахæм цæрæгой».

Кæд уый æцæг афтæ у, уæд зæгъæн ис: адæймаг у сылгоймаг. Уымæн æмæ сылгоймаг канд йæхицæн нæ фыцы æмæ физонæг кæны, фæлæ ма бирæ æввонгхортæн.

Зæрдыл æрлæууын кæнæн ис англисаг публицист Уильям Гэзлиты ныхас дæр: «Адæймаг у, йæ авналæнтæ цыбыр, йæ мондæгтæ та æнæкæрон кæмæн ысты, ахæм индивидуалон цæрæгой».

Адæймаг нæлгоймаг кæй у, уый ма уын ныр дæр дызæрдыггаг у?

Фæлæ францаг рухстауæг Дени Дидро та æндæрырдæм ахæцыд: «Адæймаг у нервытæй конд машинæ, скъæргæ та йæ темперамент кæны».

Ныр ма лæг кæуыл бауæнда? Дидроимæ чи сразы уа, уымæ æвæццæгæн, ахæм хъуыды æрцæудзæн: адæймаг сылгоймаг у.

Ныхасмæ, дам, æрчъиаджы султъы куы рахæссай, уæд дзы дыууæ ’рчъихоры дæр нал рауайы. Уыйау ацы куырыхонтæ дæр. Сæ ныхæстæ кæрæдзиуыл нæ бадынц, уый иу хабар у, фæлæ ма суанг сæхæдæг дæр хатгай сæхи ныхмæ рацæуынц.

Публицист Филипп Гревель загъта: «Цæрæгойтæй æрмæстдæр адæймаг зоны худын». Ацы базырджын ныхас фыццаджы-фыццаг сылгоймагмæ кæй хауы, ууыл, æвæццæгæн, чидæриддæр сразы уыдзæни. Фæлæ Филипп Гревель дарддæр афтæ фыссы: «Æрмæстдæр адæймаг у, худын кæуыл хъæуы, ахæм цæрæгой». Басæттæм ыл: ай та тынгдæр нæлгоймæгтæм хауы.

Атæппæт зондджын куырмæлхынцъытæ райхалын кæмæн нæ бакомой, уымæн та йæ зæрдыл æрлæууын кæндзынæн нæ сабибонты ныв. Байхъусæм Маршакмæ:

*Цæмæй ысты конд та нæ лæппутæ?*
*Сæтæлхъузгæй, ноджы сындзытæй,*
*Стæй ноджы кæрдæгхуыз хæфсытæй.*
*Сты ахæмтæй арæзт нæ лæппутæ.*
*Цæмæй ысты конд та нæ чызджытæ?*
*Къафеттытæй, ноджы мыдджынтæй,*
*Гуылтæ ’мæ сæкæры къæрттытæй.*
*Сты ахæмтæй арæзт нæ чызджытæ.*

Куыд уынæм, афтæмæй лæппутæ, ома фидæны лæгтæ — иуырдыгæй æмæ чызджытæ, ома фидæны устытæ — иннæрдыгæй, арæзт сты фæйнæхуызон æрмæгæй. Гъемæ ахæм алыхуызон æрмæгæй иу удгоймаг, — ома адæймаг, — скæнæн куыд и?

Рæстдзинады арфдæр уидæгтæ ссарынмæ рагæй бæллынц адæм.

Мах эрæйæ бирæ раздæр дын, Диоген, зæгъгæ, иу грекъаг лæг куы бавдæлид æмæ бон-сихорафон фанар куы ссудзид æмæ, адæймаг агурын, зæгъгæ, сахары уынгты зилынтæ куы байдаид.

Фæлæ, мæгуыр, ницы ссардта. Æмæ йын уæд фæстæдæр æндæр зонды лæг, австриаг фыссæг Петер Розеккер йæ хъусы бацагъта: «Фанаримæ ма агур адæймаг, фæлæ зæрдæимæ, уымæн æмæ æрмæстдæр уарзондзинадæн гом кæнынц адæм сæ зæрдæтæ».

Пафосæй æгæр фæцæхджын ацы лæджы уынаффæ, фæлæ йæ хъуыды раст у.

Гъемæ уæдæ, хорз адæм, уарзондзинад нæ цырагъ суæд, æмæ уый рухсмæ агурæм адæймаг.

Æниу æй цы рацагур-бацагур кæнæм? Сылгоймагæй, нæлгоймагæй, хойæ, æфсымæрæй — адæм уæм, æндæр дзы ницы хъæуы!

Стæй æнæмæнг цыдæртæ хатыр кæнын хъæуы. Марк Твен дзæгъæлы нæ загъта: «Хуыцау адæймаджы æппæты фæстаг сфæлдыста, — ома æхсæзæм бон, — куы бафæллад, уæд».

*Уырыссаг æвзагæй* ***Бес-Уæгъуыры*** *тæлмацтæ*



*Дудараты Вероникæ.*

*ГОДЖЫЦАТЫ Нелли*

# КÆД МÆМ ÆРХАУИД АМОНД…

* * *

**Ды уарзт нæ рамбылдтай æвзагæй,**
**Ды йæ хæрзæгъдауæй ыссардтай.**
**Æмæ сыгъдæг цæстæнгас рагæй**
**Мæ фæдыл саст зæрдæйæ дардтай.**

**Æз дæр дын бамбæрстон дæ сагъæс.**
**Уыдтæн мæ уарзтамондæй разы.**
**Мæ уд æвæрын ныр дæ разы —**
**Фæрнæй йæ айс æмæ йæ ахæсс!..**

**Æз-иу дæ мысыдтæн æнкъардæй.**
**Æрхуымæй мыл цыдысты азтæ.**
**Ныр та «хæрзбон у» — загътон мастæн.**
**Кæд мæм æрхауид амонд цардæй.**

* * *

**Æрцыдтæ... ’Гайтма мæм фæзындтæ!..**
**Иттæг нæ бæллыдтæн дæ уындмæ.**
**Уæддæр нæ кæсдзынæ мæ куыдмæ,**
**Уæддæр нæ фендзынæ мæ зынтæ.**

**Æз уарзт дæ цæстыты нæ федтон.**
**Æниу сæм, чи зоны, нæ кастæн.**
**Æз фаг мæ амондыл фæкуыдтон —**
**Кæд ногæй басудзынæй тарстæн?..**

**Ныр та мæ уадз, æмæ мæ цардыл**
**Æркæнон иунæгæй мæ сагъæс.**
**Æз раст дæн... Зулмæ дæр мæм ма кæс:**
**Æз демæ дзырд нæ уыдтæн ардыл.**

Ды та? Ды раст нæ дæ мæ разы.
Æниу нын афтæ уыди амынд...
Дæуæн уæддæр уыдзæни амонд —
Фыдвæнд дæр дын мæ цæст нæ уарзы.

Æниу... Цы дæ зонын æвзæрæй?
Æппæт дæр уыд, куыд æмбæлд, афтæ.
Ныр ацу! Кувын дын мæ сæрæй,
Зæрдæбынæй мын айс мæ арфæ.

Æрмæст æй зон, æмæ нæ фембæлд,
Нæ уарзт æнæхъуаджы нæ уыди,
Фæлæ нæхи фæндæй цы фехæлд,
Уый раздæр амайын нæ хъуыди.

* * *

Дæ сæр-ма, ма ’рæппар дæ курын —
Цæуынц нæ фæндæгтæ фæйнæрдæм.
Тæрсын — дæ рыст æнгас мæ зардæй
Мыййаг, куы нал бакома сурын.

Нæ, нæ! Ныууадз, мæ хур, дæ кæуын
Уыдзæн мæ зæрдæйæн рæхуыстау.
Тæрсын, дæу мысгæйæ нæ хъæуы
Куы цæуон мæймæ æз æххуысдзау.

Ныббар мын, ма мæм æрхæсс азым.
Æз дын дæ уды рыст æмбарын.
Мæ зæрдæ алкæуыл нæ уарын,
Æмæ нæ хъæуы йемæ хъазын.

* * *

Сыгъдæг уарзтыл дæ таурæгътæ нæ уарзын.
Нæ мæнг дунейы ницы ис æнусон.
Мæ царды федтон уал сайды ’мæ уал зыны —
Уæд ма дæм ныр куыд хъусон.

Ды раст дæ, о: мæ зæрдæ дурæй, дурæй.
Мæ сыгъдæг уарзт та ингæнау ныгæд у.
Мæ сонты боны ницы федтон хурæй —
Ныр тох кæнын æгъгъæд у.

Ыссар, мæ хур, кæй бауырной ныхæстæ,
Кæд тохмæ дæу нæ амоны дæ хъару.
Мæнæн мæ уд мæ фыддзардæй фæхъæстæ —
Мæ бон æууæндын нал у.

* * *

Зонын — дæ зæрдæ мыл риссы,
Фæлæ мын ма тæрс, мæ мад:
Уадз æмæ базонон искуы
Иунæджы цардæн йæ ад.

Зæрдæ кæй рахсайдта ардæм,
Уый мын нæ уыди рæдыд:
Ам дæр мæгуыр ысты н' адæм,
Ам дæр нæ зонынц рæвдыд.

Ма мын тæрс адæмы дамтæй —
Зонын мæ сæрæн йæ кад.
Амы æнафоны хъалтæй
Иу дæр мын не скæндзæн ад...

*1990*

## ДÆХИ МÆ ХИЗ

Нæ фæнды мæн, æмæ мæ артæй
Дæ амондмæ кæла цæхæртæ.
Фæстæмæ мын æри мæ зæрдæ.
Рæствæндаг! Сурын дæ мæ цардæй.

Æрмæст-иу амондгур куы цæуай,
Уæд-иу ныффæлдах дур мæ номыл.
Мæнæн мæ абоныл, мæ сомыл
Æрхауд æхсидæвтæ Хуыцауæй.

Нæ, нæ! Нæ бæллын æз æндæрмæ!
Хуыцау æмæ дæ разы раст дæн.
Мæнгард — нæ йæ хæссын мæ сæрмæ,
Мæ удæй та дæуимæ баст дæн.

Хуыцауæй æз куырдтон хæрзиуæг,
Æмæ мын цард зынтимæ радта.
Хъысмæт мæ амондæй фæтардта,
Æмæ дзы баззадтæн хæрзиунæг.

Дæхи мæ хиз! Æз фарн нæ хæссын,
Нæ зонын йе 'гъдæуттæ æфсинæн,
Æз аргъ кæнын нæ зонын цинæн,
Фыдохы не ’вдисын мæ цæссыг.

Мæнæн мæ бæллицтæ — æгъуыстаг,
Йæ фæд-йæ фæд нæ цæуын кадæн.
Мæрдтæм мæ сомыгæнæн — адæм,
Æмæ мæ фæндаг та — æлгъыстаг!..

*1990*

* * *

Сæфтон æмæ сæфтон...
Фыццаг уал дæу —
Æфсымæрау мын чи 'мбæрста
Мæ рыст,
Мæ сагъæс,
Мæ сомбоны кæмæй æвæрдтон
Ныфс...
Ныфс?
Æмæ йын уæд цы 'мбæрстон?
Уыдтæн æрра!
Дæ уарзт нæ бауырныдта мæн.
Ныр ма фæсмонæй цы ис?
Гъестæй æмгæрттæ цас уыд!
Æз сын нæ бамбæрстон сæ лæггад,
Уыдтæн дæрзæг,
Æнæзæрдæ.
Мæ бон!.. Цынæ 'рцæуы лæгыл:
Сæ хæрзтæ сын фыстон æвзæрæй —
Фæлыгъдысты мæ дард.
Мæн уыдон
Уарзынц абон дæр,

Фæлæ мæхæдæг...
Нæ мæ уырны ныр дæр-ма
Хорзвæнд.
Æмæ ма ноджы фесæфтон
Æз ме 'ууæнк адæмыл.
Хатыр мын уый тыххæй.
Фæлæ цы кæнон,
Кæд æууæнк
Тыхæй хъаргæйæ нæу,
Гъестæй хæрзвæнд дæр.
Цы ма ис адонæй
Зынаргъдæр.
Æз бадын къæсæрыл,
Мæ къух — быцæу мæ сæрмæ.
Мит уары, æмæ æвæры
Фæндæгтыл хъæпæнтæ.
Мæгуыры бон мыл ис.
Æмæ ма ноджы
Мæ фыдæлтæ —
Хæссын сæм фаутæ,
Домын сæ цыдæртæ.
Мæ хæдзары
Мæ зæрдæ нал и.
Чызг дæн мæ фыдæн.
Кæсынц мæм зулмæ
Хиуæттæ,
Нæ мæ хæссынц сæ сæрмæ.
Куыд зын у, лæг куы схицæн уа
Йæ дзугæй,
Уæд хауæггаг вæййы
Йæ сæр æнустæм.
Фæлæ мæ курæг ацæуын
Нæ фæнды.
Фæлтау — мæлæт.



*Ацы къамы уынут Цопанаты Убайы чызг Дауханы. Цæуы йыл 103 азы. Райгуырди Хæтæлдоны. Æрыгонæй баззади сидзæрæй æмæ хъомыл кодта йæ фыдыфсымæры хæдзары. Бирæ тухитæ бавзæрста йæ царды, уæлдайдæр Фыдыбæстæйы Стыр хæсты азты — уæд Даухан куыста колхозы. Ныртæккæ цæры Дзæуджыхъæуы, у цоты, цотыцоты æмæ цотыцотыцоты хистæр.*

*ДЗАБАЙТЫ-КЪЕСАОНТЫ Таисæ*

# ХО ÆМÆ ÆФСЫМÆРЫ АРГЪАУ

Раджы-ма раджы цардысты хъæдгæс æмæ йæ ус. Уыдис сын чызг æмæ лæппу. Хъæдгæсæн йæ ус амард. Æрхаста дыккаг ус. Уалынджы та хъæдгæс йæхæдæг дæр амард. Хо æмæ æфсымæр баззадысты фыдыусимæ. Лæппу фæхъомыл æмæ цыди цуаны. Чызг та хæдзары зилæнтæ кодта. Æфсымæр цуаны цæугæйæ алы хатт фыдыусæн фæдзæхста: «Æна, дæ зынг макуы ахуыссæд къонайы». Сылгоймаг архайдта зынг ма ахуыссыныл. Фæлæ иухатт ферох кодта къонайы зынг фæныкæй бæстон банордын, æмæ зынг бахуыссыд.

Ныккатай кодта фыдыус. Хæдзары сæрмæ сгæпп ласта. Къухы ауунæй акаст уæд иуæрдæм, уæд иннæрдæм. Хъæды дымæджы ныуусыдта фæздæг. Азгъордта фæздæгмæ. Бахæццæ иу мæгуыр къæсмæ. Дуары зыхъхъырæй бакаст. Мидæгæй бадти уæйыг. Ус æм бахудт. Уæйыг æм дзуры:

— Дæ амонд бахæр! Куынæ мæм бахудтаис, уæд дын цы уыдаид, уый федтаис. Цы дæ хъæуы?

— Мæн зынг хъæуы, — фыртæссæй сдзырдта ус.

Уæйыг ын уæд афтæ зæгъы:

— Мæнæ дын сыхырна, фæнык дзы ныккæн йæ сæрыл та зынгтæ.

Сылгоймаг, уæйыг ын куыд загъта, афтæ бакодта æмæ, дæ хъуыддаг раст,

йæ хæдзармæ рараст, йæ фæстæ фæнычы фæд уадзгæ. Йæ хæдзары арт куыд кодта ус, афтæ уæйыг йæ уæлхъус алæууыд. Лæппуйы æрцыдмæ ус уæйыджы бамбæхста. Уалынмæ уый æрхæццæ. Йе 'ккой сырды мард, йæ фæстæ къала бæлас, сыфцæй ласгæ, афтæмæй. Фыдыус ын йæ разы фынг авæрдта хæрд нозтимæ.

Цас рæстæг фæцардысты ус æмæ уæйыг сусæгæй, Хуыцау йæ зонæг. Чызгмæ бадодой кодтой: куы срæдийа — йе сæфт уыдзæн.

Иуахæмы та лæппу цуаны куы ацыд, уæд уæйыг сылгоймагæн загъта:

— Цас æмбæхсдзыстæм? Исты амал кæнын хъæуы дæ «фыртæн».

— Хъаруйæ йын ницы бакæндзынæ. Йæ фыд дæр арсы фæлдæхта. Хинæй йыл куы нæ рацæуай, уæд, — загъта фыдыус.

Æхсæвæй-бонæй хъуыды кодтой. Стæй иу бон ус зæгъы:

— Æз ын дзабыртæ бахуыйдзынæн, сæрак дзабыртæ. Куыддæр сæ йæ къæхтыл акæна, афтæ йæм рагæпп кæндзынæ. Фæхъæбысæй-хъæбысмæ уыдзыстут æмæ йыл фæтых уыдзынæ: сæрак быргæ кæндзæн...

Изæрæй лæппу æрхæццæ — къала бæлас йæ фæдыл, сырды мард йе 'ккой. Йæ размæ рауад йæ фыдыус æмæ йæм фæлмæн хъæлæсæй дзуры:

— Мæ фæрстæ дын фехæлой, дæ дзабыртæ ныскъуыдтæ сты. Ног дзабыртæ дын бахуыдтон. Дæ къæхтыл ма сæ акæн.

Лæппу бацин йæ ног дзабыртыл. Куыддæр сæ йæ къæхтыл акодта, афтæ йæм уæйыг рагæпп ласта æмæ йыл йæхи ныццавта. Лæппу фæуыргъуыйау, стæй фæхъæбысæй-хъæбысмæ ис уæйыгимæ. Ног дзабыртæ кæд зæххыл нæ хæцыдысты, уæддæр лæппу уæйыгыл уæлахиздæр кодта, æмæ йæ а-ныр æрфалдаха, зæгъгæ, афтæ фыдыус лæппуйы къæхты бын æмбыд фæткъуытæ бакалдта. Уый фæбырыд æмæ æрхауд...

Уæйыг мард лæппуйы былæй аппæрста.

Хо æхсæв дæр æмæ бон дæр йе 'фсымæрыл куыдта. Цас фæкуыдта, чи зоны, фæлæ иу хатт йæ уæлæ скодта йе 'фсымæры уæлæдарæс, йæ сау нымæт ын йæ уæхсчытыл баппæрста, райста фат æмæ æрдын, сбадти бæхыл æмæ ацыд йе 'фсымæры мардмæ. Батыхта йæ сау нымæты, абадт йæ бæхыл æмæ хъæдмæ атъæбæртт ласта.

Бæх баурæдта тæрс бæласы раз. Æргæпп кодта бæхæй.

Æфсымæры мард æрæвæрдта зæххыл, Хуыцаумæ скуывта:

— Хуыцæутты Хуыцау, мæхи Хуыцау, афтæ бакæн, æмæ бæлас куыд афæда.

Бæлас ныккъкъæр-къæр кодта, афаст сæрæй бынмæ. Хо нымæты йе 'фсымæры мард бавæрдта фаст бæласы. Æмæ та скуывта:

— О, Хуыцау, уадз æмæ бæлас баныхæсæд, куыд уыди, афтæ.

Бæлас баныхæст. Дзурынц, уæдæй фæстæмæ, дам, бæлас фадын комы.

Хо бæхмæ сгæпп кодта æмæ адугъ кодта, йæ цæст кæдæм уыдта, уырдæм. Цас дугъы фæуад, чи зоны, фæлæ бахæццæ иу хъæумæ. Ам æлдар йæ чызджы моймæ лæвæрдта, цæджындзыл цæппузыр чи сæргъæва фатæй, уыцы лæппуйæн. Фæлæ иунæг усгурæн дæр нæ бантыст цæппузыр акъуырын. Хо рог æргæпп кодта бæхæй, фæсивæдæн салам радта æмæ сæ ракуырдта бар, цæмæй уый дæр йæ амонд бавзара.

Бар ын радтой, уæдæ куыд. Хо æрлæууыд, ныттынг и æрдынбос, ныхъхъавыд æмæ... фат цæппузыр дыууæ дихы фæкодта. Æлдар æм рацыд æмæ йын афтæ зæгъы:

— Лæппу, мæ чызджы дæуæн дæттын. Кæд æй хоныс, абон æви фæстæдæр?

Чызг-лæппу æлдарæн акуывта æмæ зæгъы:

— Кадджын æлдар! Абон нæ, мæ фæндаг дард у.

Йæ бæхыл абадт æмæ уадау атахт. Цас фæцыд, бирæ æви чысыл, фæлæ та бахæццæ иу хъæумæ. Ам дæр фæсивæд æрæмбырд сты: къньаз йæ чызджы дæтты, тæхгæ-тæхын арвы тыгъдады цъиу чи сæргъæва, уыцы рæстдзæвин лæппуйæн.

Бирæ усгуртæ сæ амонд æвзæрстой, фæлæ сæ армы нæ бафтыд. Хо ракуырдта бар йæ амонд бавзарынæн. Радтой йын бар, уæдæ цы.

Ныхъхъавыд чызг-лæппу. Ныттынг и æрдынбос. Ауагъта фат, æмæ цъиу дурау æрхауд.

Рацыд къньаз æмæ дзуры:

— Лæппу! Мæ чызг дæу у. Кæд æй хоныс?

Чызг ын акуывта йæ сæрæй æмæ зæгъы:

— Кадджын къньаз. Ахондзынæн æй. Ныртæккæ мын рæстæг нæй.

Сгæпп ласта йæ бæхмæ æмæ азгъордта.

— Цас згъордта, бирæ æви чысыл, Хуыцау йæ зонæг, фæлæ та бахæццæ иу хъæумæ.

Ацы хъæуы та паддзах йæ чызджы лæвæрдта ахæм лæппуйæн,

дзаг нуазæн æвдæм уæладзыгмæ йæ чызгмæ чи схæсдзæн. Бирæ усгуртæ сæ арæхстдзинад æвзæрстой, фæлæ сæм амонд нæ бахудт. Хо бæхæй рог æргæпп кодта, фæсивæдæн салам ратгæйæ, бар ракуырдта, цæмæй уый дæр йæ амонд бавзара.

Бар ын радтой, уæдæ куыд. Дзаг нуазæн райста йæ къухмæ æмæ фæхæрд кодта асинтыл æвдæм уæладзыгмæ. Иу æртах дæр дзы нæ акалд, афтæмæй нуазæн паддзахы чызгмæ радта.

Паддзах æм рацыд æмæ йын афтæ загъта:

— Дæттын мæ чызджы дæуæн. Кæд æй хоныс?

Хо йын ныллæг акуывта йæ сæрæй æмæ афтæ загъта:

— Цытджын паддзах, абон æй хонын.

Кæрты æрлæууыд сызгъæрин къарет, дыууæ сырх бæхы дзы ифтыгъд. Рахуыдтой паддзахы чызджы æмæ рафæндараст сты. Бахæццæ сты хъæумæ, кънйаз кæм цардис, уырдæм. Кънйаз йæ чызджы рарвыста æвзист къареты, дыууæ урс бæхы дзы ифтыгъд. Цæуынц, згъорынц дыууæ къареты. Цас фезгъордтаиккой, чи зоны, фæлæ уалынмæ бахæццæ сты æлдары хъæумæ. Æлдар та йæ чызджы рарвыста æрхуы къареты, сау бæхтæ йæ скъæфтой.

Дзыгъал-мыгъул кæнгæ згъорынц æртæ къареты æртæ чындзимæ. Чызг-лæппу йæ уадæмдзу бæхыл уæд иу къареты раз балæууы, уæд иннæйы рæзты азгъоры. Тыхсы, катай кæны, цы уыдзæн? Куыд кæндзæн?..

Мæнæ бахæццæ сты цъæх фæзмæ. Æрлæууыдысты аулæфынмæ. Чызг æргæпп кодта йæ бæхæй. Къареттæй рахызтысты æртæ чындзы, сæ иуæй иннæ рæсугъддæр. Хо сæм кæсы æмæ сæрыстырæй афтæ загъта:

— Хонгæ уæ кæнын, фæлæ нæ зонын, кæмæ уæ цы лæджыхъæд ис, уый.

Чындзытæ кæрæдзимæ бакастысты, ома кæцы сæ у хистæр, кæмæн сæ ис дзырды бар раздæр.

— Хистæр уæ у — фыццаг кæй рахуыдтон, уый.

Æмæ уæд паддзахы чызг æфсæрмдзæстæй загъта:

— Ницы уыййас лæгдзинад мæм ис, фæлæ, адæймаг уæнг хъуаг куы уа, уæд æй мæ бон у баххæст кæнын.

— Мæнмæ дæр ницы уыййас лæджыхъæд ис, — загъта кънйазы чызг, — фæлæ адæймаг цæст хъуаг куы уа, уæд ын мæ бон у цæст радтын.

— Мæнмæ дæр ницы уыййас лæджыхъæд ис, — загъта æлдары чызг, — фæлæ мæ бон у адæймаджы уд бауадзын.

Чызг-лæппу, йæ цин æмбæхсгæйæ, сгæпп кодта йæ бæхмæ æмæ афтæ зæгъы:

— Сбадут уæ къаретты. Æз разæй адугъ кæнон, мæ мад æмæ фыдæн фæхабар кæнон. Мæ фæстæ фагæ* пырх кæндзынæн, уый уайтагъд æвзæрдзæн æмæ уын фæндаг амондзæн.

Чындзытæ абадтысты алчи йæ къареты æмæ араст сты фагæ пырхгонд фæндагыл.

Чызг-лæппу уæдмæ бахæццæ тæрс бæласы размæ. Æргæпп кодта йæ бæхæй æмæ скуывта:

— О, Хуыцау, мæхи Хуыцау! Афадæд бæлас, æмæ æз мæ мард æфсымæры райсон.

— Бæлас афаст сæрæй бынмæ. Хо райста йе 'фсымæры мард нымæты тыхтæй. Æмæ та скуывта Хуыцаумæ, цæмæй бæлас куыд уыди, афтæ баныхæса. Бæлас баныхæст.

Чызг бæласы бын айтыгъта сау нымæт. Йе 'фсымæры мард адзæбæхтæ кодта æмæ æрбадт йæ къæхтæм. Æнхъæлмæ кæсы, уæдæ кæд фæзындзысты чындзытæ. Уалынмæ йæ хъустыл æрцыд къаретты дзæгъ-дзæгъæгты дзинг-дзинг. А ныр фæзындзысты, зæгъгæ, уæд йæхи къутæры рæбын амбæхста æмæ уырдыгæй касти, куыд æмæ цы кæндзысты чындзытæ, уымæ.

Къареттæ кæрæдзийы фæдыл æрфистæг сты бæласы раз. Чындзытæ кæсынц — сæ сæрыхицау мардæй сау нымæтыл. Тынг бахъыг кодтой... Æрлæууыдысты марды уæлхъус.

Паддзахы чызг йæ къухтæ æрхаста мард лæппуйыл æмæ, цы уæнг хъуаг уыди, саст кæм уыди, уыдон ын байгас сты.

Астæуккаг чындз — кънйазы чызг йæ къух æрхаста марды цæстытыл.

Фæстагмæ бацыд кæстæр чындз — æлдары чызг. Йæ къух æрæвæрдта мард лæппуйы галиу риуыл, стæй æртæ хатты йæ къухтæ ахаста мардыл къахæй сæрмæ... Лæппу базмæлыд. Ракаст. Йæхи аивæзта æмæ зæгъы:

— Цы бирæ фæфынæй кодтон!

Паддзахы чызг æм дзуры:

— Цанæбæрæг афынæй дæ. Нæ разæй куы цыдтæ?

Лæппу сыстад. Йæ цæст ахаста чызджытыл, къареттыл. Базыдта йæ нымæт, йæ бæхы. Ныддис кодта, фæлæ ницы сдзырдта. Уалынмæ йæ бæх ныммыр-мыр кодта. Хо дæр къутæры

* Фагæ — дыгуронау еуу (Ред.).

фæстæйæ рацæйцыд, фæлæ йæ фырцинæй тæрхъус фестад. Йе 'фсымæры размæ нал рауæндыд тæрхъусæй рацæуын æмæ кæугæ бамбæхст хъæды.

Æфсымæр бæласы раз сарæзта хæдзар æмæ йæ æртæ усимæ цæрынтæ райдыдта. Афæдзы бонмæ æртæйæн дæр кæрæдзи фæстæ лæппутæ райгуырд.

Иу бон куы уыдис, уæд æртæ усы сæ авдæнтæ хурбадæнтæ бæласы бынмæ рахастой. Кæсынц, æмæ кæцæйдæр фæзынд тæрхъус æмæ сывæллæттыл цинтæ кæны. Мадæлтæ йæ асхойынц, фæлæ та иннæ авдæнмæ базгъоры. Уырдыгæй дæр та йæ асурынц. Цæстысыг калгæ тæрхъус бамбæхст къудзийы фæстæ æмæ каст сабитæм, цалынмæ авдæнтæ мидæмæ нæ бахастой, уæдмæ...

Афтæ алы хатт, куыддæр та авдæнтæ хурбадæнмæ рахæссынц, уæд та тæрхъус фæзыны. Æмæ та йæ мадæлтæ схойгæ асурынц. Сæ сæрæн куы нал уыдысты тæрхъусæй, уæд паддзахы чызг йæ лæгæн афтæ зæгъы:

— Сывæллæтты нын хурбадæнмæ рахæссæн нал ис, фæзыны цавæрдæр тæрхъус. Хъыг дары сывæллæтты. Иу авдæнæй йæ асурæм — иннæмæ базгъоры. Нал дзы фæразæм.

— Хорз, — загъта лæппу, — дæлæмæ дæр æмæ уæлæмæ дæр — тæрхъус.

Уыцы бон цуаны нæ ацыд, фæлæ йæхи бамбæхста. Авдæнтæн дæр хурбадæнмæ сæ рахæссын æмæ тæрхъусæн дæр йæ фæзынд. Авдæнмæ куы иу сывæллоныл цин кæны, куы иннæйыл.

Æфсымæр рагæпп кодта йе 'мбæхсæнæй, а ныр тæрхъусы рацахса, зæгъгæ, афтæ уый йæхи фæтылиф кодта, алыгъд хъæдмæ. Лæппу йæ бæхыл абадт æмæ суры тæрхъусы. Тæрхъус лидзы, уæд иу къудзийы бын амбæхсы, уæд иннæйы. Фæлæ йын иу фæзилæны нæ бантыст йæхи амбæхсын æмæ лидзы, лидзы... Цас лыгъди, Хуыцау йæ зонæг, фæлæ райдыдта фæллайын, æфсымæр æй æрбаййафы...

Се 'хсæн ма фатæхстбæрц хъæды мидæг куы аззад æмæ та æфсымæр йæ æрдынбос куы ныттынг кодта, а ныр растдзæвæй фат ауадза тæрхъусыл, зæгъгæ, афтæ тæрхъус йæ фæстаг къæхтыл алæууыд фыртарстæй: йæ галиу фарсæй туг тагъдис, йæ рахиз фарсæй та — дон фемæхст, афтæмæй сдзырдта:

— Ма фехс, ме 'фсымæр! Мæ галиу фарсæй цы туг тæдзы, уый у, хъæды тæрхъусæй цæргæйæ, ме знæгтæй мæхи хъахъхъæнгæ пыхсытыл æмæ къутæртыл пырхæнтæй цы туг

фæкалдтон, уый. Мæ рахиз фарсæй та кæлы дон — уый та у мæ цæстысыг, дæуыл кæй фæкуыдтон, уый!..

Æмæ тæрхъус чызг фестад. Лæппу бæхæй æргæпп кодта. Базыдта йæ хойы. Йæ хъæбысы йæ фелвæста æмæ загъта:

— Æз дæу агуырдтон...

Хо радзырдта хабæрттæ æфсымæрæн. Чындзытæ дæр ходыгъды авд базы сæр дардтой фырбуцæй.

Раст уыцы рæстæг сæ фыдыус, уæйыгимæ кæй цæры, уый фæдыл кодта куывд. Лæппу дæр фехъуыста куывды хабар æмæ йæ хойæн афтæ зæгъы:

— Нæ фыдыусимæ аныхас кæныны рæстæг æрцыд. Нырмæ дæр æй бакодтаин, фæлæ дæу агуырдтон.

— Æз дын фæнд нæ кæнын, фæлæ сæ маргæ ма акæн, — загъта хо.

Æфсымæр йæхи арæвдз кодта. Абадт йæ бæхыл æмæ атъæбæртт кодта. Уайтагъд æрфистæг йæ хæдзары раз. Кæрты, уынгты адæмæй къух бакæнæн нæ уыд. Авд рæгъæй фынгтыл бадынц адæм. Лæппу бæхæй æргæпп ласта. Фынгмæ йæ хуыдтой кадджын уазæгау, фæлæ нæ бакуымдта. Фыдыус базыдта хæддзу уазæджы æмæ афæлурс.

Уазæгмæ æмбæлæггаг радтой. Райста нуазæн лæппу æмæ афтæ дзуры адæммæ:

— Хорз адæм! Кæд æз мæ фыдыусы раз аххосджын дæн, уæд арвмæ æрвитын сагъæдахъы фат. Раздæхæд фæстæмæ æмæ мæ сæры ныссæдзæд. Кæд æмæ ницы аххосджын дæн, уæд та фат раздæхæд дыууæйæ, иу ныссæдзæд мæ фыдыусы сæры, иннæ та — уæйыджы сæры.

Адæм схор-хор кодтой, ныххатыр сын кæн, зæгъгæ.

Фæлæ лæппу нуазæн фынджы кæрон æрæвæрдта. Ауагъта хæрдмæ сагъæдахъы фат. Фат стахт æгæрон арвы тыгъдадмæ. Фæстæмæ раздæхт дыууæ фатæй, сæ иу фыдыусы сæры нынныхст, дыккаг та — уæйыджы сæры.

Æфсымæр йæ бæхы фесхуыста æмæ атъæбæртт кодта йæ хо æмæ йæ бинонтæм йæ фыды хæдзармæ сæ æрхона...

Аргъаумæ чи хъуыста, уыдон мын бирæ фæцæрæнт.

*1942 азы мын æй радзырдта мæ мад Заретæ.*



*Адырхаты Светланæ.*

*ДУЛАТЫ Симæ*

# ДЫУУÆ НЫВЫ

## ФАРАСТ ГАЛЫ

Цгъойты Саулохыл цыппæрдæс азы куы цыдис, уæд сæ сыхæгтæм сæмбæлдысты уазджытæ. Фысымтæ адзырдтой кæмæдæрты, æмæ дзаг фынджы уæлхъус бадæг лæгтæ баисты фараст.

Фæдзырдтой Саулохмæ, уырдыг алæууу, зæгъгæ. Бадынц уазджытæ, хæрынц, нуазынц, лæууы сын дзагдарæй Саулох.

Куыддæр уазджытæ сыстадысты, афтæ Саулох хъæмæ фæцæуæг. Фысымты ус батыхст, æнахъом лæппу уырдыг фæлæууыд æмæ ницы ахордта, зæгъгæ. Атыхта хæринæгтæ йæ раздарæны æмæ балæууыд сыхæгтæм.

Саулохы мад Гæда æмæ хуынхæссæг ус дзурынц Саулохмæ:

— Лæппу, рауай исты ахæр!

— Нæ, æз ницы хæрын, фæллад дæн, — загъта Саулох.

— Уæууа, ма фæрынчын у, — батыхстысты устытæ.

— Нæ, рынчын нæ, нæ дæн рынчын, фæллад дæн. Куыд нæ уон фæллад: фараст галæн хæринаг æмæ нозт фæлæвæрдтон, æмæ мæ сæ иу дæр сыкъайæ не 'сцавта.

Устытæ йын йæ дæлгоммæ ныхас нæ бамбæрстой, æмæ сын уæд Саулох загъта:

— Нуазæнæн ирон фынгыл стыр кад

ис, фæлæ фараст лæгæй иу дæр не ’рхъуыды кодта кæстæриуæггæнæг лæппуйæн нуазæн раттын.

## АХÆСТОНГÆС

Саулох-иу Бæтæхъойыхъæуы арæх уыдис йæ хо Наккæйы бæрæггæнæг. Иухатт ахæм хабар схаста. Хъæуккаг лæг, дам, куыста горæты ахæстоны цыдæр хицауæй. Æмæ йæ сыхаг мæгуыр лæджы акодта уырдæм кусынмæ, кæд сæхиуыл гыццыл фæхæциккой, æхцайы куыст куы кæна, уæд, зæгъгæ. Колхозыиу сын фæллойбонтæ бæргæ уыдис, фæлæ адæм афæдз хæрыны фаг нæ истой сæ куыстæн.

Уæд мæгуыр лæг нæ уырыссагау зыдта, нæ иу, афтæмæй райдыдта кусын ахæстонгæсæй. Цас бакуыста, чи зоны, фæлæ иу бон йæ рад куы уыдис, уæд æртæ ахст лæджы алыгъдысты — дыууæ нæлгоймаджы æмæ иу ус.

Æрцахстой мæгуыр лæджы, кæд сæ дæхæдæг зонгæ-зоныны ауагътай, зæгъгæ. Тæрхоны бон æрæмбырд сты адæм — йæ хæстæджытæ, йæ зонгæтæ. Æрбацыдис иу хæрзхуыз прокурор дæр. Райдыдта тæрхон. Тæрхонылæг фæрсы мæгуыр лæджы:

— Правда, что на твое дежурство убежали три человека?

Мæгуыр лæг зæгъы:

— Нет, не есть так дело, бежать делал два чилавика и один женщина.

Цæй тæрхон æмæ ма цæй цыдæр. Суанг хæрзхуыз прокурорæн дæр йæ бон нал уыд фырхудæгæй...

Хъæуккаг лæджы нæ бафхæрдтой.



*Бутаты Фатимæ,*
бонырухсау рухсгæнæг
электрон цырагъ æрхъуыдыгæнæг.

*КОКОЙТЫ Эльзæ*

# ДЫ АЦЫДТÆ...

* * *

*О ветер, ветер.*
*Спасибо, ветер.*
***Николай Рубцов***

**О, бузныг, дымгæ,**
**Кæй мын дæ ’мбалæн.**
**Фысымуат иумæ**
**Мах ам нæ уарæм.**
**Мæ рыст, мæ тыхстæн**
**Амал нæ арын.**
**Æз доны былтыл**
**Мæ фæндаг дарын.**
**Дæу та цы суры?**
**Зæгъ-ма мын, дымгæ,**
**Цы мæстæй лидзыс**
**Дæ тыргъæй уынгмæ?**
**Кæдæм ыскодтай**
**Дæ фæндаг ды,**
**Мæн уый базонын**
**Уæддæр фæнды.**
**Æниу дын арфæ,**
**Кæй мын дæ ’мбалæн,**
**Фæндаджы дæргъ мах**
**Ам иумæ барæм.**
**Æмæ дын бузныг**
**Кæй дæ, мæ удæн**
**Кæй мæ рæвдауыс**
**Дæ тызмæг худтæй.**
**Дæ уынгæг æхситт**
**Ысхъауы зæрдæ.**

Хæнт-хус сыфтæртæ
Кæлынц лæзæрдæй.
Ысхъауы хъустæ
Сæ рог сыр-сыр.
Мæйдар æхсæвы —
Мах иумæ ныр.
Кæцæйдæр зæлы
Кæйдæр фæндыр.
Тæхудиаг у
Йæ хъæлдзæг мыр.
Æрсабыр дымгæ,
Бæлвырд, æрфынæй...
Уæларвы дагъы
Нымбæхст æрхуы мæй.
Тæрс бæласы бын
Ыскодтон арт.
Æхсæвы хъæбыс —
Уæззау, æнкъард.
Кæцæйдæр зары
Кæйдæр фæндыр,
Тæлфы, ызмæлы
Йæ хъæлдзæг мыр.
Зæгъ-ма, цæмæн та
Фæзындтæ ныр
Æмæ та ’рбадтæ
Мæ удрæбын?
Мæ уарзты къæсæй
Фæлыгътæн дард.
Фæлæ у ам дæр
Мæнгард мæ цард.
Мæйдар æхсæв у
Мæ талынг къæс.
Фæндаджы уазал
Мæныл æртæфст.
Цæмæн ма ’рхизыс
Мæ размæ, зæгъ?
Мæ цæссыг фестад
Сæууон æртæх.
Ныууагътай иунæг...

Фæндаджы был.
Фæтасы салд зæхх
Мæ зæнгты бын.
Мæ салд æнгуылдзтæ
Нæ хатынц уазал.
Æхсæвы тар мæм,
Тæрсæнау, растад...

## АЦЫДТÆ...

Уды тæгтæй дæ
Куы уарзтон.
Фæлæ...
Нæ бамбæрстай ды.
Ацыдтæ.
Иунæг ныууагътай
Уазал фæндаджы
Былыл.

Арвыл
Зырнæджытæ ’рзилынц.
Арвы тыгъдад сын
У гом.
Ацыдтæ, фæлæ
Мæ риуæй
Сурын нæ комы
Дæ ном.

Дымгæ ысхъиуы,
Ысризы.
Митпакъуы здыхсгæ
Хæссы.
Ихуазал зæрдæмæ
Хизы,
Ихцæссыг рустыл
Тæдзы.

Уды тæгтæй дæ
Куы уарзтон.

Фæлæ...
Нæ бамбæрстай ды.
Ацыдтæ,
Иунæг ныууагътай
Ихсалд
Фæндаджы
Былыл.

## ЛЕЙЛÆЙЫ СУСÆГ ФЫСТÆГ СУЛТАН-УРАГАНМÆ

Ирд сæууон фæрдыг-æртæхтыл
Лидзын гомкъахæй дæумæ...
Ды æрцæуыс ’мæ фæцæуыс.
Æз кæдмæ кæсон, кæдмæ?

Ды нæ рахатыс мæ сагъæс,
Ды нæ рахатыс мæ уарзт.
Хуры фыртау — хъарм фæкаст,
Ме стыр цин дæ æмæ маст.

Зонын, ногæй та зындзынæ
Ды нæ рухс горæтмæ. ’Рмæст
Æз цы хуызы дын зæгъдзынæн
Ме знæт, сусæг уарзты мæт?

Уалдзæг булæмæргъы зардау
У дæ уаз хъæлæсы мыр.
Æз дæу не ссарынæй тарстæн,
О, дæу фесафынæй, — ныр...

Зæрдæ знæтæй сризы риуы,
Цæссыг феккуырсы, æваст.
Æмæ иу уд дæр нæ зоны
Не стыр сусæг уарзты маст.

...Ирд, сæууон фæрдыг æртæхтыл
Ды мæ развæдыл лæууыс.
Се ’хцон, ирд, хуылыдз æвнæлдау,
Айс мæ хъарм цæнгты рæхыс...

## ДЫ НЕ ’РЦЫДТÆ...

**Цыма уд**
**Ауыгъд уыд тæбыныл,**
**Кæм-ма лæууыд**
**Æрхъæцмæ?**
**Ды не ’рцыдтæ,**
**Æмæ мæ быны**
**Зæхх тасыди,**
**Ныкъкъæдзтæ.**
**Мæ сæрмæ —**
**Назы цонгыл цъиу,**
**Цъыбар-цъыбуртæ систа.**
**Цымæ цы цин æрцыд,**
**Цæуыл,**
**Кæй цины зард**
**Нывæста?**
**Æмæ йæм**
**Бакодтон хæлæг,**
**Цæй хъæлдзæг уыд**
**Йæ зæрдæ,**
**Уый хъустæ ахстой**
**Уаз хъæлæс**
**Нæ амондджын**
**Изæртæй.**
**Æмæ мыл арвæй**
**Ивылд мигъ**
**Ныххаутæ ’мæ**
**Лæзæрдæй...**
**Уым**
**Назы цонгыл**
**Бурдым цъиу**
**Нæ, нал æнцад**
**Йæ зардæй.**

## ДЫУУÆРÆНХЪОНТÆ

* * *

**Кæй дарыс кæ, зæгъ, азымы,**
**Нæ базыдтай кæд уарзын ды.**

* * *

Æфсæйнагæн ис донгæнæн.
Æнгом бинонтæ — номгæнæг.

* * *

Цы ныккодтай кæйдæр худы,
Дæхи худ дыл куы ныххуды.

* * *

Кæйдæр бæхыл цы бабадтæ, —
Дæхи бæхæй куы рахаудтæ!..

* * *

Кæйдæр мадæй дын раздæр уал
Дæхи мад хъуамæ уаздæр уа.

* * *

Чи ныууæй кодта йæ бæстæ,
Уымæн чи скæудзæн йæ фæстæ?..

* * *

Цард æфхæрды дæр рæвдауы,
Рухс тынтæ йыл хатт æфтауы.

## УСГУРЫ ЗАРÆГ

Донбылгæрон арæх бады
Саурæсугъд чызгай.
Ехх! Тæхуды 'мæ дæ царды
Уый фæуæд дæ хай!

Арæх мæн мæ къах фæхæссы
Донбылмæ цæрдæг.
Фæлæ йæм мæ ныфс нæ хæссын
Бацæуын хæстæг.

Арт мыл сирвæзы йæ уындæй,
Сгуыпп кæны мæ уд.
Риуы арфмæ, салд цæссыгтæ,
Сусæгæй кæлут.

Доны уылæнтæй цы курынц
Сау дыууæ цæсты,
Ехх! Мæ зынгыл, уый базонын
Мæн куыд тынг фæнды!

Артуадзæг цæстыты кастæй
Донуылæн тæлфы.
Ехх! Куы басудзин сæ артæй,
Мæн куыд тынг фæнды!

## АВДÆНЫ ЗАРÆГ

Буц хъæбул
Гыццийæн ис,
Базон-базон,
Уый кæм ис?
Мæнæ авдæны
Хуыссы.
Сабыр, рухс фынтæ
Уыны.
'Рмæст æй бындз
Фынæй нæ уадзы,
Кæс,
Гуыз-гуызгæнгæ та
'Рбазылд
'Мæ та абадти
Йæ базыл.
'Мæ йыл хъазы,
'Мæ йыл зары,
Цыма 'ндæр бынат
Нæ ары.
Куы фæаууон вæййы,
Стæхы.
Ног æндæримæ æртæхы.
Хин,
Æнæсæттон цыдæр.
Гъей, бындзой,
Зæгъ-ма, кæдæм?!

**Ам дын исчи**
**Ничи нæу.**
**Ды нæ хъусыс мæн?**
**Æгъгъи!**
**Уæдæ**
**Де ’мбисонд**
**Дæхи...**

## ЗÆГЪ

**Дæуæй æрвгæрæтты**
**Куы лыгътæн,**
**Уæд та мæ фæндагмæ**
**Цы ’рхызтæ**
**Æмæ дæ цæстыты**
**Цъæх-артæй**
**Мæ риуы здыхсгæ арт**
**Цы ссыгътай?..**

# ХÆБЛИАТЫ САФАР: 75 АЗЫ





*Галиуырдыгæй рахизырдæм: Дзæхаты Игорь, Гаджиты Георги, Хостыхъоты Зинæ, Сафар.*



*Одессæ, 1991 аз.*

*ГУСАЛТЫ Барис*

# ХОРФЫЦÆН ХУРБОНЫ САТÆГ ИЗÆР

*Номарæн*

*Æгæуæг нæ уыдзынæн.*
**Хæблиаты Сафар**

...Фæстæмæ ивгъуыд бонтæм акæсай, æмæ цæст йæхи уартæ кæйонг дæрдтыл ахæссы!.. Рæстæджытæ, дугты фалейæ дæм сæрттивынц-бахудынц дæ царды дзадж-джындæрæн æмæ тæхудиагдæрæн мысинаг сахæттæ. Æмæ кæд рыстæмхиц удмæ сæ хæдуæлвæд зæрдæрхæндæггæнæг æнкъарæнтæ æрбагуылф кæнынц, уæддæр цы арфæйаг, цы табуйаг свæййы сæ сызгъæринвæлыст тæмæн, цы!

...Размæ акæсай, æмæ цæст уайтагъд йæхи фидæны хуыдалынг бæзджын фæлмыл сцæвы: æрбаввахс, æрбахæстæг дæ царды дыккаг бонæн йæ хурныгуылæн кæрон. Æмæ асидзæр вæййы, февæгæсæгау вæййы лæджы дзæбæх уд — йæхи кæмæ бакъул кæна, уый дæр ын нал аззайы: никæй хъомыс у Хуыцауы тæрхонæн цæлхдуртæ аразын. Сдудынц дæ цардцæрæнбонтæ иууыл тæригъæддаджы хъæстагæй, зæгъгæ, ницы бæллиццаг хæрзты бацыдтæ дæ удæн, хуссарварсы хъарм ын нæ фенын кодтай, нæ сарæхстæ буцæй йæ дарынмæ, нæ!

Фæлæ — хорз, æмæ уæдмæ мæлæтæн йæхицæй дæр нал фæтæрсыс, фыццагау ын айдагъ йæ койæ дæр нал схъиуыс æмæ йæ кæддæрау бынтон хæраймаг хъуыддагыл нал банымайдзынæ, удхæссæг дæм

æргомыздæхтæй гæппæвонгæй кæй æрлæууыд, уый — цæрын æмæ дын хæрыны афонтæ куыд уыд фæтк-æгъдауыл радæй, афтæ ныр та дæуыл æмбæлы иуварс алæууын æмæ лæгæвзарæн фæстаг уынгæджы бон цардæн хæрзбон, хорзæй баззай зæгъын.

*Æмæ — диссаг, нырмæ кæй никуы бавзæрстай, мæнæ ахæм æмбисонды æнкъарæн: дæхиуыл нæ, дæхи иунæг уды къоппайыл нæ, фæлæ миддзæссыгызгъалæн кæныс, де'мбай æмгæрттæй æдзардæй чи фæхъуыд, уыдоныл. Стæй ма æрмæст уыдоныл дæр нæ, æрмæст уыдоныл, фæлæ, дæхæдæг абон цы цытджын кары дæ, Хуыцауæй арфæйаг кары, раст ма уымæй дæр хистæр чи уыд дæ зæрдæйæн хæстæг адæмæй æмæ раджы кæддæр чи ахицæн, суанг ма уыдонæн дæр судзаггаджы мардæрцыдау батæригъæд кæныс, æмæ суынгæг вæййы дæ мæлинаг зæрдæ...*

*Гъемæ, чи зоны, æмæ дæ уæлхъус æрбалæууæг мæлæты уындæй дæр уымæн нал стъæлфыс, рагæй æрбацæуинаг, фæлæ уæддæр æнæзонгæ уазæгау æм æдæрсгæйæ уымæн сисыс дæ цæстытæ, æмæ дын æнæ дæ уарзон адæм ацы дунейы рухс дæ цардбарæг бонты рухс-рухсид кæй нал у, царды хорз ад дын, царды хæрзгæнæджы цин дын уыдон семæ кæй ахастой...*

*...Хъарутæ сысынц, уарзт та — нæ. Мæлдзыгæй пылмæ, фыццаг цæссыгæй фæстаг зарæгмæ уарзт...*

Мæ алыварс дуне ма мæхийау, кæддæрыккон мæхийау, хæларзæрдæ куы уыд, æвæллайгæ æрыгон æмæ ма мæм-иу исты хабæрттæ-хъуыддæгтæ, исты дзырдтæ-ныхæстæ диссаг куы кастысты, уæд мæ дисы бафтыдта поэт Алексей Фатьяновы зарæг:

*Соловьи, соловьи, не будите солдат,*
*Пусть солдаты немного поспят.*

Ома, зæгъын, уый та куыд у, æмæ булæмаргъы зарæг кæйдæр фынæй кæнын ма уадза...

Мæ фыдымад Гуымыдæ (Хъызмыдæ) Беслæныхъæуы хуыцаубоны базарæй æнгуз бæлæсты дыууæ талайы æрхаста. Скъахта сын дзыхъхъытæ — фаг арф, фаг фæтæн æмæ мæм дзуры:

— Рауай, æмраст хæц бæласыл, цалынмæ йыл сыджыт калын, уæдмæ. О, раздæр уал ын, хæдæгон, йæ астæуккаг уидаг акъуырын хъæуы, — тала зæххыл дæргъмæ æрæвæрдта æмæ йын цыргъ раст белæй иу цæхгæр цæфæн йæ астæуккаг даргъ уидаг йæ тæккæ хъæдрæбыныл ахауын кодта. Фæлæ та æнгуз

дзыхъхъы куыд æрцæйæвæрдта, йæ фылдæр къалиутæ хуссарырæдæм куыд уой, афтæ, уæд та йæ фæстæмæ фелвæста æмæ йæ ных йæ армæй рог бакъуырдта. — Хæдæгон, тъæпæн дур ын сæвæрын хъæуы йæ быны, тъæпæн дур, цæмæй дæлæмæ нæ, фæлæ хæрдмæ куыд рæза, афтæ. Мæнæ мæ куыд фæцæй рох кодта мæ мадырвад Зæнджиаты Убыхы фæдзæхст!

Æмбæрзæн ирон бæлæгъдур йæ астæуыл фæдыууæдихы кодта æмæ уал дзы иу ацы талайы дзыхъхъы бын æрæфсæрста, стæй йын бæлас йæ уæлæ æрæвæрдта:

— Ныр ыл хæц, куыд нæ фенкъуыса, афтæ.

Цы хорз у, ацы æнгузтæ æз Гуымыдæимæ ныссагътон, зæгъгæ-иу, мæ бон афтæ зæгъын кæй уыд кæддæриддæр, уый! Ахæм ныстуан та мын, æнхъæлдæн, бирæ фæстæдæр бакодта:

— Дæ адзалы къахыл куы ныллæууай, фæлæ ма дæ бон змæлын куы уа, уæддæр бæлас ныссадз: йæ дыргътæ йын чи хæра, уый дæ-иу арфæйагæй æрымысдзæн...

/Сафар, йæ зондимæ кæй сразы уыдаис, уый мæ тынг уырны.../

Егъау бæлæстæ систы æнгузтæ, фæлæ иу хъызт зымæг басыдысты, бахуыскъ сты. Æз уæдмæ афтыдтæн мæ райгуырæн къонайæ царды къæдз-мæдз фæндæгтыл куыстагур-цардагур. Хус æнгузтæ замманай сугæн бабæззыдысты, фæлæ сæ къодæхтæ талатæ суагътой, æмæ дзы не 'рвадæлты лæппу Дауырбег фæйнæ дыууæ ахъаззагдæры ныуагъта, æмæ та арвмæ фæцыдысты. Æрмæст та сын кæцыдæр зымæджы уазалтæ фæхъыг сты. Бахсæстон сын сæ хус къабузтæ, æмæ та сæм уалдзæг йæ хъарм, йæ царддæттæг мидбылты бахудт. Уый — æнгузтæм. Нæ кæрт та...

Иу артæй уæрст æфсымæртæ — мæ фыдыфыдыфыд Данелхадзы æмæ Темырсолтаны — байзæддæгты æртæ хæдзары æд уæрæхæвæрд кæртытæ фæрсæй-фæрстæм æвæгæсæгæй баззадысты, сæ нæлгоймаг бындартæй иу дæр хъæумæ æргомыздæхт нæ разынд. Æз ма æруай-æруай фæкæнын æмæ цæссыгдзаг зæрдæйæ фækæсын нæ кæддæры æмызмæлдгæнæг кæртытæм, бакувын, батабутæ кæнын Хуыцауæн, фæстæмæ сæ бабæзджын кæн адæмæй, зæгъгæ...

/Сафар, мæ дуне, ахæм хуызы кувинаг фæцис дæ уæрæх кæрт дæр.../

...Æмæ та мæнæ сæрд. Æмæ та къуырригæйттæ нæхимæ дæн хъæуы. Бæргæ, бæргæ, мæ тæккæ цумагæнæн дуг æрцыд,

кæстæриуæггæнджытæн уынаффæтæ хæссын æмæ сæ сæ сæххæст кæнын домын, фæлæ кувæг дæр дæхæдæг æмæ аходæг дæр: уæ фарн фынæй, фæлæ лæппу йæ ахуыры бын бакодта йæхи...

Æхсæвыцæстыл æхсызгон фæлладæй дæхи æруадзыс — кæм губакк кодтай картоф, кæм хæмпæлгæрдæг карстай цæвæгæй, кæм цъаммаруидаг гумай къахтай — Амырыкæй æрбафтгæ цæхæрадæтты рын, йæ домбай уидæгтæ 70 сантиметры бæрц ныллæсынц зæххы. Æмæ дзы иу сантиметры бæрц дæр куы аззайы æнæ сæппæрстæй, уæд та сыскъæры цъылинагæнгæс къудзитæ. Ноджы ма хурмæ дæвдæг хус бауæд йæ сойджын уидаг, ныкъкъæцæл уæд, фæлæ та мæры бын куы фæуа, уæд æнæмæнг райгас уыдзæн!

Йæ бонæй уа ахæм цæрæццагæй!.. Æмæ цы иронхуыз у йæ ном, уый та: гумай...

О, ныффæллайыс, тарф фынæй бавæййыс, фæлæ, хур куыддæр йæ сырхзынг къæлæт был Хъаспы денджызы арфæй сдары, афтæ та арвы дзаг зæлланггæнаг хъæлæсæй дунейы скондæн ныггимн кæны æнæнтыст булæмаргъ. Ныццæгъды гимн Хуыцауы сконд хорз дунейæн.

/Йæх, Сафар, Сафар.../

Æдзынæг ныккæсын æнгузы уæлæуæз къалиутæм, уæдæ кæм бады зарынмæ уыцы иблис дæсны цъиу, зæгъгæ: чысыл у, хæрз къаннæг, бынтон минкъи — армыдзыхъхъы бацæудзæн, фæлæ йæ цъæхснаг хъæлæс та...

А-гъа, уæлæ ис, æнгузы цъупмæ ’ввахс бæзджын сыфтæры аууон лыстæг хус къалиуыл бинонытæй бады æмæ ныййæлæлæй кæны авд æвзагæй, зæрдæйы авд арвы байтындзы йæ хъæлæсмæ.

Зары, æнæнтыст, зары, æмæ йæ нарæг хъæлæсы минмырон уылæнтæ æнхъæвзынц суанг уæлхурмæ, сæрдыгон стыр арв батыхсæгау кæны, кæд ацы булæ-булæ-булæмаргъæн фаг уæрæх нæу мæ тыгъдад, зæгъгæ, науæд уый афтæ ныццæлхъ ласид йæ зарæг, афтæ бæрзонд æй сисид, æмæ йын айзæлид Æрфæныфæды сæрты æндæр зарæгуарзаг дунетæм.

Зары æрвон чысыл маргъ. Зары æнусон зæрдиагæй, зæрдæбынæй, зæрдæпарахатæй. Зары. Æмæ хур йæхи уæлдæрæйуæлдæрмæ исы, цæмæй йæм хуыздæр, дзæбæхдæр, сыгъдæгдæрæй хъуысой уыцы гимны зæлтæ.

/Бæргæ, Сафар, бæргæ, иумæ йæм куы хъусиккам.../

Лæууын нæ бæрзонд тыргъты сагъдау æнцадæй, зарæгдзæфæй, æмæ мæ сонтсаби зæрдæйы былтæй кæлы йæ риссаг цин, дымсы лæджы æнусон æрхæндæгæй: нæу дæ цард ацы дуне дæ уды æвæрæнты дзагæй бауарзыны фаг; нæу, йе 'нæкæрон мæстытæ рохгæнæн цин базоныны, бавзарыны фаг; нæу, иу цыбыр дзырдæй, лæджы амонды фаг лæджы даргъкъах цард.

Нæу: нæй дын, лæг, дæ уарзтæн йе 'мсæр дзуаппон уарзт нæдæр Хуыцауырдыгæй, нæдæр æндæр лæгæй, нæдæр... нæдæр сылгоймаджыздыгæй.

Æмæ — хъæрзыс, нæтыс, марой-катайаг дæ суанг мæнæ ахæм сахат дæр: зары йæ арвы дзаг хъæлæсæй æнæнтыст чысыл маргъ, æмæ нæй æмбал йæ цинæн, йæ уарзтæн, йæ удыскондæн.

Уый зарæг ныстуан кæны фæлтæрæй фæлтæрмæ, зарæг!

/Ау, уый зарæг дæр нæ хъуысы мæрдтæм, Сафар?/

Байхъуыстон дунейы уынæрмæ маргъы иу зарæгæй иннæйы 'хсæн, æмæ мæм уæд не 'мцæхæрадон сыхæгты бæлæстæй æрбаивылд мæ зараг цъиуы цардæмбалы хъæлæс: ерысæй цыма зарынц, цыма сæ рæсугъддæр, фылдæр хъæлæстæй, зæрдæмæдзæуæгдæр мыртæй чи сисдзæн йæ алæмæты зарæг, ууыл хъарынц, уыйау у сæ ерыс.

Фæлæ — нæу, нæу ууыл.

Уымæн æмæ ног боныл, ног хурыскастыл, ног дунейы уындыл — царды æнусон уагыл булæмаргъы æнæфæивддзаг зарæгæй зарыныл ахуыр кæнынц сæ лæппынты сæ æйчыты мидæгмæ!

Цæмæй цардæй хъæстаг макуы уой, бузныг уой сæ раттæгæй, амонды къусæй сæм иу хъуыртт, иу схуыпп цъиуы лыстæг бырынкъæй кæй æрхауд, арв куыд бæрзонд æмæ уæрæх у, уый сæхи цæстæй кæй федтой æмæ ма дзы зæрватыччытæ */дзæнæты мæргътæ, нæ, Сафар?/*, гу-гуктæ, сырддонцъиутæ, халæттæ, хъæрццыгъатæ æмæ арвы фидæрттæ сæттæг цæргæстæ — сæрæй гæстæ! — дæр кæй ис, уый кæй базыдтой, æппæт уыдæтты тыххæй дæр разы уæнт сæ цард сфæлдисæгæй.

Уæнт.

Æмæ — сты.

Фæлæ адæймаг уæддæр хъулон хайджын фæцис дунескондæн йæ цинтæ æмæ хъыгтæй. Æмæ æнамонд у: цыфæнды стыр гуылгуыдын æм куы 'рхауа, уæддæр ма искæй къухы къæбæрмæ кæсы, кæд уымæн дзаджджындæр у йæ хай, зæгъгæ. Æмæ нæ

загъта Хуыцау адæймагæн айдагъ цинæй фæлыст зарæг, айдагъ цины тынтæй нывæст зарæг-гимн: масты къæм ис æдзухдæр йæ амонды лæгæн.

Æндæр уæдæ мæнæ ныр: сæрд дын, егъау дынджыр сæрд; хур дын, æмдымбыл, зæрдæхæларæй худгæбыл хур, хорфыцæн фаг артæндзæрст хур; сæгъы цæстау сыгъдæг, æнæкъæм, æнæ иу мигъы тæпп, ахæм цъæх, бæрзонд æмæ уæрæх арв дын, хъуыдыйæн дæр ма йе уæнгтæ аивазыны фаг парахат арв; уалæ дын дæ бæласмæ, де 'нгузмæ ныр цалæмдæр аз фæд-фæдыл æртæхы йæ зарæн бынатыл æнувыд булæмаргъ æмæ дын зары, афтæ дын зары, æмæ дæ ферох вæййы исдуг, æлгъыстаджы æнамонд адæймаг кæй дæ, уый.

Æлгъыстаджы, уæдæ нæ: дæ уды дзаг дын хорзæй мацы уæд ацы дун-дунетыл!

...Фæлæ — вæййы, вæййы дын фаг алцыдæр уæлдайджынтæй дæр ма...

Нæ ног паддзах — адæм фæтæджы бынатмæ, хуыцаугонд фæтæджы бынатмæ сæхæдæг лæгдыхæй кæй тæрынц, хъазуатæй, уый — Путин Владимир афтæ загъта, Сафар:

— Махатмæ Ганди нал ис уæлæуыл, æмæ нал ис, лæг кæимæ аныхас кæна хæрзæуууæнчы уагыл, уый дæр...

Цымæ, кæцы бон уыдаид уый, æмæ æз дæу ма æрымысон, и, Сафар? И, Гуыцыр? Куы йæ зоныс, ацы номæй дæ буцдæрæн Елæмырзæ хоны — æрымысы йæ, скъолайæ фæстæмæ дыл цы хæдахуыр артисты ном баззад, уый. Æрымысы, æмæ та йе стыр цæстытæ цæссыгвæлм фæвæййынц — дæ адджын æмгарæн...

О, вæййы лæгæн дæр фагæй фылдæр удæнцойы хорз сахат, æрмæст ын уæд ныхасæмбалæн та фæхъæуы... Ма мын схъæрзут уæ рухс дзæнæты, ме 'рдхорд æфсымæртæ Юрик æмæ Хъазыбег — цард-цæрæнбонтæм уæ мæ уд къахырæй баззад, мæ зæрдæ йæ дудгæ рисæй нæ басабыр, фæлæ уæддæр... Уæддæр лæгæн йæ дзырдагур цуаны цæдисæмбал æнахуыр хуызы æвvахсдæр у удыскондæй — уыимæ дын зæрдиаг ныхасы цæуылтыл ис бацæуæн, дыууæйæ дæр уæм ахсджиаг хъуыддæгтæ цытæ кæсынц, уыдон æндæрты цæсты нæ ахадынц, науæд та æдзæлгъæд цыдæр уаиккой, уыдон сæ кæй не 'мбарынц, уыйадыл.

Йæх, Сафар, Сафар...

Мæстытæй къахнад дзаг бур голлаг æмæ цинты гыццыл дзæкъул дын схонон дæ цард, æви куыд?..

Нæ хуыздæр азты — æвзонг æмæ æрыгон лæппуты дуджы кæрæдзийæ дард уыдыстæм, уымæн æмæ уыцы кары авд азы хистæр бирæ амоны, ахадгæ у.

Фыццагдæр дæу тыххæй цы ныхæстæ фехъуыстон, уыдон ахæм уыдысты: ацы дунейы, дам, цы нæ зоны, ахæмæй ницы ис. Æз та ма дæ абон афтæ зæгъын: «Курдиатджын уарзтæй уарзта, кæй уарзта æмæ цы уарзта, уыдоны æмæ уыдæттæ».

Æмæ мæм куыддæр тæригъæд кæсынц сылгоймæгтæ дæр, Сафары уарзты хуызæн уарзтæй æнæхай кæй фесты, уый тыххæй. Уарзты суадон та кæд нæ уыдзысты æмæ лæджы зæрдæ та уарзты гуырæн кæд нæ кæндзысты.

Æмæ мæм куыддæр тæригъæд кæсы ирон дзырд дæр, Сафары уарзты хуызæн уарзтæй æнæхай кæй фæцис...

Нæ тыргътæй кæртмæ æрхызтæн, райстон бæласы цонгыл ауыгъд мæ зæронд цæвæг — уарынты фæстæ та хуррæвдыдæй хæмпæлгæрдæг, æгуыстæй нын цы зæххы гæппæлтæ аззад, уымыты сбырста лæджы худинаггæнæн бæрзондмæ æмæ йæ æртæхдзæфæй ракæрдон. Булæмаргъы дæр мæм афтæ йæхи бар заргæ ныууадзын кæд хардзау каст, уæддæр. Мæ бæсты йæм Хуыцау хъусдзæн...

Сисрæбын нæм мæнæргъы æнæзылдæй ныууæрæх, æнæхуымгонд зæххытыл йæ бар цæуы æмæ сæ спыхс кодта, æхсæнмææхсæнты дзы пысыра хæрдтыгæс фæцис, судзаг пысыра. Æнæзылд мæнæргъы, уæдæ дын æз исты Сафарау æнувыдæй архайын алы хал, алы къалиу — тала — бæласимæ! Иуахæмы та йæм куы ныфтыдтæн Къуымы Сыхмæ цæхæрадоны куыстытæ кæнынафон, уæд æй ныййæфтон мæнæргъытæм зилгæйæ: æхсæста сæ, тæнæг сæ кодта, сæ быны хæмпæлгæрдæг сын йæ уырзтæй тыдта — ныссау ын сты. Куы йыл бадис кодтон, ахæм бæстон куыстытæ уанцон не сты, зæгъгæ, уæд мын афтæ:

— Адджын мæнæргъы ахæрын куы уарзай, уæд ын æнæ зивæгæй акæстæриуæг кæнын дæр уарзын хъæуы!

Æмæ та зæгъын: «Сафарыл рисгæйæ, цыма йæ фæстæ зæхх дæр, алы цардбæллон хал дæр, йæ дыргъбæлæстæ дæр æнæ уый цæстдардæй, æнæ уый рæвдауæг уарзтæй гомгæрцц сидзæртæй баззадысты. Стæй ма суанг уалæ ирон цæстæнгасдæттæг арв дæр уымæ, ахæм æнувыдæй куыстуарзаг лæгмæ, кæсынæй чи не ’фсæст, уыцы арв дæр сидзæрæй цыма баззад æнæ Сафар...»

Цы ’хсызгонæй-иу мæ фæндыд Сафарæн исты худæджы хабар радзурын: уадз æмæ барухсдзæсгом уа, æз та йын, куыд хорз худы, уæвгæ дæр куыд худы, ууыл бацин кæнон. Æмæ ныр, мæнæргъыты æхсæнæй хæрдтыгæс пысыратæм куы фæкомкоммæ дæн, уæд æрбалæууыд мæ зæрдыл ацы ныв: дæуæн дæр æй дзурын, Сафар...

Рагуалдзæджы дæллаг цæхæрадоны халамæрзæн æмæ сагойимæ куыд архайдтон, мæнæ пысыра хæлофæй бырсын куы райдайы хурвæрсты сау зæххæй урс дунемæ, тæккæ уыцы афон, афтæ дын мæ уæлхъус алæууыдысты нæ сыхаг Болиаты Солтанбеджы (Гыццийы) заманхъуйлаг хæрæфырттæ — фондзаздзыд Кристинæ æмæ йæ кæстæр хо Марианнæ, дыууæ дæр уыцы дзырдæргъæвд, дзырдифтонг.

Фыццаг уал сын къуырма пысырамæ бацамыдтон æмæ зæгъын:

— Ай пысыраты мад хонынц. Уымæн æмæ фæлмæн у, судзгæ нæ кæны.

Кристинæ аракæс-бакæс кодта æмæ, æвæццæгæн, цы агуырдта, ууыл йæ цæст æрхæцыд — хъавгæ æвналы судзаг пысырамæ, дзуры мæм:

— Ай та, судзаг пысыра кæй у, уымæн у пысыраты фыд?

Куыд нæ йын бадис кодтон йæ хатдзæгыл, фæлæ дын кæсын, æмæ саулагъз, саудзæст Марианнæ æнахуыр хъуыдыдзаст фæцис, нымдзаст мæм. Стæй:

— Барис, йе Барис, æмæ — сæ иу мад, æмæ — сæ иннæ фыд, уæд сын цот нæй?!

Уæ, Хуыцау, мацы уæд мæ лæмæгъ зондæн сабийы æгæрон зондыл фырдисæй!

Ныр ын, зæгъын, цы дзуапп радтон йæ æбуалгъы логикон фарстæн?.. Сарæхстæн Хуыцауы фæрцы:

— Сæ цот та — туаллаг пысыра. Судзæгты судзагдæр, æцæг уый сæрды бæстастæу кæддæр скæсы, ома уæд сын райгуыры ахæм саби...

/Сафар, куыд худыс, уый уайы мæ цæстытыл, уый хъусын.../

Фыссæг æмæ зæхх. Фыссæг æмæ дзырд, адæмон ныхæсты, æмбисæндты æвæрæнтæ...

Сæ иу дæр æмæ се ’ннæ дæр Сафары стырдæр цинты ’рзæткъахæнтæ, сызгъæрины цæндтæ.

Цы фыдæбонгæнаг лæг уыди, цы! Советон азты газет «Рæстдзинад» йæ удлæууæн, йæ каторгæ: уыцы æгæрон ра-

ныхæстæ-докладты тæлмац, уыцы! Телетайпы гæххæттын æргъуынтæ-лентытæ куыд цæуынц, афтæ сæ тæлмац кæн! Партийы пленумтæ, съездтæ, конференцитæ, Хрущевы, Брежневы докладтæ... Æмæ бад боныцъæхтæм машинисткæтæ Дыгуры Цацкæ, Гуытъиаты Замирæ, Дарчиты Нинæ, Баскаты Ирæ, Коцойты Лидæйы фарсмæ æмæ кæн тæлмац, цалынмæ-иу Мæскуы кæрон нæ загъта, уæдмæ.

Æмæ — кæй хъуыдысты, æмæ — цæмæн хъуыдысты, æмæ абон кæм сты уыйбæрц фыдæбойнаг фæллæйттæ? Цы фæпайда уыцы хъазуатон куыст?

Фæлæ уæддæр газетæн йæ хъуыддаг ацæуы, фысджытæ дзы куы фæкусынц, уæд. Сафар-тæлмацгæнæг цы хæрзты бацыд ирон дзыллон мыхуырæн, уый — иу хабар, фæлæ куыд журналист, афтæ дæр, размæцыддæр чи уыд, уыдонимæ у нымаинаг: абон дæр ма, дæсгай азты фæстæ дæр нæ ферох йæ очерк Цабайты Васойы тыххæй — «Æфцæг». Хорз фыссæджы дæсны æрмдзæф æй скодта афтæ цæрæццаг.

...Уый цардæн йæ дзæнæтдон у, æвæццæгæн, мæнæргъытæ куы сцæттæ вæййынц, уæды афон, уæды цалдæр боны нымадæй. Хъавгæ тоныс сырх-сырхид гагатæ, æмбырд сæ кæныс исты гарзмæ, зæхмæ дын чи 'рхауы, уый сисыс æмæ йыл ныффу кæныс, стæй йæ ахæрыс — иннæтæ дæм, æдылы адæймаг, ахæрынмæ æвгъауаг кæсынц. Фæлæ бон цы хорз дуне у, æмæ дуне цы хорз хуры бæстæ у, æмæ бæстæ йе скæнæг — йе сфæлдисæгæй цы тынг разы у, фæлæ уыцы дзæбæх, уыцы дзæнæтон сахат — зæдтæн сæ тæккæ зæрдæрайæн сахат! — уыцы æнусты аргъ, æнусты уæзтæрæг сахат, амондæмсæр сахат лæджы уд та цæмæн скатайаг вæййы, цæмæн, и, Сафар?..

Æрæхгæн дæ цæстытæ, байтындз дæ зæрдæйы рухсбакæлæнтæ æмæ — уынын сæрдыгон изæрырдæм фæкъулуæвæг сызгъæрин æмæ кæрдæгцъæх хæццæ бон. Дзаг кæрт стæм — мæ мад, сывæллæтты мад, æртæ сабийы... Арв хурæй дзаг, кæрт хурдзард. Æмæ нæм далæ нæ уæлбылмæ нæ цъæх нæудзарм стыр кæртыдуармæ фæзыл уазæгуаты ссæуынц Сафар æмæ Лидæ. Сæ хуын — мыдадджын егъау курагатæ...

Æмæ мин азы куы цæрид лæг, уæддæр æм æнусты фæлмы сæрты лæгæрдид уыцы боны зæрдæфæлмæнгæнæн рухс. Фæлæ — хорз, æмæ нæ цæры лæг уыйбæрц: цы дын ис абон, цас дæм æрхауд абон, ууыл аккаг цин кæн!

...Цæхæрадонæй здæхгæйæ фæкомкоммæ дæн нæ дæргъæй-дæргъмæ æвæрд хæдзары сæртæм. Æдзæрæг хæдзарæй, цымæ, исты ис зæрдæсаугæнæндæр — йæ уазал комулæфтæй, йæ мæгуыр сидзæр уындæй, йæ тæригъæдæй лæджы зæрдæ дæр халы, стæй хæдзар йæхи мидæг дæр хæлын райдайы, зауўатмæ цæуы. Æмæ, къорд азты нæ хæдзар æдзæрæгæй кæй аззад, уыйадыл хæлддзаг кодта. Уæрæсейæ куы сыздæхтæн, уæд нæ ныккæлынæввонг саратæ, сæрдыгон цæлгæнæн агъуыст райхæлдтон. Гъемæ уыдон ногæй куыд кодтон, афтæ мæм иуахæмы Сафар сарайы сæр бæлæгъдур сæвæрыны æхxуысмæ йæ фырт Блуйы сæрвыста. Асæй рæстæмбис, домбæйттæ арæзт лæппу, хæрзуынд, зæрдæмæдзæугæ, фæлæ тынг мадзура, тынг. Æцæг-иу йæ мидбылбахудтæй зæрдæ æлхæдта. Фæкаст мæм, фæлæвæрдта мæм сарайы сæрмæ æмбæрзæн дуртæ. Быхста, цалынмæ-иу сæ, æнгомдæр куыд сбадой, афтæ равæр-бавæр кодтон, уæдмæ — иу джиппы уагъд нæ уыдысты æмæ хъентæ-ментæ бадтысты...

Блу, Блу... Эльбрус...

Цы дзырд, цы ныхас дæ бахъуыды кодтаин, кæд æмæ дæ-иу дзырд аркъауæй ласæгау схауд, уæд?!

О, æмæ Сафарæн йæхи фыдæлтыккон хæдзар дæр фылдæр горæтæй æруай-æруайгæнæг цæрджытæй хæдзархуыз кодта, иудадзыг дзы æрмæст Блу цард иунæгæй — йæ тæккæ цæфыл усгур лæппу. Æрмæст, ус ракура, уый хъус та нæ уыд, зæронд хæдзармæ æрцæуынмæ, дам, кæцы чызджы баразæнгард кæндзынæн?.. Æмæ Сафар дæр хæдзаргæнæг сси бирæ фæцæринаджы бындуронæй: мæнæ ам цалдæр уатджын цъæхсæртæ уыдзысты уынджы æмрæнхъ; мæнæ ам гæрзæй-гæрзмæ иу сара; мæнæ уым кæрт цæхæрадонырдыгæй æхгæнæг æндæр стыр сара æд сæрдыгон хатæн — цæлгæнæн... Æз дæр æм, цастæ мæ амал уыд, уымæй чысылтæ фæкастæн — уæд Беслæны дурыссæн заводы куыстон æмæ йын дзы нæзыхъæд стъарапилтæ рафыссын кодтон лæварæмхасæнты; бон-дыууæ боны цыдæр та йæм фундаментæн фæйнæгæй джипп кæнынмæ фæкастæн... Фæстæдæр мын хъаст кодта Блуйы куыстæй, дойнаг дуртæ, дам-иу, джауыр, куы хаста уынгæй фундаменты ныппарынмæ, уæд-иу сæ дынджырдæртæ æрбампъыхта æмæ йын йæ фыдгуыстæй йæ зæрдæ риссын кодта.

Ох-хай...

Ныййарæджы бæллæхты бæллæх, зæрдæнизты зæрдæниз,

удмарæн у цоты æфхæрд, цоты цæф, хъæбулы сæфт. Йæхи ныхæстæ мын сты Сафарæн, фæндаггон фыдбылызы мын Артик куы байсæфт, уæд:

— Йæ хъæбул амæлыны бæсты лæгæн фæлтау йæ ныййарæг мад амæлæд...

Куыд басидзæр, уый æмбарæг сывæллон цы хæкъуырццæй фæкæуы, уыйау ставд цæссыгæй куыдта Сафар йæ мад Дусинкайы мардыл, фæстæдæр ма йын æнæхъæн чиныг дæр ныффыста йæ цардыл, йæ адзалы рынчынæй сæйгæбонтыл — «Аза-бæлас». Фæлæ йын Блу æнæнхъæлæджы зæрдæскъуыд куы фæцис, уæд афаз, уæд йæ зæрдæ дæр Сафарæн. Æрмæст ныр йæ рыст æддæмæ нал æвдыста, маствæлтæрд лæг. Афтæмæй та ног хæдзарæй, дыууæ ног сарайæ кæрт циндзинæдтæм йæ тæккæ цæттæйæ...

...Уартæ раззаг царды, æндæр æнусы царды уыд уый: гуыпхъазт скæнут, Хæблиатæ, нæртон чындзхаст уæ усгур лæппу, уæ ахуыргонд усгур лæппу, уæ ахуыргонд æмæ фыссæг лæппу — рухсы бадинаг Муратбег æмæ йæ идæдз ус Дусинкайы иунæг фырт Сафарæн. Уарзондзинад сæ йе суинаг бинойнагимæ йæ сасымæй кæрæдзиимæ æнæратонгæ баныхæста, бандæгъта!

Æмæ уарзты фыццаг хъæбул — фырт. Алыксандр, Олег... Æмæ дыккаг — Эльбрус, Блу...

Стæй — уæрст. Уарзты маст... Амонды æнæбон...

Мады сын баивта сидзæрты рæвдауынахуыр Дусинка. Рæстæг йæхионтæ кæны, цард йæхионтæ домы. Æвгъау у, йæ тыхы уæвгæйæ, лæг хуыскъæн, тæригъæд у зæронд мад хъæбулы хъæбултæн сидзæргæсæй. Фæлæ дын æнцонты чи бакомдзæн кæйдæр цотмæ фыдыусæй æрцæуын? Æнцонты — ничи, кæд та ног уарзт искæй æрсæтта, сразы кæна...

Сразы.

Уæлдай рæвдауинагдæр у Хуыцауæн, адæмæн, мыггагæн, хæдзарвæндагæн, бинонтæн, æмæ... Æмæ — Сафарæн. Ноджы та йын уый дæр фырт балæвар кодта.

Фæлæ...

Фæлæ та-иу цардæнгæс нæ фесты уыимæ дæр, иу хуызы аргъгæнæг нæ фесты царды æцæг хæрзтæн, æмзонд, æмзæрдæйæ уисæнгæнæг-коммæгæс царды фæтк-æгъдæуттæн. Чи зоны, æмæ Сафар æгæр æнувыд разынд ирон лæджы æгъдауæвдисæг миниуджытæй кæцыдæртыл... Чи зоны... Фæлæ уæддæр фæстаг

бон сылгоймаджы азымы цы лæг дара, уый, Сафары цæстæй кæсгæйæ, лæг нæу. Уый æрмæст йæхи хордта мидхæрдæй, йæхи ’фхæрдта. Æмæ йæ хъысмæты дæр, йæ Хуыцауы хайы дæр никуы ралгъыста.

Æнæ дыккаг бинойнаг дæр та кæй фæцис, уый ма фæуæд — лæг цæрæд, æндæр та усамал кæндзæн, фæлæ ис уарзон фыртæй æнæфырт фæуы: йе ’мгæрæтты дæр нал цыд, нæйыл нымаинаг ын фæцис.

Искæй рыстытæн цы быхсаг дæ, мæнæ дзæбæх дуне, цы фæразон!..

Мæзджыты цур хъæуастæу автобусмæ æнхъæлмæкæсæн рæсæны æнæнхъæлæджы фембæлдыстæм Дусинкаимæ. Кæрæдзийы фæтчыгъæдæн хабæрттæй куы афарстам, уæд мæ Дусинка адæмæй чысыл дæрддзæфмæдæр акодта, сонт скуыдта, зæрдæрыст, мастдыппыр сылгоймаг куыд æваст скæуы, афтæ:

— Мæ иунæг адæмы ’взæрдæртæй у, æви циу, цы?! Цæмæн ахæм æнамонд фæци, цæмæн?! Æмæ ма йемæ æз дæр...

Ауынгæг мæ зæрдæ. Раст ды дæр сылгоймаджы тыхурæд кæуынмæ æргом ныббогътæ кæн, фæлæ мæ уый ныфсагур у, зæрдæвæрæнтæм ын сарæхсын хъæуы иударон, сыдывд ныхæсты иувæрсты. Æрмæст куыд зæгъон æмæ цы зæгъон, йæ хъæбулы мæстытæй зæрдæхæлд ныййарæджы цæссыгтæ басур кæнынæй зындæр куы ницы ис, уæд?..

— Сафар дын адæмы хуыздæртæй у, Дусинка, се ’взаргæтæй! Бирæ æмгæртты уарзон. Ныридæгæн дæр кæстæртæн нымад хистæр — æнæзивæгæй кæмæн бауисæн кæнынц, ахæм. Фæлæ йæ раджы куы загъдæуыд зонддзжынты зондæй, зæгъгæ, хуыздæрты хъысмæт цæмæндæр æнæтæхудиагдæр рауайы. Стæй, йæ дыууæ дæлбазыры фæйнæ фырты кæмæн ис, уый Хуыцауæй хъæстаг куыд хъуамæ уа?

— Дыууæйæ йæ дæлбазыр, æртыккаг та йæ зæрдæйы какон сындзау ныхст, — Дусинка йæ раздарæнæй къухмæрзæн систа, асæрфта дзы йæ цæстытæ — æркаст æм æмæ та йæ ногæй схаста йæ цæстытæм. Ныллæджытæ ус уыд æмæ мæм хæрдмæ кæсы, ахсджиаг цæмæйдæр мæ кæй у бафæрсинаг, уый йыл бæрæгбæлвырдæй зыны, фæлæ мæм куыддæр цыма нæ уæнды, ирон сылгоймаджы æфсарм æй къуылымпы кæны...

— Йед... Нæ зоныс ды уалæ нæ хъæуккаг Коцойты Таймуразы чызджы? Сафаримæ иумæ куы кусынц газеты...

— Зонын, зонын, бæгуыдæр æй зонын, — æхсызгонæй йын дзурын. Мæ зæрдыл уадидæгæн æрбалæууыдысты Сафары ныхæстæ, Лидæмæ ма аивæй дæ хъус æрдар, зæгъгæ.

— Гъемæ?

— Гъемæ тынг дзæбæх чызг у. Айдагъ йæ хъæлдзæг бахудт дæр дæс тарæрфыг чызджы йаргъ у! Фæлæ — цы, цæмæн мæ дзы фæрсыс, исты ахæм? —мæхи уæлæнгæйтты барæй фæхуырымхуыз кодтон.

— Мæгъа, мæгъа... Æртыккагæн... Æнæмоймæдзыд чызг уæвгæйæ...

— Хорз адæймаджы каст кæны, Дусинка. Æмæ, хорз чызг кæй у, æххæст кæй у æгъдауæй, зондæй, уый тыххæй хорз Сафарæн, уартæ рагон зарæджы Софиайау, фæндзæм усæн дæр бакомдзæн.

Бакуымдта.

Æрхастам æй.

Сафары фыдæлты зæронд кæртмæ, ныллæгцар зæронд хæдзармæ — йæ иннæ амæндтæн сæ Чырыстийы цъупп...

Æмæ та — лæппу, Чермен, мæ хъан.

Худæг: уæд ма æфсæнвæндæгтæ цалцæг кæнынæн хуыр ласæг поездыл куыстон. Алы горæттæм æфтыдтæн Цæгат Кавказы æмæ-иу чысыл Черменæн куы цы зæрдæлхæнæн сластон, куы цы. Уалынджы æндæр ран кусын райдыдтон. Уæдмæ Черменыл иу цыппар-фондз азы сæххæст. Иуахæмы дын мæм куы æрбауырдыг уаид:

— Йæй, йедтæ та мын цæуылнæ уал кæныс, исты лæвæрттæ?

Фæкуыддæрау дæн. Æппынæрæджиау мæхи сраст кæнын афæлвæрдтон:

— Черменыхъо, æмæ уыцы фæндæгтыл куы нæуал фæцæуын.

Уый мæ куы æрбагæрах кæнид:

— Æмæ дуканитæм дæр нал фæцæуыс?!

...Чермены фæстæ — Алинæ, Сафары удтайæн чызг, ахуырмæ тындзæг, зонындзинæдтыл æнæфсис...

/Йæ уæлдæр ахуыры фæндагыл ын батыхсæг Музафер æмæ Ахуырбегыл хæрзаудæн кæн, Сафар./

Уæлæуыл йæхи куыд уыдысты, афтæ мæрдты дæр йæхи уæнт Сафарæн, Фысджыты цæдисы Камалы хæдивæгæй цы къорд азы фæкуыста, уыдон. Фæлæ нæ кæй нæ фæнды, кæй, йæ айдагъ

пенсийæ цардхъом куы уаид, йæ гонорартæй бинонты дарын куы фæразид æмæ æрмæст йæхи фыссинæгты мæт куы кæнид, уый! Батæхуды-иу кодта Сафар дæр:

— Бæргæ, æнахъом хæссинæгтæ дын ма уæд...

Иннæ рæбинагдæр мæт та — Олег æмæ Блу сæ усгуры кары бацыдысты, æрæджы дæр ма сын фæкæны, фæлæ — оцанитæ... Ской йын кодтон дыууæ-æртæ хатты цыдæр, æмæ та-иу атардзæсгом:

— Цы сын бакæнон? Ахæм ма дзы æлгъыстаджы бæллæх уыдзæн... Айдагъ нæ сыхы цал «валухы" ис, цал æрдузинаджы!..

Æмæ уыимæ баст иннæ мастгуырæн уавæр — чъырхынц æгуыст фæсивæд, сæ пырх нозтыл калынц: се 'гæрон, се 'рыгон тых-хъару никæй хъæуынц, никуы хъæуынц хорз бакуысты охыл. Æмæ фыдæлты цытджын кувæндоны фарсмæ — мæзджыты дæлварс цæугæдоны былгæрон сæ найфат скодтой, сæ ныййарджыты хардзæй ма абон нозтамалхъом сты. Нырма уал...

...Елæмырзæ мын хъазт кодта — Елæмырзæ! Зилгæйы æхсæвбон нæ хынцæг фæдисон дохтыр — зæгъгæ, дам, нозты уацайраг лæппуты дардмæ дæр куы суынын, уæд мæхи фæсвæдты айсын.

Чи зоны, æмæ йын ахæмтæ адавтой йæ фос дæр...

Гъемæ, зæгъæм, колхоз дæр фæстæмæ йæ фыццаг цухтæмухтæгæнаг къæхтыл куы слæууид... Куыд тагъд нæ ферох алцыдæр нæ фыццагæй тыхстдæр сахат: уæды колхозон хъазайраг цардæн дæр ма табутæ кæнынмæ æрцыдыстæм. Гъемæ колхоз дæр фæстæмæ куы 'рцæуид, уæддæр цы? Рувæнтимæ, хъомгæсты лæдзджытимæ йæм бацæуикkой? Трактористтæ-механизатортæй, шофыртæй науæд! Æмæ дзы цалæй хъæуынц?

Фæлæ колхоз дæр æдзæллагæй-æдзæллагдæрмæ цæуын куы райдыдта, æмæ та сæрæнгуырд Гадзейы фæстæмæ сæрдарæй ныллæууын куы 'рфæндыд, уæд ын Сафар цæхгæрмæ йæ фæндагæргæвдæг фæцис. Уыцы заманты уымæ дæр бауæндын хъуыд, лæджы ныфс домдта, хуыздæр куыд каст дæхимæ дæр, æмæ адæммæ дæр, уый сæрыл исты дзурынмæ ныфс хъуыди.

Æргом дзырд та Сафарæн йе скæнæг Хуыцау æмæ йæ лæджы æфсармæй загъд уыд. Гъемæ-иу нæ урæдта йæхи. Уæд йæ лæджы кад фыццаджыдæр йæхи цæсты кодта ныллæг, бар ын нал уыдаид нæдæр фыссæджы номы бæрны цæуын, нæдæр ирон лæгау лæджы ныхас зæгъын, дзырд баппарын йæ бахъуаджы цæфыл.

...Сæйраг тæрхондон. Фæндзæм хатт сын бантыст мæнæн тæрхон рахæссын. Аст азы. Фæлæ мын уыцы бон дæр амондуарæг бон сси — кæдæй-уæдæй дыууæ азы фæстæ аирвæздзынæн хъылмадæф къалатийæ лагеры сыгъдæг уæлдæфмæ!

Æмæ мæ фæкæнынц конвой. Æмæ, кæдæм хъæуы, уырдæм дзырдхæссынмондаг адæм дæр нырма сæ тæккæ къæрцхъусæй. Фæлæ сæ ницæмæ æрдардта, йæ дзыхыл мидæмæ хæцгæйæ, дзидза хæрыныл разы цы Сафар нæ уыд, уый — хъæлæсы дзаг хъæрæй мæм дзуры:

— Ма тæрс, лæппу! Æддейы дæр, мидæгæй цы у, уымæй бирæ хуыздæр нæу!

Диссаг!

Бынтон мын уæд фенцон, раст цыма æназымæй сæрибар сдæн... Азимаг та куыд нæ уыдтæн, кæд рæстылхæцæг закъонæй ахæм карз æфхæрды уæз нæ тардта мæ азым, уæддæр...

...Бадынц рестораны цалдæрæй. Нуазгæ дæр кæнынц, уæдæ кæйдæр фынгтыл æвæрд ноэтмæ сæ былтæ асдæр-асдæр кæной!? Уыцы ныхас сын цы ракъахтаид, мæгъа, фæлæ дын иу заман Сафар афтæ куы æркæрдид:

— Михал поэзийæн исты бавæйгæ æмдзæвгæтæ фысгæ нæ, фæлæ суанг кæсгæ дæр никуы бакодта!

Чидæр ын йæ ныхæсты хурх ацахста:

— Цæй, Сафар, ды дæр ам фынджы уæлхъус ноэтардыдæй хъæбатыр дæ, æндæр ма йын, уæдæ, лæгæй-лæгмæ йæхицæн уый зæгъ!

— Чи — æз? Уæллæй, сыгъдæг хъуыранардыстæн, зæгъдзынæн ацы тæккæ сахатыл!

Ресторанæй чысыл дæлдæр царди Михал. Сæ фынгæвæрд бабыгъдуан кодтой лæггадгæнæг чызг-сылгоймагæн æмæ æфсæст æфсадæй Фысджыты цæдисы сæрдары дуар бахостой! Куыддæр сæм ракаст, афтæ салам дæр нæ, иу дæр нæ, фæлæ йыл Сафар йæ дуртæ-ныхæстæ иугай цæвы:

— Михал Тасолтанович! Æз дын цы зæгъинаг дæн, уый дын æргомæй мæнæ замманай æвдисæнты цур зæгъын, счъилтæм лæбурæг кæй нæ дæн, уый та зоныс. Гъемæ уæдæ ды адæмымыггаг æмдзæвгæ фысгæ нæ, фысгæ, фæлæ кæсгæ дæр никуы бакодтай!

Удæгас лæг уыд Михал дæр æмæ куыд нæ фæуыргъуыйау уыдаид! Фæлæ йыл йæ фыдæлтыккон ирон æфсарм фæтых æмæ

сын мидæмæ загъта. Æрмæст уыдонмæ та сæ цæттæ фынг æнæрхъæцæй æнхъæлмæ каст...

...Хуымæтæг лæджы ныхæстæй дæр æмæ суанг фыссæджы ныхæстæй дæр цы аивдзæн ацы дунейы мидæг, фæлæ уæддæр лæгæн йæхицæн дæр æмæ йæ алыварс адæймаджы цардæй цæрджытæн дæр бæрæг ныфсы хос басгуыхынц: «Кæд иугæр Сафар фаджысхор нæу æмæ йæ къоппа йæ дзыппы нæ хæссы, уæд мах дæр, ау...»

...Ирыстон, йæ цин нал уромгæйæ, йæ фæллад базыртæ сцагъта: уæддæр та, мачи дзы уа, хион, хиуон, нæхи ирон!

Сирийы Советон Цæдисы æххæстбарджын минæварæй куыста æмæ йæ ныр та Коммунистон парти æмæ Советон Хицауад снысан кодтой йæ фыдæлты зæхмæ партийы обкомы Фыццаг секретарæй — бынæттон хицæутты хуыцаугонд Хицауæй! Дзасохты Сергейы фырт Алыксандры.

Фæлæ сæйрагдæр уый уыд, æмæ не ’нхъæлцау удтæм рухс бакалд, фидæн та йæ коммунизмы бæрзæндтæ сæрттивын кодта. Ноджы ма-иу Алыксандр йæ аивтæ-хæрзгæндтæ бинойнаг Фаризæтимæ Проспекты фæрсæй-фæрстæм фистæгæй куы фæцæйцыдысты, уæд амонд дæр амонд, æмæ уыдонмæ бакæсын дæр мæгуыры зæрдæйæн сой, сидзæр цæстытæн бæрæгбон!

Цы ’нцон æлхæнæн уыд дæ сонт зæрдæ, советон хуымæтæг адæймаг, цы ’нцон! Цы чысылтæ дын хъуыд, цæмæй дæм дæ гыццыл цин дæр амондæмкад æркæса, уымæн!

Æмæ мæнæ ног цъылын, ног уисой — ног Хицауы фембæлд фысджытимæ. Уæд ма фыссæг æхсæндзарды цыдæр ахадыдта. Бахаудтæн æз дæр уырдæм. Фæлæ-иу телеуынæны нывисджытæ сæ аппарат мæнырдæм куы ’рбаздæхтой, уæд-иу мæ фарсмæбадæг Сафары фæтæн фæсонты фæстæ мæхи амбæхстон: иу чиныггæс куы нæма уыдтæн, уæд цы цæсгомæй хъуамæ разынон фысджыты ’хсæнæй, зæгъгæ. Фæлæ лæмбынæг хъуыстон æмæ æдзынæг кастæн. Хицау æнæхин худтæй худы, æмбаргæ ныхас кæны, куыддæр къуызгæйæ, лæмаргæйæ сдзуры иронау дæр, æмæ уæд æхсызгон уылæн анхъæвзы фысджыты худгæрайгæ цæсгæмттыл, раст цыма эскимос загъта иронау цыдæртæ, уыйау. Стæй сæхимæ дæр ныхасы бар æрхаудта. Æмæ та дын Сафар цæхгæрмæ куы асимид:

— Алыксандр! Мæнæ кæстæрты иу ахсджиаг хъуыддаг бæлвырдæй базонын фæнды æмæ куыд? Фæрсон дæ, æви цы?

— Фæрс, фæрс! — баразæнгард æй кодта.

— Ды дæр та, дам, гæртæмттæ исдзынæ, æви куыд уыдзæн хъуыддаджы æвæрд?

Цæмæ, цæмæ, фæлæ ахæм фарстмæ йæ фыдфыны дæр никуы æнхъæлмæ кастаид Иры партион фæтæг. Фæлæ демократийы комулæфт æрбагуылф кодта Горбачевы рацарæзты кауы сæрты, æмæ зæрдæхæлар худтæй бахудт æвзыгъд дипломат, йæ алыварс худгæбылæй аракæс-бакæс кодта æмæ дзуапп радта йæ сыгъдæг цæстыты æнæфæлывд æнгасæй: уый та циу — гæртам?!

Æмæ æппæты дæр бауырныдта: АХÆМ ЛÆГ йæ бæрзонд ном адæмы цæсты никуы бафтаудзæн — æхсыры цады былгæрон куы бада, уæддæр дзы адæм æмæ партийы æвастæй сыдæй мæлгæйæ дæр иу хуыпп дæр не скæндзæн! Ацы Сафарæн та уый цавæр æнæджелбетт фарст уыд зæды хуызæн лæджы?!

Йæ кад адæмы цæсты куыд ныллæг æрхауд бирæ бæрзондыл бадджыты хуызæн, уый та æндæр ныхасаг у...

...Цы хорз худтæй-иу худт, цы ’хсызгонæй-иу ныххудт Сафар худæг хабарыл! Куыд цин-иу кодта, куыд æхсызгон ын-иу уыд курдиатимæ фембæлд! Цы хорз, цы дæсны, цы Хуыцаумæ хъаргæ ныхæстæй-иу куывта æртæ кæрдзыны!

Цы æмбараг-æнкъараг зæрдæйы арфæй-иу цыдысты йæ тæфæрфæсгæнæджы ныхæстæ!.. Куыд аивæй хаста хæрнæджы æгъдауы фынг... Æмæ уыйадыл, кæд судзаггаджы æрыгонæй нæ фæхъуыд, уæддæр цы ахсджиагæн хъæугæ зæронд лæг уыдаид, цы!

Йæхи хæрнæджы, йæхи зианы кæндтытæ та... Куырд — æнæ кард, фыссæг — æнæ арфæйы, æнæ бузныггаджы арæхстджын дзырд.

Мæнæ цы фыдхъулæттæ дæ, мæнæ, нæ иунæг царды дуне!

Стæй ма цы хорз æлгъыста Сафар йæхицæй, цы ногдзагъд, цы цингæнаг дзырдтæй, уый та, уый! О, о: цингæнаг. Дзырдтæ æнæмæнг цин кæнын зонынц, цин кæнынц Сафары уацмысты сойджын рæнхъыты, æхсызгон сын у, Сафары зæрдæйæ кæй райгуырдысты, уый гæрзарм къухты æвджид кæй бахаудтой, Сафары хæдхуыз æрмдзæф мыггагмæ сæ уæлæ кæй баззад, уый!

Ирон фыдæлты фарны эстафетæ советон дуджы фескъуыд, фæсыкк. Æмæ хистæр фæлтæры фысджытæн сæ дзæвгар хай нæдæр нывыл кувынмæ арæхст, нæдæр зианы уæлхъус зæрдæбынæй радзурынмæ, æмæ сыл, æвæццæгæн, худæн дæр уымæн нæй: Хуыцауы ном æрымысæгæн-иу йæ хъуыддаг раст

партийы рæнхъытæй фæтæрынмæ æрцыд. Гъемæ уыцы тæссармæзонд дуджы срæзыдисты, слæгтæ сты фысджыты хистæртæ. Æмæиу æз дæр, фысджытæй искæй зианмæ цæугæйæ, бaverages баййардтон Сафары, мæрдджынтæн тæфæрфæс ды ракæ фысджыты мæрддзыгойы номæй, зæгъгæ: Сафар-арфæгæнæджы тыххæй-иу мæхимидæг не схъиудтон, нæ тарстæн, уый дæр та кæйдæртау æнæууылд, æвæтк ныхæстæ кæндзæн, зæгъгæ. Зианмæ æрцæуæг адæм та уæлдай лæмбынæгдæрæй æрдарынц сæ хъус, уæдæ ныртæккæ ирон дзырды дæсныты куыд æмæ цытæ дзурдзысты, уымæ.

...Зилгæйы Хуыммæлæджы доны былгæрон райгуыргæ лæппуйау цырд æмæ æдæрсгæ кæй у, ууыл ын кæддæр бацин кодтон, уалæ Дзæуджыхъæуы сæрмæ хинайæн цады ауазæны цур Терчы былгæрон. Сæрдыгон изæргæрæтты цалдæрæй уыдыстæм уым, æрдзы хъæбысы. Æрталынггæндтæ, афтæ рогæн сыкъадзæф Васойы хъæлдзæг зæрдæ хи найын æрцагуырдта, ноджы æнцад сыгъдæг цады нæ, фæлæ уарынты фæстæ ивылдæй абухгæ Терчы. Васо йæхи найæндзæттæ акодта, суад чысыл уæлдæр æмæ балиуырдта донмæ, футтытæгæнгæ æрленк кæны, мæнæ цы дзæнæт ис, мæнæгæнгæ рахызт. Кæсын æмæ дын Сафар дæр уæзбынæй йæхи æрфистæг кодта, æрнайæнрæвдз. Бахъынцъым кодтон, æрдæгкуырмæй, зæгъын, æрра донмæ, ноджы æнæзонгæ ран, ноджы æхсæвыцæстыл кæдæм хизыс...

— Цæй, кæдæм мæ ласы, кæд ын Дзуццаты Дзигойау æвзист сомыл дзырдгондæй йæ фаллаг фарсмæ нæ ленк кæнын!..

Суад уый дæр уæлдæр, бахста йæхи гуылфæнмæ æмæ, Васо кæм рахызт, уымæй чысыл дæлдæр фæуæлбыл. Иу æхсызгон мын фæцис, æмæ! Раст цыма æвзонг лæппу йæ тæппуд, йе 'нæуæндон тугыл фæуæлахиз æмæ амæй фæстæмæ, тæрсын циу, уый нал зондзæн, уыйау.

Ме ссæрибары хæдфæстæ Уæрæсейы, горæт Балаковойы, газеты уацхæссæгæй иу æртæ азы бакуыстон. Раздæр партийы райкомы оргæн уыд, стæй та горкомы. Фæлæ, Ирыстонмæ куы сыздæхтæн, уæд амы коммунисттæ сæхи иннæтæй коммунистондæрæй равдыстой, æмæ мыл мыхуыры куыстмæ шлагбаум сæхгæдтой. Æз дæр уал Зилгæйы колхозы хъомдонмæ æхсæвгæсæй бацыдтæн — сæдæ дæс хъуджы бынтæ æхсæв æртæ хатты æфснайдтон, уæдæ фос давджытæй дæр хъахъхъæдтон — фыдæлтыккон фæтæнком сау хъама мæм уыдис хæцæнгарзæй.

Иу изæр дын куысты размæ æхсæвгæстæ бамбырд стæм, æмæ

нæ иу лæг цæуылдæр æнахуыр дис ныккодта. Йæ ныхæстæм дын æнæхъæн чиныджы нывтæ уыцы ирдæй мæ цæстыты раз сыстадысты. Сафарæн цыдæр нæуæндаг хуызы куы бамбарын кодтон мæ мидхъуырдухæн чиныг сфæлдисыны тыххæй, уæд мын ахæм хуызы загъта йæ тæрхон, æмæ йæ ма сæххæст кæн — уæд ды дæ бынтон ничи æмæ бынтон ницы:

— Æвæстиатæй фысгæ кæн! Лидæ — машинкæйыл мыхуыр, æз йæ фæдыл — кæсгæ. Стæй фенд йæхи амондзæн.

Афтæ, мæнæ дæн æз дæр, зæгъгæ, афæдз уыдаид, æви чысыл фылдæр, йæхи рухс дунемæ равдыста мæ роман «Иу артæй уæрст», æмæ йыл иу кæцыдæр бон фыссæг лæппуты 'хсæн ныхас куы рауад, уæд мæнæй Сафар загъта:

— Нæ мæ фæфыдæнхъæл кодта!..

Уыцы ныхæсты раз мæ, Нафи мыл монографи куы ныффысса, уæддæр уый афтæ нæ бандавдзæн...

Никуы кодтам уæлдай арфæтæ нæ кæрæдзийæн, фæлæ йын мæрдтæм зæгъын стыр бузныг. Стæй ма стъæлф, Сафар, ацы мæстыты тыххæй дæр дæм нæ фæхæрамзæрдæ дæн — ау, Æхсарбегæн ма йæхимæ дæр куы нал дардтон фыдæх ахаст...

О, нæ дæргъæй-дæргъмæ æвæрд хæдзары дæлдæр-уæлдæр сæртæм куы скæсын, уæд та мæ зæрдыл æрлæууынц уыцы дард бонтæ...

Цæцæн æмæ Дагъыстаны 'хсæн арæны хæстæ æххæстгæнæг у цæугæдон Ак-су. Йæ галиу былгæрон цæцæйнаг хъæу Исхой-Юрты астæуккаг скъолайы историйы ахуыргæнæгæй куыста заманхъуйлаг Хъуысаты Канадæ, мæ хорз зонгæ — æртæ азы иумæ фæкуыстам Заманхъулы скъолайы. Гъемæ мæ уый уырдæм алы дзæбæхдзинæдтæй зæрдæвæрдæй ахуыдта, сæ сæйрагдæр та уый, æмæ, дам, нæм Гуыдырмесæй районы ахуырады хайады инспектортæ афæдз иу хатт кæд фæзынынц, уæд — хорз. Æз та ме сæфт уыдтон алы инспекцитæй, уыдоны зæрдæцъæхгæнæн зондамонæнтæй. Стæй, дам, директормæ авд къласы йеддæмæ ахуырад нæй, æмæ дæ коммæ — ома, завучы коммæ, алыхуызы дæр кæсдзæн. Фæлæ, дам, калм битъынайæ тарст...

Лæджыхъæдæй хорз лæг уыд Юсуп Гайтаев, фæлæ четверты кæрон ахуыргæнджытæй дыууæ мачи макæмæн сæвæра! Уæд районы цæсты æфтыд цæуы директор. Мæнæн та мæ зæрдæ уымæй æлхæдта, æмæ, дам, хорз сæвæрдтай куыст, æмæ нæ

хъуамæ иннæтæ дæр фæзмой — гъемæ не скъоламæ инспекторты кæрæдзийы фæдыл хуыдта æмæ хуыдта.

Пыхс мæ сæрыл рахастон ахуыры азы кæрон. Æмæ — Зилгæмæ. Дыууæ-æртæ боны цыдæр ма баззад фыццæгæм сентябрмæ, афтæ скъолайы кæрты лæууын æмæ ныллæг сисы сæрты мæзджытырдæм кæсын — автобус æрхæццæ Бесланыхъæуæй, æмæ дзы кæд нæ директор æрцыд, зæгъгæ. Ома, бæлвырд хабар мын зæгъид, уыдзæн мын фаг сахæттæ, æви нæ, уый тыххæй. Директор нæй. Фæлæ уæлæ Сафар æрцæуы — скъолайы дæлварс цæрынц. Йæ къухы йæ чингуытæ, журналтæ, газеттæ, алцыппæт хæссæн къутутæнджын пъартфел. Йæ фадыварц дæр рагæйæрæгмæ уыцы æнæивгæ уæзбын, йæхийау куыддæр хъуыдыдзаст, æнæцоппай. Йæ кæсæнцæстытæ хурмæ ферттив-ферттив кæнынц, кæсыс æм, æмæ дæ æцæг дæр уырны: ацы зæххыл, ацы дунейыл, æвæццæгæн, ахæмæй ницы ис, æмæ Сафар цы не 'мбары, уымæ бæстонæууылд дзуапп цы фарстайæн нæ разына.

Хъæубæстæн сæрыстыры хос ахæм лæппутæ, ахæм лæппулæгтæ вæййынц — Борыхъуаты Елæмырзæ, Азиаты Вовæ æмæ Арсен, Хъулаты Ростик, Мырзаты Дзанте æмæ Мырза, Беруаты Барис, Малхъарты Барис, Дзиуаты Хъазыбег æмæ Хазби, Дзарасаты Саукуыдз, Бобæ æмæ Жорæ, Хæдзарæгаты Мæирбег, Джигаты Эльбрус, Мысыкаты Мурик... Уыдоны кæстæртæ Æлбегты Гермæн, Гагосты Лев æмæ Сергей, Пысхацъæты Зауыр, Дзæрæхохты Валери, Борыхъуаты Батыраз æмæ Хъазыбег, Кодзырты Юрик, Бзарты Руслан, Алыккаты Хæмæт, Дзарасаты Юрик, Сугъараты Израил...

Сафары æмгæрттæ, хæлæрттæ, хорз зонгæтæ иууылдæр...

О, æмæ цыдæр иумæйаг ныхæстæ куы акодтам, уæд мын Сафар афтæ:

— Æвгъаугомау мæм кæсыс ахуыргæнæджы куыстæн, кæд уый дæр сæ ахсджиæгтæй у, уæддæр... Æмæ ма-иу тæккæ райсом «Рæстдзинад»-мæ суай!..

Газеты бæрнон секретарь Хæблиаты Сафары нымыгъдæй мæ сæйраг редактор Хъаныхъуаты Валодя куыстмæ айста. Стæй афæдз æмæ 'рдæджы фæстæ фæфæсмойнаг — Хъæбæлоты Биларæн, партийы обкомы зæхмæдзыд фыццаг секретарæн йæ лыстæг хъæлæсæй æхсидæвтæ скалд:

— Если бы я смог, Владимир Николаевич, должным образом доложить в ЦК о случае с Гусаловым, то у меня бы твой

Хаблиев по собственному желанию не ушел с должности ответсекретаря!

Уæд ма «телефонное право» дæр йæ тæккæ тыхы уыд, æмæ «закон — что дышло, куда указал телефон сверху, туда и вышло». Мæ хъустыл æрцыд Емæзайы фырты ныстуан партийæн фельдфебельтау коммæгæс тæрхоны лæгтæн: «С Гусаловым разобраться по всей строгости закона!» Афтæ нæ загъта, по всей справедливости, зæгъгæ, фæлæ, дам... Ома, куыд гæнæн ис, афтæ йæ карздæр бафхæрут уæ цъысымы бахауæджы. Æмæ мын редакци кæд раздæр, цы мын æмбæлд, цы аккаг уыдтæн, ахæм характеристикæ радта, уæд мыл ныр та алы æрымысгæ тæригъæдтæ ныххуырстой: Билар сыл йæ былар бафтыдта...

...Æмæ та ныр дæр Сафар мæты бацыд, уæдæ æз æфсæнвæндаджы фыдбылызæй тæссаг куыстæй — вагæтты бынты мæ-иу арæх рабыр-бабыр бахъуыд стыр станцæты лæугæйæ, — куыдæй раирвæзон, ууыл. Уыцы хуызы ма мыл мæт кодтой Тотраты Руслан æмæ Косты Лизæ дæр. Иуахæмы мын Сафар цæттæ уынаффæйау загъта:

— Одинцов иу стыр æмбырды раппæлыд Æгъуызарты Æхсарбеджы роман «Куырды фырт»-æй, æмæ йæ ды уырыссагмæ аивадон тæлмац скæн.

— Уыцы бæзджын дыуувæ томы?! Мæхи марын? Стæй уырыссагау дæр...

— Уый фаг дæ, мауал дзур. Мыхуыры куыстмæ дæ фæндаг ууылты цæуы. Кæд Æхсарбег фыццаджы хуызæн — телерадиокомитеты сæрдар ма куы уыд, уæдау дзырддзæугæ нал у, уæддæр ма дзы уæз ис.

Нæ хæдзары арæзтадон куыстытæ фæстæдæрмæ аргъæвтон æмæ... Йæ боны, дам, кæй нæ бакæнай, уый сæдæ боны дæр нал скæндзынæ. Æмæ ма абон дæр нæ хæдзары сæртæ уымæн дæлдæр-уæлдæртæ сты...

Романы дыууæ дынджыр чиныджы мæ быны скодтон. Нал хынцын бон æмæ æхсæв, къаты бон æмæ бæрæгбон, уазал æмæ араугæ хур: нæ цæрæн вагон-иу Астраханы судзгæ быдырты афтæ сзынг, æмæ дзы-иу фырæнудæй сулæфæн нал уыд, фæлæ æз уæддæр гъæйттæй тæлмац кæнын, уысмæй-уысммæ мæ хид егъау хисæрфæнæй асæрф-асæрфгæнгæйæ. Æмæ ма уыцы тухитæ, фыдæбæттæ цыфæнды фæуæнт, фæлæ ракæ-бакæгæнæг, алы тæргæйттæгæнæг, йæ ныхас рафæлив-бафæливгæнæг

Æхсарбегæй цас мæстытæ бавзæрстон, уыдон сæхæдæг та? Йемæ цы бон базонгæ дæн, уыцы бон Сафары дывæлдах æлгъыстытæй ралгъитыны аккаг сси. Иннæ фыдæбойнаг та мын тæлмацы редактор фæцис — мæнæ мæ куыстмæ ахæм хъуыдыйæдтæ бафтауæг редактор: «Члены бюро обкома партии сидели лицом к залу!» Цыма уæдæ сæ чъылдымтæ сарæзтаиккой адæммæ, кæд æцæгдзинадæй царды афтæ уыд, уæддæр...

Мæ мæстытæй дыууæ хатты мæстджындæр та Сафар кодта. Фæлæ рæстæджы бон цы нæу: æртасыд мæ зæрдæ Æхсарбегмæ дæр —йæ æвдай азы номыл хуындмæ йын ме 'рдхорд Хъазыбегимæ куы бацыдыстæм, — уый та йын кæддæрты йæ дæндæгтæ дзæбæх кодта, уæд мын афтæ: «Мæнæ мæм цас дзыллæ æрæмбырд, уый дæхи цæстытæй уыныс, фæлæ мын дæ сæмбæлд уæлдай æхсызгондæр у. Мæ ингæнмæ ныккæс, кæд исты мæнг зæгъын!»

Чи зоны, æмæ ма æндæр искæмæнты дæр ахæм къæбæрсайæн ныхæстæ кодта, фæлæ, барын кæй бон у, уый — барæд...

О, Сафар мæ бакъуымы кодта, комкоммæ Одинцовæн йæхимæ курдиат ныффысс, зæгъгæ, цæмæй, дам, уый йæ дæлдæртæн зæгъа, æмæ мын мæ фæндæгтыл политикон-идеологон пыхсытæ мауал калой. Æмæ — ныффыстон. Æмæ — бардзырд радта уый дæр.

Рацарæзты мæнг хур дæр сфаг, цæмæй партийы салд зæрдæ æртæфса, чысыл фæадæймагондæр уа, уымæн. Æрлæмæгъ сты йæ идеологон хъадамантæ дæр. Бирæтæ йын фыццагау нал тарстысты йæ мастисæнтæй дæр: партийæ-иу дæ куы ацух кодтаиккой, уæд-иу дæ цыма цардæй иуварс фехстой, афтæ-иу рауад лæгæн йæ хъысмæт. Суанг ын-иу рæстмæ салам дæр ничиуал лæвæрдта, сæхи дзы-иу йæ раздæры зонгæтæ дæрдты ластой, мах дæр нæ хъарм бынæттæй куы фæхауæм, зæгъгæ, ахæм тасæй.

Æмæ партийæ фыдæнхъæл кæй фесты, ууыл иннæ фысджыты разæй æргом басастысты Сафар æмæ Хъодзаты Æхсар: сæхи йæ рæнхъытæй райстой, барвæндонæй сæ сырх билеттæ æрæвæрдтой. Сафар-иу хъазгæмхасæнты афтæ дæр бакодта:

— Цыппар æмæ йын ссæдз азы дæргъы цы взностæ фæфыстон,уыдон мын фæстæмæ куы раздахид, уæд мын рог хæдтулгæ балхæныны фаг суаиккой, æмæ та-иу дзы Зилгæмæ ныууаин.

О: сæхи Сафары æмæ Æхсары хæстæгдæр æмбæлттæ чи хоны, уыдон та абон дæр ма сты «ум, честь и совесть нашей эпохи». Вæййы афтæ, вæййы, æмæ фæрсæй-фæрстæм стæм, фæлæ иумæ

та не стæм, ома, нæ уды тырнæнтæ, нæ зонды арæзт фæйнæхуызон вæййынц. Æмæ Хуыцау ма зæгъæд, æмæ та æрцæуа «адæмы знæгтыл» ерысæй цуан кæныны рæстæг — ничиуал та никæуыл ауæрдид партийы цытджын номæй...

...Цы дæргъвæтин, цы æнæкæрон дæргъвæтин сты цыфæндыйæ дæр — сæрдыгон бонтау! — нæ иунæг царды дыууæ боны. Æвзонгæй æнæрхъæцæй фæхъуыды кæныс, стыр сагъæссаг фæвæййыс, уæдæ ныр кæд уыдзæн уый, æмæ мæныл сæххæст уа 20, 25, науæд 30 азы?.. Куы атъæбæртт ласынц уыцы цырдæй нæ дугъон бонтæ, уæд та иннæрдæм вæййы лæджы хъынцъым: «Мæнæ афæдзы дæр куыд ницыуал ис, тæккæ знон мыл цыма сæххæст 60 азы!..»

Цыфæнды дæргъвæтинæй дæр нæ цард нæ кæрæдзи бауарзынæн не сфаг вæййы, цыфæнды цыбырæй дæр та нын уæлдайджынтæй фаг у кæрæдзийæн маст скæнынæн...

...Ау, фондз азы рауад, æнæхъæн фондз уалдзæджы, фондз сæрды, фæззæджы æмæ фондз зымæджы, Сафар йæ рухс дунейæ куы ахицæн, уæдæй нырмæ?! Мæнæ йæм цыма а-зымæг цыдтæн бон, дыууæ боны цухæй бæрæггæнæг йæ адзалы сæйгæ рынчынæй... Зыдтон æй, уыдтон æй, æмбæрстон æй, пайда дзы кæй нал ис, уый, фæлæ зондмæ, зæрдæмæ та нæ хъардта, мæнæ сойын цырагъау бонæй-бонмæ цы лæг тайы, сысы, 'руайы, æмпылы... уыцы лæг кæддæры уæнгджынтæ Сафар у; æгæстæй мæрдтæм чи баввахсдæр, уыцы зынгхуыст цæстыты хицау лæг кæддæры зонджындзаст Сафар у, Хæблиаты Сафар, ууыл мæ миддуне æууæндын нæ куымдта.

Æргом цин, æргом хъыг ницæуылуал кодта — мæнæ-мæнæ йæ чиныг кæй рацæудзæн джиппы, суанг ма йæ уый дæр цыма нал æндæвта. Æмæ ма уæдæ уый кæддæры Сафарау Сафар уыд, чиныгыл дæр бацинхъом чи нал у, уыцы адæймаг?..

Цас чингуытæ бакаст, цас — цас зыдта дунеон литературæйæ дæр! Ноджы ма йын æвæджиауы æнæрохгæнаг зæрдæ уыд: сахатгай дын дзырдтаид йæ уарзон æмдзæвгæтæ. Цыфæнды стыр æмдзæвгæ дæр иу дыууæ-æртæ бакастæн бадардта йæ зæрдыл — феноменалон миниуæг...

Алы зæрдæхалæн, удхæрæн мæстытæ рохгæнæн мадзал ма йын уыд шахмæттæй хъазын: Æлбегты Гермæнимæ-иу сæ ерыс 5-6 сахаты ахаста. Иу сæ иннæйы амбула, ууыл-иу нæ уыд сæ мæт, фæлæ сæ хъазты алы уысмæн æууæлты куыд хуыздæр

ацæуæн-ныббырсæн ис, уый-иу агуырдтой æмзондæй. Ома, размæ-фæстæмæ кæнын уагътой кæрæдзи...

Фæлæ-иу уæддæр æмæ уæддæр йæ цинты цин, йæ амæндты амонд агуырдта æмæ-иу æй ссардта фыссæджы хъизæмæртты хъизæмайрагдæр куысты — дзырддзуаны. Æмæ бынтон дзæгъæлы фыста йæ блокноты: «Мæрдты, дам, лæгыл йæхи уд дæр хъаст фæкæны, дарын мæ нæ базыдта, зæгъгæ. Æмæ, æцæгдæр афтæ куы уа, уæд æз, æвæццæгæн, зындоны судздзынæн».

Нæ судздзынæ, Сафар, уымæн æмæ дæ удæн Хуыцауы ныфмадæй, дзырд-Хуыцауы нымадæй, стыр хæрзты бацыдтæ — чи зоны кæсын, уый сæ кæсдзæн; чи æмбары-æнкъары аив дзырды хæрзад, уый йæ æмбардзæн æмæ æнкъардзæн: ирон дзырды дæр бонтау мыстытæ нæ хæрынц, йæ ахсджиагæй æмæ æхсызгонæй хъæугæ дугæн та æнæ ралæугæ нæй. Адæмы фарн домбай у. Стæй куыд нæ базыдтай дæ уд дарын, кæд æмæ йын йæ уарзон зæххæн дæр стыр ахъазты бацыдтæ, уæд — мæнæ та адон дæр дæхи ныхæстæ, дæ цырты сау айнæг къæйыл дæр ма дын сæ мæ фæндæй скъахтой: «Фаг фæфыдæбон кодтон а зæххы риуыл, æмæ мæ хъарм банорддзæн йæ хъæбысы...»

...Диссæгтæ, удæгас лæджы диссæгтæ!.. Цæмæй ма дæн мæхицæй бузныг — цæй хæрд, цæй цыдæр ма фæрæзта, фæлæ дыууæ хатты æхсызгонæй банызта, æз ын кæй бахастон, уыцы дæттæй. Суардон «Ессентуки» уæд фыццаг хатт фæзынди нæ дуканиты, стæй та йын Зилгæйæ сластон цалдæр ботълайы — йæхæдæг æртæ мæйы бæрц нал ныфтыд, йæ удау ын зынаргъ цы хъæу уыд, уырдæм... Æмæ дзы куы анызта куыддæр ауæрдгæ-хъавгæ хуыппытæй, уæд мæ бафарста:

— Кæй цъайы дон у, хæрзадхъуаг нæу, зæрдæйыл æмбæлы.

— Нæ сыхæгты, Мысыкаты. Уыдон дæлбыл дзыхъхъы цæрынц, махæн та къуыбырыл хуыскъ баци нæ цъай, бындæр ацыди йæ дон.

— Ацыд дон, ацыд, æмæ скъолайы гæдыбæлæстæ дæр — Зилгæйы фидауц, — уымæн бахуыскъ сты æмгуыппæй.

...Нæ уæлæуон цард дæр хæрамгæнд хъулон дунейы æрвитæм, нæ марды æгъдау дæр — хъулон кадимæ. Æмæ мыл тынг зын, æвирхъау уæззау уаргъ бафтыдта Лидæ:

— Зынг зæгъынæй ком нæ судзы, æмæ бафæрс Сафары, цæмæй йæ йæхи дзыхæй бацамона, кæм æй бафснайæм, уый. Йе 'нусон бынат кæйдæртау дзырддаг суа, уый мæ æппындæр нæ фæнды...

— Лидæ! Мæн дæр нæ фæнды уый, фæлæ æз, ау, ахæм дурзæрдæ дæн? Куыд æй бафæрсон уымæй?

Фæлæ, Сафар йæ тæккæ цардбаргæйæ дæр цы æхсарджын Сафар уыд, ахæмæй баззад йæ мæрдты фæндагмæ дзагъултæ кæнгæйæ дæр, йæ ингæны тæккæ былгæрон лæугæйæ дæр. Ирон фыдæлты нæрæмон байзæддаг ирон домбай лæг, цæвиттон. Æмæ мын уыйадыл та, раст цыма нæ рагон фæтчы æгъдау куыддæриддæр æмбæлы æмæ фидауы, афтæмæй йæ цыма æххæст кæнын, уыйау фенцондæр, фæныфсхаст дæн:

— Сафар, мæ дуне... Зынг зæгъынæй, дам, ком нæ судзы, фæлæ ныл мæнæ дæу цы хуызы бафæрсыны фыдбон акодта... Нæ мæ фæнды алы гацца разагъд-базагъдтæм хъусын, исты радзур-бадзурты амæддаг суай æмæ... Ома...

— Бамбæрстон дæ. Æмæ — æрмæстдæр Зилгæйы! Мæ фыдæлты фарсмæ...

Райгуырынæн нын цы хъæу, цы бæстæ сбæззы, уымы зæхх не 'нусон хæдзарæн аккагыл кæй нал фæнымайæм, уый дæр та нын кæйдæр æлгъыст уа?.. Зианы æгъдаугæнджыты номхыгъдтæ иронау кæй нæ фыссæм, нæ цыртытыл иронау кæй нæ фыссæм — суанг ма Къостайæн дæр йæ цыртыл иу ирон дзырд кæй нæй, уый дæр та нын искæй азар у!

Цы бирæ хабæрттæ ма сты хъыг Сафарæн мæрдты бæстæм дæр, цы!

...Цæлхыдзаг хур, хортæ сурвых кæнгæйæ, уæлæуæз быдыртыл йæ бондзау балц кæронмæ фæхæццæ кæны: цыма хæхты æрцытау цыргъ цъуппытыл йæ буар фæлыг кæнынæй тæрсы, уыйау йæхи хъавгæ-арæхсгæ цадæггай дæлдæрæй-дæлдæр уадзы арвы къуылдымыл. Æмæ изæрæй ахæм æхцон сатæг, куыддæр уымæлдзæф изæр рауад, æмæ йыл зæрдæ иунæгæй цин кæнынмæ йæ ныфс нæ хаста — æгæр æм каст иу удæй æрмæст йæхицæн æнусон царды хурæргом амонд, Хуыцауы фæлмæн рæвдыд. Мæнæ цы æвæджиауы хорз уаид, зæрдæ æхсызгон æнкъарæнтæй мæнæ цы дзаггæнæг адджын бадт уаид ныр уартæ æнгузы бын фынджы уæлхъус Сафаримæ талф-тулфæй цæттæгонд ирон æгъдауыл абадын... Хъæбатыр цъæх хъæдындзтæ, ногтынд судзинджын джитъритæ, хæндыджы хъæбæр цыхт, чысыл цæххæргом; донгонд хъарм дзул æмæ бадт арахъхъ, æцæг урс нартхорæй конд...

Уыдон — ссаргæйæ сты, фæлæ Сафар йæ фæцу æмæ ма 'рцуйы фæндагыл куы адард, куы...

Фæлæ ма Зилгæйы абон дæр йæ хорз хæлæрттæ, йæ дзæбæх æмгæрттæй иу ис: Елæ... Елæмырзæ... Цæуон æм, ацы сызгъæрин сатæг изæр æм фæхæссон, æмæ...

Æмæ, абон кæй кой скодтон, уыдонæй уæлæуыл чи нал ис, уыцы зынгхуыстытæн Сафаримæ иумæ рухсаг зæгъæм.

...Сафар цы бон ахицæн, уыцы саузæрдæ бон мын Гермæн афтæ — уырыссагау сæ загъта æмæ сæ нæ тæлмац кæнын:

— Что сказать о Сафаре? Только одно: Сафар был родным человеком!

...Мæ дзурæн дзыхæй, дам, хъæдтæ æмæ дуртæ фæхæрон, кæд ма, дам, æз дæу тыххæй уымæй уæлдай исты зæгъон, уæд!..

*09.01.08*



*Байаты Альбинæ, Дудараты Вероникæ æмæ Карсанаты Дилярæ.*
*Ирон аивады декадæйы рæстæг Мæскуыйы. 1960 аз.*

*ГОДЖЫЦИАН-ЧЕЛДЫТЫ Надя*

# НЫХÆСТÆ

## ИРОН ЧИНЫГÆН

**Нæ рухс цырагъ, цы дæм касти, цы фыдфынтæ.**
**Дæ цæхæр дын цы тыхдымгæ ныффæйлыдта?**
**Лæууыс, мæгуыр, сæргуыбырæй нæ фæсдуар,**
**Сæудæджер нæм табуйаг у — бæрзонд дзуар.**

**Нæ цæстысындз æхсæндзарды — дæ уаз дзырдтæ,**
**Ныссæрфтам сæ кæйдæр рухсмæ нæ дзабыртæ...**
**Хуыцауы зæд дæ рæстудыл куы андзæвид,**
**Дæ рох сыфты зынг хуры бæстæм аххæссид.**

*2007*

* * *

**Кæны нæ уды фæллой бонæй-бонмæ къахыр.**
**Зынгæй æвзалымæ нæ галиу зонд тæры.**
**Куыд уа нæ байзæддаг ыслæууынхъом йæ къахыл,**
**Кæд нын уæрæседзауæй Ир-зæххыл цæры?**

**Кæнæм æндæр мыггаг нæ хъæбултæн сæ удтæй,**
**Кæйдæр базыртыл нын уæларв бæстæм тæхынц,**
**Сæрфынц нæ хæддзуты рыгбадт дзабыр сæ худтæй,**
**Цæстмæхъусæй сын арфæтæ кæнынц.**

**Кæнæм былысчъилтæ фырзондджынæй нæхиуыл.**
**Цыдæр мамм у цыма Къостайы уаз æвзаг.**
**Цыма хæрхæмбæлд фестæм амондхор æвдиуыл —**
**Нæ уынæм бонрухсæй цæхæркалгæ фæндаг.**

*2007*

# НЫХÆСТÆ

**Хуымгæндафон уæларв зæдтæм цынæ куывдты**
**фæкуывтам! —**
**Ныууæй нæ зæхх цъæх базары — йæ марой йын нæ**
**хъуыстам.**

**Нæ гаджидау, нæ рæгъытæн кæрон нæ уыд**
**æппындæр —**
**Къуыригæйттæ хох арыдтой, нæ цъæх фæзтæ,**
**нæ быдыр!**

**Фæдæлдон и Ныхасы фарн нæ донарæх ныхæстæй, —**
**Нæ зæрдæйы зæгъинæгтæ кæдмæ дарæм æмбæхстæй?**

**Нæ Иры бæстæ бафсæстам дзыппыдаргæ ныхæстæй, —**
**Историйæн йæ фæдджийыл æрцауындзæг ныхæстæй.**

*2007*

*ХЪÆЦМÆЗТЫ Азæ*

## МÆРДТÆМ ДÆР ИС УАРЗÆН

**Мыййаг кæд мæрдты бæсты цард и,**
**Уæд-иу мæм æрбахæсс ды уарди.**
**Уым разы уыдзынæн дæ зондыл,**
**Æмæ иу мын ахæц мæ цонгыл.**

**Цыбыр уыд нæ фембæлд æвзонгæй,**
**Фæдæн æз æнæхай дæ зондæй.**
**Дæ карæн æвгъау уыд мæлæтæн,**
**Дæ уарзт уыд æвзарæн мæнæн та.**

**Дæ разы æз хатын мæ азым,**
**Мæрдтæм дæм мæ сæнтты дзыназын.**
**Нæй царды дыууæ фарсæй хъазæн,**
**Зæгъын дын: «Мæрдтæм дæр ис уарзæн».**



*Баситы Чабæхан (рахизырдыгæй) æмæ Гуыриаты Бæди.*

*СИТОХАТЫ Саламджери*

# САТИРИКОН РАДЗЫРДТÆ

## ТУХИТÆГÆНÆГ

Бадынц фынджы уæлхъус дыууæ сыхаджы: Бæстылбег æмæ Фуфу. Бæстылбег асæй — ныллæг, ставдбæрзæй, сæр — гыццыл. Æвæццæгæн, бæрзæй æдзухдæр цин кæны, уæззау хæссинаг мæм не 'рхауди, зæгъгæ.

Æниу йæ гæлдæр! Исчи йын, цыма, йæ гуыбыныл боцкъа бабаста. Æддæмæ рафардæг. Бæстылбег стæм хатт фены йæ мæгуыр къæхтæ уый аууонæй. Йе 'цæг ном Дзабо у, фæлæ йыл чидæр уыцы фæсномыг ныххуырста, уынаффæ кæнын бирæ кæй уарзы, уый тыххæй. Хаттай йын сых фаг нал вæййы, æмæ уæд ахæццæ вæййы уынаффæгæнгæ Уæрæсемæ, Астæуккаг Азимæ, суанг ма йæхи фæтъыссы Францы кæнæ Англисы хъуыддæгты, уæд æмæ, дам, уым раст нæ бакодтой, рæдыдтытæ, дам, æруагътой...

Бынтондæр æндæр у бакастæй дæр, уды кондæй дæр Фуфу. Уæливых, фыдджын, науæд хуыппаг цалынмæ тынг ныууазал уой, уæдмæ сыл фу-фу кæндзæн, Фуфу дæр æй куыд нæ схуыдтаиккой. Фæлæ цæстытæ — цæстытæ сты, куыддæр хæринаг ауынынц, афтæ ныффæдис кæнынц ахсæнмæ, ома, дæхи æрцæттæ кæн, ныртæккæ дын куыст уыдзæн. Гъемæ йæ ахсæн дæр æнхъæлмæ

кæсынæй бафæллайы, стæй йæм æрæджиау минас куы ныфты, ноджы уазалæй, уæд ма йæ бар-æнæбары куыддæртæй бакусы. Æвæццæгæн, Фуфу къæсхуыр дæр уымæн у. Цæсгомы цармыл æддæмæ цы рахæца, уый нæй, æмæ æнцъылдтæ сбирæ сты.

Бæстылбег уарзы Фуфуимæ фынгыл бадын. Йæхи раз куы сафтид кæны, уæд Фуфуйырдæм бавналы. Æрмæст цæхджынтæ нæ уарзы. Мæнæ та ныр дæр йæ цæст фынгыл къабускайы цæхджын йеддæмæ ницæуыл хæцы. Лæг арахъхъ анязы, къæбæрмæ басмуды æмæ ууыл йæ архайд фæвæййы.

— Не 'фсин, хъарм хæринаг куы уаид, науæд Бæстылбег цæхджынтæ нæ уарзы, — бадзырдта Фуфу цæлгæнæнмæ.

— Фæцæуын, — райхъуыст Сæнионы хъæлæс. Уалынмæ сын æрæвæрдта фыдызгъæлы къуылдыхтæ нурыдзæхдонимæ. Бæстылбег, айтæ-уыйтæ нал фæкодта, дзидзайы фæзгъæл фелвæста æмæ Фуфумæ бадзырдта:

— Æз къабуска афтæмæй уарзын: дзидза хæр æмæ уымæ кæс.

Фæйнæ æртæйы куы анызтой, уæд та Бæстылбег фемæхст:

— Ныр æнæхъæн дыууæ боны хъуыды кæнын. Уый куыд зын куыст у, ды уый куы зонис, Фуфу уæд...

— Уагæр цæуыл хъуыды кæныс? Исты мын фыссæг куынæ дæ, науæд депутат, гъе та...

— Æмæ хъуыды уыдон йеддæмæ ничи фæкæны? Æви афтæ зæгъынмæ хъавыс, электрик дæ, хуымæтæг адæймаг, æмæ дæ сæр ма риссын кæн? Нæ, нæ, дунейысконд вазыгджын у, æмæ алчи дæр хъуамæ йæ сæр змæлын кæна. Цæуыл хъуыды кодтон, уый дын бамбарын кæндзынæн. Куыд дæм кæсы, Фуфу, нæ бæрæгбæттæ æгæр чысыл не сты?

— Æмæ гъа. Нæ фыдæлтæ сæ æрхъуыды кодтой, мах бон сын цы у?

— Раджы заман, чи зоны, сылгоймæгтæ нозт кæнынмæ тынг нæ арæхстысты, фæлæ ныр та?.. Уæвгæ... Кæстæртæ ныртæккæ хъайла кæнын зонынц, æндæр ницы. Æмæ афтæмæй куыд уыдзыстæм? Ахуыр кæнын сæ хъæуы. Махæн нæ чызг цалынмæ бæгæны æмæ арахъхъ кæнын хорз базыдта, уæдмæ йæ моймæ нæ радтам. О, æмæ уый дзырдтон. Бæрæгбæттæ хæрз чысыл сты, иуæй-иу дзæгъæлдзыхтæ та сæ бирæ хонынц. Ноджы нæм цы бæрæгбæттæ ис, уыдон дæр уайтагъд атыффытт кæнынц.

— Æмæ сын цы дæ бон у? Сæ фæтк ахæм у...

— Уæдæмæ ды, Фуфу, рагæй дæр куыдфæндыйы цæстæй

кæсыс цардмæ, æгъдæуттæм. Алцы дæр уазалæй уарзыс. Æмæ рæдийыс. Уазалæй нæ хæринаг бæззы, нæ нозт, нæ сылгоймаг... Исты æрхъуыды хъæуы. Фæдаргъдæр сæ кæнæм нæхи сыхы, стæй иннæ рæтты дæр мах фæзмдзысты.

— Ома, ома? — йæ сыхаджы цæстытæм нымдзаст Фуфу.

— Мæнæ, зæгъæм, Уациллайы бæрæгбон æрбахæццæ кæны. Æмæ йын дыууæ къуырийы фæкувдзыстæм, куы иу хæдзары, куы — иннæйы.

— Æмæ уæд Дауджытæ та? Сæ кувæн бон иннæ хуыцаубоны уыдзæн, къуырийы фæстæ. Нæ сæ сæмхæццæ кæндзыстæм?

— Уый та фæстæдæрмæ аргъæвдзыстæм, — фæцырд Бæстылбег.

— Уымæн йæ дыккаг хуыцаубон та Хетæджы бон уыдзæн. Цæвиттон, æртæ бæрæгбоны дæр цæуынц кæрæдзийы фæдыл, се 'хсæн кард фæцæвæн дæр нæй.

— Гъеныр нæ рагфыдæлты цы схуындæуа?! — мæстыхуызæй загъта Бæстылбег. — Бæрæгбæттæ кæрæдзийы фæдыл куыд равæрдтой! Исты мадзал ссарæм.

— Æмæ бæрæгбæттæ куы ныддаргъ кæнæм, уæд ма кусгæ та чи кæндзæн?

— Кусгæ? Боныгон кусдзыстæм.

— Æмæ нозтвæлладæй райсомы цастæ бакусдзынæ?

— Раст мын, цыма, хъæдæй суг фæласыс. Хилдасæг дæ, æмæ...

— Æз нозтæн фидар нæ дæн. Уæлдайдæр демæ куы баиу вæййын, уæд... Ды адæймагæн тыххæй нуазын кæныс.

— Æмæ дын айфыццаг дæр æз бануазын кодтон, уæлæ Сандыримæ куы фæбыцæу стут, уæд...

— Кæд уыди, уый?

— Басусæг кæнынмæ йæ хъавыс? Кæд дæ ферох, уæд дын æй æз дæ зæрдыл æрлæууын кæндзынæн. Сандыр дæм йæ сæр æлвынынмæ бацыд? Бацыд. Ныхæстыл фестут. Лæг йæ норкæ худ йæ сæрæй нæма systa, афтæ йыл дæ машинкæ сыскъæрдтай. Æрæджиау ма йæ фæхъуыды кодтай, фæлæ байрæджы. Бафидын дын æй кодта? Цы баистут?

— Йæхæдæг дæр аххосджын уыд. Йæ сæрæй систаид йæ худ. Бæргæ, дæу хуызæн нозтæн фæразон куы уаин, уæд...

— Æмæ мын иу бон, далæ Добе уайдзæф куы бакодта, дæ нозт, дам, ныууадз, цалынмæ, дам, дæ ток нæ ныццавта, уæдмæ, æви, дам, дæ рох фæвæййы, электрик кæй дæ, уый? Мæхи йæм

баурæдтон, æндæр ын афтæ зæгъинаг уыдтæн, дæу, зæгъын, дæ ус куы ныццавта фарон тебæисæнæй, хæдзары дæ иу сылгоймагимæ куы баййæфта, уæд. Уæдæ ма мæнмæ не 'фсин йæ къух сисид! Æз æм ток саразин! Афтæ æрыхъуыстон, райсом, дам, Добе йæ фыртæн ус хæссы. Хонæг мæм куынæ сæрвита, уæд ын æз аккаг фæуыдзынæн.

— Цы йын кæндзынæ?

— Уый мæхæдæг зонын.

— Базыдтон æй. Изæры цырæгътæ ахуыссын кæндзынæ. Айфыццаг Амырханæн дæр афтæ бакодтай.

— Чи загъта?

— Æз дын æй зæгъын. Хонæг дæм нæ уыд, æмæ... Æз дæр уæд уым уыдтæн. Дыууæ сидты куы фæкодтам, уæд цырæгътæ ахуыссыдысты цалдæр хатты. Иу рæстæг рухс куы радтой, уæд кæсæм, æмæ хистæры цур физонæг нал уыд.

— Телтæ-иу замыкъани радтой. Æмæ уый мæн аххос уыди? — загъта Бæстылбег мидбылты фæлмæн бахудгæйæ. — О, хæдæгай, нæ ныхасы рахæцæн йед уыдис... Ног бæрæгбæттæ æрхъуыды кæнæм. Бауырнæд дæ, æз дæр мæхи мæт нæ кæнын. Не 'ппæтæн дæр хорз цæмæй уа, ууыл архайын. Зымæгон бæрæгбæттæ бирæ нæ вæййы, æмæ... Æрхъуыды кæнæм ног бæрæгбон. Схондзыстæм æй «Мит хæссæн», ома миты бæрæгбон. Ау, кæрдæгæн хæссæн куы ис, уæд митæн хæссæн нæй?

Дыууæ сыхаджы бæркады тыххæй куы баныztой, уæд та Добе сæ зæрдыл æрлæууыд.

Уæдæ райсом Добетæм чындзхаст уыдзæн? — загъта Бæстылбег æмæ ма йæ ныхасмæ бафтыдта. — Хонæг нæм кæд уаид. Нæ сых хæдоны дысы хуызæн у. Хъæуæй фæиуварс. Ардæм хонджытæ хатгай фæзивæг кæнынц, æмæ... Райсом нæхи стыр уынгмæ байсдзыстæм æмæ уæд та хонæг кæдæм ирвæздзæн?

— Афтæ, афтæ, фæлæ... Кæд мæ равдæла, уæд...

— Дæ хорзæхæй, Фуфу, кæдмæ цæрынмæ хъавыс?

Æхсæвы хорз бафынæй Бæстылбег, æрмæст фæсæмбисæхсæв йæ былтæ цъæм-цъæм кæнын райдыдта. Йе фсин Дадали йæм смæсты æмæ йæ иу афон райхъал кодта:

— Цы хæрыс? Дæ дзыхы исты ис?

— Цы дзы ис? Фыны, уартæ, Добетæм фестадтæн. Мыггаджы хистæр Гагуыдз мын нуазæн авæрдта, уырдыглæууæг та карчы базыг æмæ гъе уый æвууылдтон.

Райсомы Бæстылбег йæ æддæмæисæн уæлæдарæс скодта æмæ дуармæ рацыд.

Уыцы рæстæг йæ уæлхъус алæууыд иу лæппу æмæ загъта:

— Абон Добе йæ фыртæн ус хæссы æмæ уын хъусын кæнын, — йæхæдæг уынджы дæлæмæ фæраст.

Хонæг куы фæаууон, уæд бахъуыр-хъуыр кодта:

— Гъеныр та мын уыцы фыдæбон чындзхасты чи тухитæ кæндзæн!

## УÆЛХЪÆДÆЙ МАРД

Мæлæтæй Курки куыд тæрсы, афтæ дзы мачи тæрсæд. Зианджынтæм бацæуы, скæны йе 'гъдау, фæлæ марды цæсгоммæ никуы ныккаст, уæд, дам, фыны мæ цæстытыл фæуайы. Йæ мадымадæй-иу арæх хъуыста, куыдзы ниуын, уыджы уасын, дам, æвзæрмæ цæуынц.

Æмæ, цыма, йæ сыхаг Хъылци уый фыдæнæн æрбакодта фыййæуттæй стыр сау куыдз. Æвзæр цард ын нæ уыд, фæлæ уæддæр æхсæв-бонмæ ниудта æмæ ниудта. Æвæццæгæн, уый размæ уæгъдибарæй царди, ныр та баст уыд æдзухдæр, æмæ йæ ниуынæй не 'нцад. Уымæ хъусгæйæ-иу Курки хуыссæджы цъыртт нал федта.

Цыдысты бонтæ. Лæджы зæрдæмæ рухс никæцæйуал касти. Хъæлдзæг ныхас йе 'взагæй никуал ратахт æддæмæ. Суанг маиу куывды дæр, чындзхасты дæр къуыттыйы бадт кодта. Иудадзыг дæр-иу йæ цæстытыл уадысты уæлмæрдтæ, мæрддзыгойы адæм, хæрнæг...

Иу æхсæв та Курки фыны фестади мæрдтыбæсты. Аминон лæууыд стыр кулдуары цур. Иуты мидæмæ кодта, иннæты та фæстæмæ здæхта. Курки дæр æнхъæлмæ каст, цы йын зæгъдзæн, уымæ. Аминон ыл йæ цæстытæ æрхаста сæрæй къæхтæм æмæ афтæ:

— Кæд ма исты зонын, уæд ды хъуамæ фарон æрцыдаис ардæм. Куыд дæм кæсын, афтæмæй мæлæтæй тынг тæрсыс. Уыцы фыдхуыз дæр уымæн дæ. Ахæм хуызæнæй ма кусгæ кæныс?

— Ныр цалдæр азы никуы кусын. Хъару мæм нæй.

— Гъемæ хуыздæр уаид, куы æрæнцаис, уæд.

Куркийыл цыма исчи уазал дон бакалдта, уыйау ныррызти. Йæ хъизæмайраг фын фескъуыд. Райсомæй хабар ракодта йе 'фсин Дзæдзæгайæн. Уый бахудт:

— Цы тæппуд дæ! Мæнмæ байхъус. Дæ сæр базыл куы руадзыс, уæд ма-иу дæхи мидæг хъæлдзæг зарæг кæн, науæд та-иу дæ цæстытыл ауайын кæн ирон хъæзт. Адæм хъæлдзæг. Фæндыры цагъдмæ фæсивæд симынц. Кæддæра ма уæд дæ фыны мæрдтимæ архаис...

Сæххæст кодта Курки йæ усы фæдзæхст. Фæлæ та уæддæр февзæрд тъæпæн дунейы. Сæ сыхаг ус Софи фарон ахицæн цардæй. Фæндырæй хорз цагъта. Иу ран Курки дзæнæты цъæх нæумæ быруйы сæрты бакаст æмæ йæ цæстытæ андæгъдысты Софийыл. Быруйы сæрты рæвдз бахызт. Бацин кодтой кæрæдзиуыл. Курки баййардта усы, цæмæй фæндырæй ацагътаид. Софи сразы. Уайтагъд адæм æрбамбырд сты. Хъаст стынг. Курки кафынæй нал æфсæст. Хæрдмæ-иу пуртийау фæхауд. Уалынмæ та йæ уæлхъус алæууыд Аминон. Сау-сауид боцъотæ йæ даргъ лыстæг æнгуылдзтæй асæрфæгау кодта, стæй мæсты каст бакодта Куркимæ:

— Чи дын загъта, æмæ ам хъаст саразай?! Цæмæн фехæлдтай дзæнæты сабырдзинад?! Уæлдайдæр ныртæккæ. Майрæмы куадзæны бон! Уæллаг дунейы абон адæм сæ мæрдтæн хæлар кæнынц алы минас, ды та ам!.. Стæй зындоны чи ис, уыдоны ардæм цæмæн æрбауагътай?! Дзырдæн зæгъæм, уæртæ Хрущевы?

Уæдмæ Хрущев æрбацыд Куркийы цурмæ. Йæ уæлæ уыд хуыдзармæй костюм, шляпæ æмæ дзабыртæ.

— Ардæм æрæджы æрцыдтæ? — афарста Хрущев Куркийы.

— Абон.

— Æмæ куыд цæуынц сæ хъуыддæгтæ мæ фæстæ?

Уыцы рæстæг сæ уæлхъус фегуырд Сталин. Ехсæй ралæууыд Хрущевыл, уый алыгъд.

Курки йæхи нал баурæдта:

— Æмбал Сталин! Горбачев дын дæ Советон Цæдис фехæлдта!

— Искæд ардæм хъæудзæн уый дæр... Уартæ Хрущевмæ кæсыс? Хуытæ хизы æхсæвæй-бонæй. Горбачев æмæ иннæтæн дæр куыст ссардзыстæм! — Уыцы ныхæсты фæстæ Сталин лулæ сдымдта æмæ дзæнæты бæлæстæй иуы бын цъæх нæууыл йæхи æруагъта.

Хъасты адæм дæр фæпырх сты.

— Сайыс! Æмæ уæд æрдæбон кафгæ куы кодтай! — фæхъæр кодта Аминон æмæ чысыл æддæдæр чи лæууыд, уыцы мæкъуыстæгджын лæппулæгмæ фæдзырдта. Уымæн йæ иу къухы уыд

лæдзæг, иннæйы та дыууæ стыр чиныджы, сæ иу — сау, иннæ — урс.

— Æркæс-ма, Хъæрæу, дæ сау чиныгмæ. Ацы лæг уæлæуыл цы мигæнæг уыд?

Хъæрæу тагъд-тагъд рафæлдæхта сау чиныджы сыфтæ æмæ райдыдта кæсын:

— Мæнæ иу хатт фæллад фæндаггон лæгæн нæ загъта, «фысым нæм бакæн», зæгъгæ, æмæ уый дæр сауталынджы сыхаг хъæумæ араст. Иннæ хатт хъæдмæ цуаны ацыд æмæ лæппын сæгуыты мады амардта. Иу рæстæг та дыууæ телефоны адавта æмæ сæ скъoлады хицауæн бафидын кодтой.

— Уыдон мæхæдæг дæр загътон Барастырæн. Фæлæ... Иннæ тæригъæдтæ йын не схъæр кодтон. Бахатыр мын кæнут.

— Йæ бынат зындоны ис, нæ кадджын, нæ тъæпæн дунейы хицау. Курки фехъал. Йæ сурхид акалди. Дзæдзæгайæн та ракодта хабар.

— Диссаг! Фестадтæ та мæрдты бæсты?

— Аминон мын алывыдтæ акалдта, ам, дам, хъаст цæмæн сарæзтай? Зындонмæ мæ кодтой. Иу сау чиныджы мæ тæригъæдтæ фыст уыдысты. Æвæццæгæн, мæ хъуыддаг хорз нæу.

Уымæн йæ дыккаг æхсæв сыхæгты куыдз дзæвгар фæниудта. Райсомæй Куки æгæр æрæгмæ куы каст æддæмæ, уæд æм Дзæдзæга бауад. Йæ лæджы цæсгомыл амондджын мидбылхудт бандзыг. Æвæццæгæн та йæ фыны мæрдты бæсты уыд æмæ Хрущевæй чысыл фалдæр уæрыччытæ хызта — уæлыгæс уыд, йæ амондджын сабибонты æхсызгон куыст кодта...

## ÆМХЪÆУККАГ ХИЦАУ

— Уæ нæ лæг, айфыццаг цин куы кодтай, райæххæсткомы сæрдары хæдивæг, дам, мæ хъæуккаг сси, зæгъгæ, уæд æм дæхи цæуылнæ бавдисыс? Нæ тыхст хабæрттæ йын ракæн...

— Мах иу сыхы цардыстæм. Иумæ-иу хъазыдыстæм, иу скъоламæ цыдыстæм, фæлæ ныр уый... æз та...

Уый-уый, ды та — ды, æмæ йæм бацу!

— Гъемæ хорз, Мери. Тæккæ райсом æм цæуын.

— Рагацау дæ дзуринæгтæ дæ сæры æрæмбырд кæн, кæнæ та сæ гæххæтты гæбазыл ныффысс æмæ-иу сæм дзургæ-дзурын аивæй æркæсдзынæ, куыд дæ ницы ферох уа, афтæ.

Темыр райæхххæсткомы æнхъæлмæкæсæн уаты бирæ адæм нæ байййæфта. Хортæ, халсартæ, дыргътæ æфснайæн рæстæг уыд, æмæ никæй æвдæлд алы лæгъстæтаг рауай-бауайтæм.

Темыр бацархайдта, хицаумæ æппæты фæстагмæ куыд бацыдаид, ууыл. Æмæ мæнæ бахызт кабинетмæ. Бацин кодтой Зауырбегимæ кæрæдзиуыл. Æрымысыдысты сæ кæддæры бонтæ.

— Зоныс, мæ зæрдыл иу бон дæ фыд Тотырбег æрлæууыд. Рухсаг уæд...

— Цæмæн? — афарста Темыр.

— Рухсаг уæд! — загъта та ногæй Зауырбег æмæ фестынмæ хъавыд, фæлæ йæ йе стыр гуыбын не суагъта сыстын. — Хорз ма йæ хъуыды кæнын. Иуахæмы нæ хъæумæ хохæй æрлыгъд иу лæг. Кæд ма исты зонын, уæд æй Гадæгко хуыдтой. Сæ рæзты дон калд, гъемæ-иу райсомæй раджы уырдæм рауад, астæуæй уæлæмæ-иу йæхи уазал донæй æрæхсадта. Гъемæ дын иу зымæгон райсом дæ фыд Тотырбег дæр уым лæууы. Гадæгко йыл худы, куы, дам, ныккука дæ, уанцон уазал нæу... Уæд ын дæ фыд афтæ бакодта, хæснагæн, дам, æд батинкæтæ цæугæдонмæ бахизæм. Уым нæ фылдæр чи фæуа, уый иннæйы сæхимæ ахондзæн, кæимæ йæ фæнда, ахæм дыууæ лæгимæ.

Бацыдысты ихджын доны. Гадæгко дзы ссæдз минуты бæрц куы алæууыд, уæд былмæ сгæпп кодта. Дæ фыд Тотырбег ма уæддæр доны лæууы æмæ лæууы цасдæр. Стæй йын Гадæгко загъта, рахиз, фæуæлахиз дæ, зæгъгæ. Æртæ лæгæй сын ахъаззаг фынг сарæзта. Стæй йын загътой, дæ фыдæн йæ къæхтæ...

— Хъæдæй йын уыдысты! — фæцырд Темыр — хæсты йын ахаудтой... Цæуыл фæкалдта уæд йæ туг мæ фыд? Йæ цард тухæнтæгæнгæ арвыста, ныр та — æз дæр... Мæ зонгæйæн та йæ фыд хæсты рæстæг йæхи бафснайдта, стæй дын хицауы бынаты æрбадт. Ноджы йæ дыууæ фыртæн дæр айдагъ сæ устытимæ егъау фатертæ. Кæм ис рæстдзинад?..

— Дæ ныхас фæстагмæ фæкарз.

— Æмæ уæдæ цы кæнон? Фараст азы иу чысыл уаты цæрæм фондзæй, æхсæв дыууæ-æртæ хатты байгом кæнæм уаты дуар.

— Цæмæн? — афарста Зауырбег.

— Уæлдæф нын фаг нæ фæкæны...

Уый хорз нæу. Адæймаг уæззау уæлдæфы æвзæр фынæй кæны, стæй, хæдзар æгæр тæвд куы вæййы, уæд дæр, — загъта Зауырбег æмæ сагъæсгæнæгау йæ армытъæпæнтыл йæ сæр æруагъта.

«Хъуыдыты ацыд. Мæ уавæр ын йæ зæрдæ фæцагайдта. Афонмæ дæр æм æрбацæуын хъуыд. Йæ фыды хуызæн раст адæймаг фæци, цыдæриддæр у, уæддæр. Хуыцауæн табу, ацы хатт кæд»... — хъуыды кодта йæхимидæг Темырсолтан.

— Бахатыр кæн, фæлæ нæ ныхас фæцыбырдæр кæнæм, науæд ма мæм кæд исчи æрбацæуинаг у, — загъта Зауырбег, йæ сæр уæлæмæ нæ исгæйæ.

— Уым ничиуал ис. Фæстагмæ æз барæй ныллæууыдтæн, цæмæй дын мæ дзуринæгтæ бæстон æмæ бæлвырдæй...

— Хъусын дæм...

«Мæнæ кæдæй-уæдæй хуызæнæн хицауыл фембæлдтæн! Мæ ныхæстæм ныртæккæ йæ цæссыгтæ фемæхсдзысты», — хъуыды кæны Темыр, стæй йæ ныхас дарддæр анывæзта:

— О... Æз пъолыл фæхуыссын, не ’фсин æмæ нæ чызг иумæ сынтæгыл, нæ дыууæ лæппуйы та — ваннæйы.

— Куыд ваннæйы?!

— Дон дзы нæ вæйййы. Сæ быны сын гобан нывæрæм, афтæмæй.

— Зæхх куы райстаис, уæд... Нæ хъæуы кæрон чидæртæ цы стыр хæдзæрттæ ныззылдтой, — райхъуыст Зауырбеджы æрдæгфынæй хъæлæс.

— Агуырдтон, фæлæ мын нæ радтой. Стæй хæдзар скæнын дæр кæй бон у... Мæ мызд хæринаджы фаг дæр тыххæйты кæны. Уал бинойнаджы... Ноджы не ’фсин æнæфæразгæ вæйййы арæх, — Темыр ма цыдæр зæгъынмæ хъавыд, фæлæ Зауырбеджы хуырхуыр куы ссыд, уæд цавддурау фæци. Уыцы рæстæг æрбауад секретарь чызг æмæ ныллæг хъæлæсæй афтæ:

— Ацу. Æндæр хатт æм æрбацæудзынæ. Мах цур куы райхъал уа, йæ уæлхъус нæ лæугæ куы фена, уæд æм хъыг фæкæсдзæн.

— Фефсæрмы уыдзæн, зæгъынмæ хъавыс?

— О...

— Æмæ исты Зауырбег коммунист у? — афарста Темыр.

— Уыдис...

Темыр хъуыдыты аныгъуылд, стæй афтæ бакодта:

— Æмæ ныр фæхуыздæр? Æнæ парти?

— Кæцæй?! Раздæрау ныр дæр йæ кабинеты бафынæй вæйййы.

— Уæдæ мæгуыр лæг дæр раздæр дæр мæгуыр уыд, ныр та бынтондæр...

# ХУЫНКЪ СУАРИ

Сули-иу горæтæй сæхимæ хъæумæ арæх ныууад, фæлæ ныр æнæхъæн мæй никæцæйуал зыны. Ныййарджытæ тыхстысты, кæд, мыййаг, рынчын у, зæгъгæ. Иу бон Нано йæ лæг Хамырзæйæн афтæ бакодтп:

— Ацы хуыцаубон ма куынæ æрцæуа, уæд æй абæрæг кæндзынæ. Фæлæ чындз Райхан та кæм фæдæлдзæх?

Хамырзæйы горæтмæ цæуын нал бахъуыд. Сæ фырт фæзынд сабаты изæрæй.

— Дæ хорзæхæй, хъæумæ фæндаг нал зыдтай?

— Рæстæг мын нæ уыд. Адæм фæхæлоф кодтой...

— Цæуыл?

— Чи кооператив гом кæны, чи та хаццонæй архайы... Æз дæр... Иу хæрæндон рæстæгмæ райстон.

— Æцæг? Мæнæ ам дæр хъæуы чидæртæ... Дыууæ фермæйы хицæн лæгтæн радтой. Уæртæ не 'рвад Сикъо та дзы ссæдз рæуæды æрбатардта сæхимæ схæссынмæ. Хæдзарад ын холлæгтæй æххуыс кæны. О, æмæ дæ нæ афарстон... Алцы куы фæзынаргъ, уæд сымахмæ та?

— Махмæ дæр. Кæд хъæрмхуыпп раздæр 55 капеччы уыд, уæд ныр та у æртæ сомы.

— Æмæ уын фыдæзгъæл кæм вæййы?

— Зонгæты руаджы амал кæнæм. Базары дæр алхæнæм.

Сули горæтмæ куы цыд, уæд ын фыд бафæдзæхста:

— Лæппу, сабаты-иу æруай. Хос ракæрддзынæ. Ссивгæ йæ мæхæдæг бакæндзынæн.

Бонырдæм уыдаид, афтæ дын Сулиты фатеры дуар бахостæуыд. Ракаст Райхан. Къæсæрмæ лæууыдысты дыууæ æнæзонгæ нæлгоймаджы. Сæ уæлæдарæс уыд чъизи, сæ къухтæ — тугæйдзаг. Сылгоймаджы буар бадыз-дыз кодта сæ уындæй.

— Чт стут? Ацафон уæ цы хъæуы?

— Ма тæрс, мах Сулийы хæлæрттæ стæм. Кæм ис йæхæдæг?

— Хуыссы.

— Райхъал æй кæн. Йемæ нæ ныхас ис.

Сули лæгтыл бацин кодта. Райхан сын дуаргæронæй сæ ныхæстæм хъусы.

— Æртæ стуры хæйттæгондæй схæццæ кодтам.

— Мæллæг ма уæнт.

— Сæрдыгон мæллæг фос кæд федтай? Айфыццаг нын æгæр чысыл бафыстай.

— Уæдæ уæ цас хъæуы?

— Æхсæз сомы килойæн.

— Нæ, фондз сомæй фылдæр уын нæ ратдзынæн! Мæнмæ дæр дзы хъуамæ иу чысыл пайда баззайа.

— Гъемæ фæуæд, — æнæбары сразы дзурæг.

Изæры Сули сæхимæ хъæлдзæгæй бацыд. Уыд та сыкъадзæф. Райханы æрбахъæбыс кæнынмæ хъавыд, фæлæ дзы уый йæхи атыдта.

— Цы кæныс, мæ зæрватыкк? Дæ цæстæнгас мæ зæрдæмæ æппындæр нæ цæуы.

— Мæнæн та дысоны уазджытæ мæ зæрдæмæ нæ фæцыдысты!

— Мæнæн фæцыдысты! Стæй ма ноджыдæр фæцыдысты мæ зæрдæмæ дæ канадаг кæрц, дæ итайлаг туфлитæ æмæ цырыхъхъытæ, нæ персайнаг гауызтæ, хæдзары дзаумæттæ, егъау уазалгæнæн, телевизор, рыгцъирæн, хæдзары кинотеатр, нæ «Тойотæ», нæ хæрд — нæ хæлц! Æхсæвдзу дæм куы ничи кæна, уæд дæм фырмæгуырæй боны рухс нæ зындзæн! Ахуыргæнæг дæ, фæлæ æз та де скъоладзау нæ дæн. Цу, хуыссæн мын бакæн. Æз куыствæллад дæн...

Сабаты сæм Хамырзæ йæхæдæг фæдисонхуызæй схæццæ. Райханæн рахабар кодта.

— Не стурты нын адавди! Æхсæвы сæ скъæтæй атардæуыд! Лæппуйы куы фенин... Базартыл куы азилид райсом. Кæд сæ уæймæ ратæриккой... Уыдонæй ма хæдзархуыз уыдыстæм.

Сулийы баййæфтой хæрæндоны кæрты. Арыдта стуры къæхтæ — аст. Рæстæггай-иу ныллæгхъæлæсæй базарыд:

*Кæмæй цы дарæм?*

*Цæуылнæ зарæм, гъей!*

Стæй йæ фыды ауыдта, ныццин ис:

— Мæнæ ма баба! Цы хур, цы къæвда? Куы ныссау дæ цæсгом...

— Æвзæр хабар схастон...

— Цы ’рцыди?! — хæрдмæ фæхауæгау кодта Сули.

— Нæ хъуг æмæ нæ уæныг... Чидæр сæ адавта.

— Кæд?

— Æндæрæхсæв.

Сули аджих. Хамырзæ фæкомкоммæ, къуымы стыр тæбæгъы

цы хъуджы сæр уыд, уымæ. Бауад æм. Æдзынæг æм кæсы:

— Мæнæ мæ хъуджы сæр!

— Цы?! Уый нæ Маняйы сæр у?! Кæс-ма сæм, кæс!.. Фæлæууæнт, æз сын, лæг циу, уый фенын кæндзынæн! Æнаккæгтæ! Уæныджы сæр та мидæгæй ис.

— Чи сты уыцы къæрныхтæ? — Хамырзæ йæ къухтæ атымбыл кодта.

— Мæхи бар сæ уадз ныр! Иннæ хатт ма сын кæд хуынкъ суари дæр бафидон. Дæуæн та, баба, æз ног хъуг æмæ уæныг тæккæ райсом ныллæсдзынæн!



*Суинаг ахуыргонд дзыццатæ...*



*ЧЕРЧЕСТЫ Хъасболат*

# БАЛБИРÆГЪТÆ

*Документалон радзырд*

Советон азты-иу, мæнæ дæлдæр цы æвирхъау цауты тыххæй у нæ ныхас, ахæм бæллæхтæн сæ кой кæнын дæр нæ уагътой. Ома, нæ бæстæ у дзæнæтон, æмæ нæм стыр тугныккалды хабæрттæ дæр никуы цыд æмæ никæддæр æрцæудзæн, зæгъгæ. Фæлæ, куыд фæзæгъынц, туас голладжы нæ бамбæхсдзынæ.

Æрджынарæджы ресторан «София»-йы цытæ ’рцыд, уыдоны кой кæнын дæр нæ уагътой. Æрцыд бандиттæн сæ фыдракæндты тыххæй дзуапп дæттыны рæстæг. Уыцы хабæрттыл чиныг «Российский сыщик»-ы бæлвырдæй фыста Сергей Глазунов. Фыдгæнджытæн тæрхон кодтой горæт Владимиры. Æнæ сæрмагонд гæххæттæй иуæн дæр йæ бон нæ уыд тæрхондонмæ бацæуын. Ноджы алкæмæ дæр кодтой джигул, исты цыргъаг, æфсæн дзаума-иу æм куы разынд, уæд-иу ын æй айстой.

Азимæгтæ уыдысты æвддæс адæймаджы. Уыдонæй цыппарæн — Хабала Османов, Аслан Гегиров, Руслан Губачиков æмæ Сафраил Кяровæн — рахастой фехсыны тæрхон. Сафарби Шогеновæн та стæрхон кодтой 15 азы.

1975 азы Гегиров, Кяров æмæ Шогенов сарæзтой хæцæнгæрзтæй ифтонг бандитты къорд. Стыгътой паддзахадон,

æхсæнадон организациты, нæ ауæрстой хицæн адæймæгтыл дæр. Фæстæдæр ма сæм бафтыдысты Бицуев æмæ Гедугошев.

Бирæ бæллæхтæ сарæзтой Кæсæг-Балхъары, Цæгат Ирыстоны, Стъараполы.

1976 азы уалдзæджы Гегиров, Шогенов æмæ Кяровы куы æрцахстой, уæд сæ бандæ ныппырх. 1979 азы сентябры Гегиров æмæ Губачиков сæмбæлдысты рецидивист Османовимæ æмæ уый фæндæй сарæзтой ног бандæ, йæхæдæг йæ бодз сси. Стæй семæ бамбал Кяров.

Лескены районы Фæлхасцæдисы хъалагъур ма йæ бæрныгонд бæстыхайы алыварс фæстаг хатт æрзылд æмæ, зæрдæ куы ницæмæ фехсайдта, уæд æхсæвгæсты бынаты æваст йæ хъустыл ауад машинæйы уынæр. Зæронд лæг цы уыд, уымæй хъустæ æмæ цæстытæ фестад. Машинæйы уынæр нoджы фæхъæрдæр. Стæй фенцад.

Уалынджы йæм æрбагæппытæ кодтой цыппар лæджы. Æбуалгъы цæфæй фæсур. Æртæ фидар дуары басастой æмæ сейф семæ аластой...

...Фæлладхуызæй фæзынд Гегиров.

— Цæй, куыд у? — афарста йæ Кяров.

— Æхцатæ нымайынц...

Бандиттæ сæхи хæстæгдæр байстой кафемæ. Налцыччы амæй хъæздыгдæр нæ уыд: тынг бирæ адæм æм цыд.

Сæ къухты дамбацатæ, сæ уæлæ сау кæсæнцæстытæ, афтæмæй Кяров æмæ Шогенов фæмидæг сты Бухгалтерийы уаты.

— Æнцад бадут! — дамбаца сæм ныддардта, афтæмæй фæхъæр кодта Кяров. — Иннæтæ февнæлдтой æхцатæ æмбырд кæнынмæ.

Ничи сæ бафиппайдта, афтæмæй æрфысым кодтой Топа Малороевты хæдзары. Баййæфтой йæ хæцæнгæрзтæ сыгъдæггæнгæйæ.

— Фыдæбон кæныс? — йе уæхск ын фæлмæн æрхойгæйæ, бафарста Гегиров. Уымæй размæ дæр хорз зыдтой кæрæдзийы. Зонгæ та баисты ахæстоны.

Малороевæн уыд фондз сывæллоны. Сæ иуæй иннæ къаддæр. Сæ дарын уымæ касти. Къухæй тынг арæхстджын. Йæ сæйрагдæр куыст та уыд хæцæнгæрзтæ цалцæг кæнын æмæ уæй кæнын.

Малороев уазджыты стыр уаты иунæгæй фæуагъта, йæхæдæг

бахызт мидæггаг уатмæ. Уайтагъд фæзынд голлагимæ æмæ, Гегировмæ комкоммæ бакæсгæйæ, загъта:

— Ам ис дыууæ ног автоматы.

Гегиров ницуал загъта. Æхцаты гуцъулатæ радта фысымы къухтæм, райста голлаг æмæ ма Малороевæн загъта:

— Мауал сæ нымай...

Дигорайы универмаг. Мæнæ фæстаг æлхæнджытæ йæ къæсæрæй рахызтысты. Бандиттæ дзы фæмидæг сты. Сæ иу æд автомат алæууыд дуаргæрон, иннæ та ацахста уæйгæнджытæй иуы, йæ дзыхы йын къæрмæг фæцавта, афтæмæй йæ пъолмæ ныллхъывта. Æртыккаг та ныппырх кодта,  сызгъæринæй конд зынаргъ дзаумæттæ кæм уыдысты, уыцы тæрхæджы æвгтæ. Нымад минуттæм феддæдуар сты.

Хъæу æртыккаг Кызбурун нырма уыд йæ тарф фынæйы. Мæнæ сæ нысангонд хæдзар. Цæмæдæр гæсгæ Гегировы нæ фæндыд уыцы хæдзармæ бабырсын. Фæлæ йæ разæнгард кодтой Кяровы ныхæстæ: «Адон тынг хъæздыг цæрынц. Се 'хцатæ æмæ сызгъæринтæн ныккæнæн дæр нæй».

Æнæ уынæрæй байгом кодтой дуар. Сæ иу сылгоймаджы йæ хурхæй ацахста æмæ йæ сынтæгмæ ныллхъывта, иннæ дыууæ та сæхи хæдзары хицауыл ныццавтой. Фæлæ ма уымæн йæ къухы бафтыд рудзынгыл цыдæр дзаума фехсын. Саст æвгты дзыгъалмыгъул фехъуыстой сыхæгтæ æмæ уайтагъд уынгæй райхъуыст топпы гæрæхтæ.

— Тагъддæр! Лидзгæ! — удаистæй фæхъæр кодта Гегиров. Цæхæрадæттыл айстой сæхи. Афтид армæй...

Цалдæр боны фæстæ æрæмбырд сты дзырдгонд ранмæ, Гегиров афтæ зæгъы:

— Махæй алкæй дæр иу чысыл абадын хъæуы ахæстоны...

Йе 'мбæлттæ йæм æнæмбаргæ цæстытæй бакастысты.

— Уымæй хуыздæр бынат дзы нæй нæхи рæстæгмæ бафæсвæд кæнынæн...

Сæхæдæг рагацау фехъусын кодтой, уæд æмæ уæд колхозы бæхтæ давдзысты, зæгъгæ. Милицæйы дæр ма цы хъуыд се 'рцахсынæн. Шогеновæн стæрхон кодтой фондз азы, Кяровæн — цыппар, Гегировæн та — дыууæ азы.

Æрмæст йæ койæ дæр кæмæн тарстысты, уыцы лæгмар Хабала Османов дæр та уæгъд ссис. Æрбынатон йæ райгуырæн Аушигеры хъæуы. Æрмæст бирæ нæ ахаста йæ сæрибар.

Иу изæр æрцæйцыд цуан кæнынæй. Фæндагыл ыл фембæлд йæ сыхаг æмæ йын афтæ:

— Хабала, мæ мыдыбындзыты цур цы дыууæ бæндæны уыд, уыдон, мыййаг, ды нæ радавтай?

Уыцы ныхæстæм йæ маст рафыхт Османовæн. Уæлдай зындæр та йын уый уыд, æмæ йæм ахæм цыдæр лыстæг хъуыддаджы тыххæй кæй бауæндыд. Топп ыл ныххуырста. Уæззау цæф æй фæкодта йæ сыхаджы, æмæ та ногæй ахст æрцыд. Фæлæ йæ тæрхоны рæстæг дæр нæ абадт. Йæ ус æй сæ хæстæджыты æххуысæй балхæдта...

«Хъæухæдзтехникæйы» кассæмæ фæндаг ссардта Губачиков, фæлæ йын се стыр сейф нæ бакуымдта гом кæнын. Мæстыйæ фæстæмæ раздæхт. Османовы æнафоны сыстын кодта йæ хуыссæнуатæй æмæ йын цыбырæй загъта:

— Æвæстиатæй цом. Сейф та дæу йеддæмæ ничи байгом кæндзæн. Æдде нæм такси æнхъæлмæ кæсы.

Хабала дæр ын йæ ныхасыл дыууæ нал загъта. Цалдæр минутмæ фегом кодта сейф. Хорз æхцатæ дзы разынд.

Гегиров раздæр суæгъд æмæ иунæгæй тыхстис. Давта машинæтæ, къахта хæдзæрттæ. Фæлæ йæ къухы уыйбæрц не 'фтыд. Æмæ йын ныр Губачиков йæ хъусы куы бацагъта. Мах балмæ рацу, зæгъгæ, уæд балæууыд Османовы хæдзары. Хабалайы зæрдæмæ фæцыд йæ фыццаг бакастæй дæр: бæрзонд, фидæрттæарæзт лæппу.

Гегиров æй базонгæ кодта, Налцыччы слестгæнæн изоляторæй хæцæнгæрзтæ радавыны тыххæй цы пълан скодта, уыимæ.

Хабала сразы йемæ. Хæцæнгæрзтæн се 'мбис сæхицæн ныууадздзысты, иннæты та уæй акæндзысты.

— Уым мæ хорз зонгæ кусы, — дзырдта Гегиров. — Ме 'мхъæуккаг у. Уый нын сисдзæн дуæртты дæгъæлты къопитæ. Уый фæстæ скæнын кæндзыстæм, æмæ хъуыддаг рæвдз уыдзæн.

Куыд ныхасгонд уыдысты, афтæ сæ машинæ баурæдтой слестгæнæн изоляторæй чысыл дарддæр. Гегиров телефонæй бадзырдта йæ зонгæ Гажевмæ. Уый уым нæ разынд.

Гегиров æмæ Губачиков катайы бацыдысты, тарстысты, Хабала ацы хабар куы базона, уæд сын кæй нæ ныххатыр кæндзæн.

Фæстагмæ Гегиров Губачиковæн афтæ:

— Бад уал ам машинæйы, æз мидæмæ сусæгæй бакæсон.

Уайтагъд фæстæмæ фæзылд æмæ цингæнгæ Губачиковæн фехъусын кодта:

— Гажев йæ бынаты ис. Мидæмæ цæугæ æрцæудзæн дæуæн.

— Цæмæн мæнæн?

— Уымæн, æмæ ай размæ мæн федтой Гажевимæ ныхасгæнгæ æмæ мыл ныр куы фæгуырысхо уой.

Губачиков фембæлд Гажевимæ. Уый йын загъта, æмбисæхсæв иу сахатыл куыд æрбацæуой, афтæ.

Уыцы ныхæстæ фехъусгæйæ, Гегиров фæныфсджындæр ис ныр, Хабалайæн æхсызгон хабар радзурон...

Фæлæ сæ къухы иунæг автомат йеддæмæ нæ бафтыд — посты лæууæджы уон.

Елхот æмæ Змейкæйы 'хсæн фæндаджы былыл лæууыд ресторан «София». Æдзух дæр дзы уыд бирæ адæм. Бæлццонæй, бынæттонæй йæм иууылдæр цыдысты.

Сæхи йæм байстой Османовитæ дæр. Дзаг фынгыл æрбадтысты.

Гегиров æркаст йæ сахатмæ, коньяк ахуыпп кодта, лимоны карст йæ дзыхы баппæрста, арф ныуулæфыд æмæ, Османовмæ бакæсгæйæ, загъта:

— Ам раст дзæнæты бынат у. Кæддæриддæр адæмæй дзаг вæййы. Ноджы æхцаджын адæмæй.

Рацыдысты уал ресторанæй æмæ сæ машинæ, Дзылаты мæсыджы цур цы хид уыд, уый бынмæ батардтой. Тагъд хъуамæ ресторан сæхгæной, æмæ уæд... Ныр банкеттæгæнæн залы та адæм сæ тæккæ хъæлдзæгæй. Йæ гуырæнбон дзы бæрæг кодта Дзылыхты Симæ.

Нырма хуынды адæм се 'ппæт дæр нæма æрбацыдысты.

— О, мæнæ Зæлинæ фæзындис! — иу аивтæ æрыгон сылгоймаджы Симæ йæ хъæбысы ныккодта.

— Æмæ дæ сæры хицау демæ нæй?

— Ис, — загъта йын худгæйæ Зæлинæ, — уæртæ æрбахизæны лæппутимæ афæстиат.

Бандиттæ бахъуызыдысты, банкетты залæн чъылдымырдыгæй цы рудзынг уыд, уый бынмæ. Фæлæ сæ рестораны хъахъхъæнæг бафиппайдта, дзуры сæм хъæрæй:

— Ресторан æхгæд у! Æххуырст у — гуырæнбон дзы ис...

Османов æй бахста. Лæг æрфæлдæхт.

Автоматы къæр-къæрмæ адæм удаистæй кæрæдзимæ ракæсбакæсыл систы. Дыууæ лæппуйы разгъордтой дуаргæронмæ. Уалынмæ цалдæр автоматы ныссыхырна кодтой дуар, иу нæмыг

суад буфетгæс Дзгойы-фырты риуыл. Бадæлгом тæрхæгыл. Зæлинæйæн цыдæр судзаг цæхæртæ сæмбæлдысты йæ цонгыл, æмæ бандонæй æрзæбул.

— Пъолыл æрхуысс! — ныхъхъæр æм кодта йæ лæг. Чидæр рухсытæ ахуыссын кодта. Лæппутæй иу ацахста Гегировы автомат. Фæхъæбысæй-хъæбысмæ сты. Ирон уыд Гегийы-фырт. Бандиттæй йæ кæцыдæр бахста. Гегийы-фырт æрлæмæгъ, хылд йæ цыппæртыл цалдæр метры. Кяров йæ фæстæ разгъордта æмæ йын дамбаца йæ къæмисæныл авæрдта...

Гегиров автоматæй карста, дзаг фынгты уæлхъус чи бадт, уыдоны. Рудзынгыл нæлгоймæгтæй иу хъавыд агæпп кæнынмæ, фæлæ уым ауыгъдæй баззад.

Гегиров йе ’хсын фæуагъта æмæ ссыгъта рухсытæ. Хъæрзгæйæ сызмæлыдысты цæфтæ.

Османов сын загъта:

— Адоны Кяровы бар уадз, мах кассæмæ бакæсæм.

Кяров цæфтыл зылд æмæ-иу йæ зæрдæ кæмæ фехсайдта, ууыл автомат ауагъта.

Ничи бафиппайдта, Симæ стъолы бын куыд амбæхст, уый.

— Зæлинæ, бабыхс дæ рисæн, ма фезмæл... — Симæ йын арæхстгай бавнæлдта йæ уæрагмæ. Гегировы сырд цæстытæ уайтæккæ дæр ауыдтой Симæйы.

Йæ къухтæ фæстæмæ, афтæмæй йæ слæууын кодтой къуымы.

— Ам цæмæй кусыс?

— Æз ам нæ кусын... Мæ гуырæн бон бæрæг кодтам...

— Гъемæ, æри дæ къух: дæ гуырæн бон æмæ дæ мæлæты бон баиу сты! — автомат ыл аскъæрдта Гегиров.

...Милицæйы машинæ æрлæууыд Османовты хæдзары дæле. Æртæ милиционеры дæр сæ дамбацатæ сæ къухтæм райстой. Ссыдысты хæдзармæ. Хистæр лейтенант Дорохов æваст хæдзары æддаг дуар фегом кодта.

Хабала сæ рудзынгæй ауыдта, рахъæр кодта Дороховмæ:

— Дæттын уын дæс секунды. Уæхи куы нæ айсат, уæд мæ-иу хъаст ма ракæнут!..

— Æдылы митæ ма кæн, Османов! Бархийæ ратт дæхи!

— Дæс! — æваст фæхъæр кодта Османов æмæ сæ цалдæр æхсты фæкодта.

— Славæ, ардæм! — фæхъæр æм кодта лейтенант Токумаев.

— Дамбацатæй йæ ныхмæ ницы бакæндзыстæм. Уымæ автомат ис!..

Хабала кæуылдæрты ахызт сарамæ, абадт йæ мотоциклетыл, кæртæй расыффытт ласта. Дорохов æм фæхъавыд, дамбацайы нæмыг суад Османовы къахыл. Фæлæ уæддæр адымдта.

...Æмбисæхсæв милицæ æртыхстысты, Османов кæм бамбæхст, уыцы хъæды алыварс.

Боныцъæхтыл кæсынц, æмæ дын хæрæджы рагъыл æнцайгæйæ хъæдæй иу лæг рацыд. Стæй хæрæджы ауагъта æмæ цъæх нæууыл æрбадт.

Дорохов æм ныхъхъæр кодта:

— Хабала! Аппар дæ хæцæнгæрзтæ!

Уый йæм рахъæр кодта:

— Нæй мæм хæцæнгарз...

— Уæдæ уый дæ къухы цы у?

— Мæ худ.

— Аппар æй иуварс!

Османов фехста йæ худ...

Иннæты дæр иугай-дыгай æруыгътой...

*ХОЗИТЫ Макар*

# ЦЫБЫР ХЪУЫДЫТÆ

• Мады раз паддзах дæр йæ уæрджытыл лæууы.

• Æфсæст арсæн мыд дæр æнад у.

• Иу лæгæн егъау нас йæ хуымы æрзад, иннæмæн — йæ уæхсчытыл.

• Æнæзонгæимæ схъæл ныхас ма кæн: уæд та дæм Уастырджи адæймаджы хуызы рацыд.

• Тарæрфыгæй мын мыдыкъус раттыны бæсты фæлтау мидбылты худгæйæ хуырхы агуывзæ авæр.

• Сау кусæгæн куысты чъизи кæнынц йæ къухтæ, тæппудæн фыдгулы раз — йæ уæрджытæ.

• Æгъдау — мад, æфсарм — йæ хъæбул.

• Фаджысы хъæндилæн дидинджыты хæрздæф æнад у.

• Бирæфенæг йæ ныхæстæ лыстæг сасирæй луары.

• Зæрдæйы фæндтæн зонд — аргъгæнæг.

• Уæгъдибар сæрибары хурхыл кард æвæры.

• Хиппæлой тæрхъус мард домбайы сæрмæ сгæпп ласта. Йе 'хсарæй ныссих. Фæлæ йыл бындз куы абадт, уæд фыртæссæй бауадзыг.

• Хуымæ æгъдауы ехсы дзæхст нæ хъары.

• Зæхкусæджы хиды 'ртах хуымæн дзидзи дары.

• Абон райсомæн фæндаг амоны.

• Бирæгъ æмæ гæртамисæгæн сæ куыст иухуызон у: дыууæйæ дæр цармыстигъджытæ сты.

• Хивæнд хæрæг куыдзæппарæнæй хауы.

• Дидинты баст уарзондзинады æвзагæй «дзуры».

• Æндахæн йæ фындз судзинау æндон куы уаид, уæд йæ фæстæ уаллонау нæ лæсид.

• Æмдзæвгæ зæрдæйы уидæгтæй быд ахстон у, хус ныхæсты хус къæцæлтæй йæ не сбийдзынæ.

• Магуса — царды хуымы амбрози.

• Æгъдауы къутæр ихыл дæр дидинæг калы.

• Дæ царды айдæнмæ бакæс æмæ дзы дæ цæсгом фенай.

• Тагъдыссæг куырой лæхургæ кæны.

• Фыдсыл ус нæл арсыл дæр тых у.

• Хуыйы цæсгом æмæ пъолы фæйнæг æмхуызон бæзджын сты.

• Ныфс — уæлахизы цирхъ.

• Куысыфтæг насыл тутсæрæй худти.

• Хæлæрттæ æмæ знæгтæ кæмæн нæй, уый арвæй зæххы астæу ауыгъд лæг у.

• Æлхæд уарзондзинад — къæппæгæй ахст маргъ.

• Æнæнхъæлæджы мæлдзыджы дæр куы бакъуырай, уæд дзы хатыр ракур, уымæй дæ кад нæ фæкъахыр уыдзæн.

• Æнæсылгоймаг хæдзар — æнæбын тæскъ.

• Хъугæн сынæр цæгъдынæй йæ ахсæн скусы, дзæнгæдадзæгъдæгæн — йе 'фсæртæ.

• Уый бæрц, дам, йæ тæригъæдтæ систы, —
Адæм зарын байдыдтой йæ хисты.

• Дзыпкъахæгæн фынæйæ дæр йæ къухы 'нгуылдзтæ тæлфгæ кæнынц.

• Схуыст ныхасимæ мыд дæр хъуыры нæ цæуы.

• Æлгъин æфсин уазæгмæ йæ фæсонтæ здахы.

• Сусæны мæйы йын йæ «Зынджы стъæлфæнтæ» кæсгæйæ ныссалдтæн.

• Хæфс дæр ма йæхи уастæй сæрыстыр у.

• Æнæуд романы хуыздæр критик — хуыссæг.



*Гусалты Мæдинæ.*

# КÆД УАРЗЫС, УÆД — ХЪУЫДДАГÆЙ

*Ацы ныхæстæй рабæрæг йæ зæрдæйы уаг Гусалты Мæдинæйæн — Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл университеты дунеон ахастдзинæдты факультеты æмæ Гамбурджы университеты германистикæ, политологи æмæ журналистикæйы кæронмæ сахуыргæнæгæн. Мæдинæ немыцæгтæн ирон æвзаг амыдта æртæ азы. Ныртæккæ та кусы йæ диссертацийыл. Æрыгон, рæсугъд, йæ фæндтæ æмæ хъуыддæгтæй райгонд чызг разы нæу, йæ ныфс кæмæн асаст, афтæ чи зæгъы, æмæ æнæ æхца адæймагæн ахуыры фæндагыл æппындæр ницы бантысдзæн, зæгъгæ, ахæм хъуыдытимæ.*

*Мæдинæ æууæнды йæ хъарутыл, кусы æвæллайгæйæ, фæразы зындзинæдтæн, уымæн æмæ йæ фæнды ирон адæмæн исты хорзы бацæуын.*

— Мæдинæ, куыд сфæнд кодтай Германмæ ацæуын? Уый мæнæ хъуыддаг куы нæу, уæлдайдæр чызгæн?

— Мæ рагон бæллиц у. Саби ма куы уыдтæн, уæд мæ бафæндыд Германы бæстæ фенын, немыцæгтæ куыд цæрынц, цавæр æгъдæуттæ сæм ис, уыдæттæ базонын. Фарстон-иу мæ ныййарджыты дæр. Æмæ мыл дис кодтой. Дзæуджыхъæуы 28-æм астæуккаг скъола каст фæуыны фæстæ бацыдтæн нæхи университетмæ немыцаг æвзаджы хайадмæ. Цыппæрæм курсæй фæстæмæ дипломон куыстæн æрмæг æрæмбырд кæнын хуыздæр уаид Германы, зæгъгæ, бауынаффæ кодтон. Гамбурджы ссардтон стыр ахуыргонд лæг Дельмасы. Уый мын феххуыс кæнынæй зæрдæ бавæрдта, æмæ уæд мæ гæххæттытæ балæвæрдтон университетмæ. Фæсарæйнаг студенттæн дзы уыд æрмæст дыууæ бынаты. Уалынмæ дын мын сæ сæрмагонд къамис афтæ, немыцаг æвзаг, дам, фаг хорз нæ зоныс. Уый та куыд, зæгъгæ, скуыста мæ ирон туг. Къамисмæ дын бацыдтæн æмæ сæ æрдомдтон:

«Кæд мæ зонындзинæдтыл дызæрдыг кæнут, уæд ма мæ дзæбæх бафæлварут!» Фæлварæн æнтыстджынæй радтон, æмæ мæ айстой университетмæ.

— Дæ ныхæстæм гæсгæ афтæ уайы, цыма ирон лæгæн ныфсджын уæвын йæ туджы ис.

— Уый мæн фидарæй уырны. Æмæ æппындæр дызæрдыг нæ кæнын: ныртæккæйы царды дæр зындзинæдтæн сæттын нæ бакомдзæн нæ райгуырæн Ирыстон. Кæд бирæтæ сæхимæ хъусыныл фесты, уæддæр. Уæлдайдæр фæсивæд. Æрыгæттæ фидæныл не 'ууæндынц, хæстæгдæр рæстæг хорзырдæм ивддзинæдтæм æнхъæлæмæ кæсæн нæй, зæгъгæ. Афтæ кæй хъуыды кæнынц, уымæн быдур ис, — æгæр дæр ма: сæ хъару, сæ зонындзинæдтæ цы хорз хъуыддаджы равдисой, ахæм нæй, æмæ сæ зæрдæ цардмæ нæ райы. Мæ зæрдæйы конд та æндæр у.

Ныфссаст фæуон, уый мæм сæрмæхæссинаг хъуыддаг нæ кæсы. Адæймаг куы фæкæла, куы 'рхауа, уæддæр хъуамæ йæ ныфс ма асæтта, хъуамæ йæ хъарутæ æрбамбырд кæна, сыста æмæ дарддæр цæуа йæ равзæрст нысанмæ. Сæйраг у нысан равзарын, цы дæ хъæуы, уый зонын. Хуымæтæджы нæ фæзæгъынц: «Фæндагамонд ныфсджыны у». Цæлхдуртæ, фæлварæнтæ адæймаджы фидар кæнынц, фæлтæрдджын. Йæ хъарутыл чи не 'ууæнды, уыдонæн зæгъин афтæ: уæ царды цæмæй исты хорздзинад æрцæуа, уый тыххæй змæлын хъæуы, змæлын!

— Дæхæдæг уал царды иу фæлварæн иттæг хорз кæй радтай, уый бæрæг у.

— Тынг зæрдиагæй мæ фæнды, цæмæй канд иугæйттæ нæ, фæлæ бирæтæ куы бауæндиккой сæхиуыл, Ирыстоны фидæн уыдонæй аразгæ кæй у, ууыл. Европæйы цард æндæр у, æндæр ахаст дзы ис ахуырадмæ, адæймагмæ. Уым сæйрагыл нымад у адæймаг — йæ бартæ, йæ интерестæ. Нæ фæсивæд дæр хъуамæ фæсарæнты цард уыной æмæ сæм ныфс æвзæра: «Бæгуыдæр, ис Ирыстоны цардæн дæр фæхуыздæр кæнæн!» Фондз азы Германы цæрын семæ æмæ мæ бауырныдта: алцыдæр аразгæ у адæмæн сæхицæй, хицæуттæй нæ фæлæ.

— Дæ дипломы хабар та куыд рауад?

— Йæ темæйыл ын куыстон тынг цымыдисæй, уый фæрцы хуыздæр базыдтон Германы цард, сæ культурæ æмæ истори, немыцаг æвзаг амоныны методикон мадзæлттæ. Диплом иттæг

хорз бахъахъхъæдтон, фæныфсджындæр дæн æмæ сфæнд кодтон дарддæр ахуыр кæнын. Уыциу рæстæг бацыдтæн дыууæ факультетмæ — политологи æмæ журналистикæйы. Каст сæ фæдæн цыппар азмæ.

— Алцы лæгъзæй кæцæй уыдаид... Европæйы фæсарæйнаг студенттыл зæрдиаг цыма не сты...

— Æвæццæгæн, фæлæ ацы университет æндæр фæндаг равзæрста. Иннæ бæстæты куыд у, уый бæлвырд нæ зонын, фæлæ Германы хорз цæстæй кæсынц ахуырдзау фæсивæдмæ. Алы студенты дæр нымайынц, аргъ ын кæнынц йæ хъуыдытæн, йæ фæндæттæн, аккаг дзы кæцы вæййы царды рауадзынæн, уый сæххæст кæнынæн æххуыс дæр бакæнынц. Фæсивæды уынынц сæ бæстæйы фидæн æмæ сæ цæттæ кæнынц сомбоны цардмæ. Уымæ гæсгæ æрыгæтты хъæппæрис ссæндгæ нæ кæнынц, фæлæ разæнгард.

Зæгъæм, кусы сæм студентты парламент. Политик суæвынмæ чи хъавы, уыдонæн ацы парламент у замманай скъола. Йæ уæнгтæй иу у не 'мзæххон — Гуыбаты Тимур. Архайы æнтыстджынæй, университеты сарæзта фæсарæйнаг студенттæн æххуысы парти.

— Зонгæ стут, кæй зæгъын æй хъæуы...

— Куыннæ! Иу къласы ахуыр кодтам 28-æм скъолайы.

— Дæ бинонты фенынæй уæлдай ма цæмæн æрцæуыс Ирыстонмæ?

— Университеты иранистикæйы факультеты мæм æрхатыдысты, цæмæй студенттæн амонон ирон æвзаг. Уымæй размæ дзы чи уыд, уыцы ахуыргæнæг Америк, хъыгагæн, амард. Ирон куы дæ, бафæлвар, зæгъгæ, мын мæ разамонæг, университеты фæсарæйнаг студентты хъуыддæгтæн уынаффæгæнæг Семи Байер, загъта. Æз раздæр мæ ныфс нæ хастон: ирон æвзаг, куыд æмбæлы, афтæ нæ зыдтон. Фæлæ нæ мадæлон æвзаг.

Немыцаг студентты ирон æвзагыл ахуыр кæнынæй уæлдай ма ме 'мкусджытимæ дарддæр арæзтам ирон æвзаджы грамматикæ. Аразын æй райдыдта  Америк. Ацы хъуыстгонд профессор зонгæ уыд Абайты Васоимæ. Ныртæккæ чиныгыл куыст бабар кодтон ме студенткæ Виктория Шплеттæн. Кæронмæ йæ бирæ нал хъæуы. Афтæмæй рæхджы Гамбурджы университеты хъуамæ фæзына фыццаг ахуыргæнæн чиныг ирон æвзагæй немыцæгтæн.

Немыцаг студенттæ ирон æвзаг куыд зæрдæргъæвдæй ахуыр кодтой, уый уынгæйæ мæхæдæг дæр арфдæр бамбæрстон, цы аргъ æмæ йын цы нысаниуæг ис, уый. Æмæ ам, Ирыстоны, та мадæлон æвзаджы хъысмæт дыууæйыл кæй у, уый мын тынг маст кæны. Æвзаг куы фесæфа, уæд наци дæр сæфы æмæ æгад кæнæм уыцы цивилизацигонд адæмты цæсты. Ирон адæм нымæцæй кæд чысыл сты, уæддæр нæ культурæ, не 'взаг ахæм ахадгæ сты, æмæ сæ хъуамæ алы ирон дæр сæрыстыр уа. Ирон æвзаг у, ног ирайнаг æвзæгтæй ма цæргæйæ чи баззад, уыцы иунæг æвзаг, иунæг дæгъæл иннæ æвзæгтæ, эпостæ, культурæтæ раиртасынæн. Бирæ бæстæты историктæ, лингвисттæ æмæ философтæ йæм се 'ргом хуымæтæджы нæ аздæхтой.

Уыцы ахуыргæндтæй иу у Геттингемы университеты профессор, лингвистон наукæты доктор Михаэль Йуб. Уый рагæй ахуыр кæны ирон æвзаг, сарæзта сæрмагонд компьютерон программæ. Уыцы куысты æз дæр архайдтон.

Ныртæккæ дарддæр кусæм диссертацийыл, проектмæ гæсгæ аразæм стыр ирон-немыцаг дзырдуат. Йæ саразыны фæндон бахастой немыцаг лингвисттæ. Уымæн æмæ ам ныронг пайда кæнынц Миллеры 1892 азы уагъд дзырдуатæй. Нæ хъуыдымæ гæсгæ хъуамæ ног дзырдуат уа универсалон, ирон æвзаджы æппæт лексикæ чи æвдисы, ахæм.

Ацы хъуыддаджы мах хъæуы немыцаг æмæ ирон ахуыргæндты æххуыс. Мæнæн бахæс кодтой, цæмæй ирон лингвисттимæ баныхас кæнон.

— Гъемæ?

— Зæрдæ мын бавæрдтой се ’ххуысæй наукон кусджытæ — Хъамболты Тамерлан, Хъуысаты Раисæ, Гæззаты Георги...

— Бæргæ дæ фæнды, цæмæй махæй Европæмæ фылдæр фæсивæд куы цæуид, уый. Тæхудиаг хъуыддаг у уый. Фæлæ уым искæй хъæуынц? Исты æххуыссады фондтæ ис, зæгъæм, Германы?

— Ис дзы бирæ гæнæнтæ, æмæ мæ уымæн фæнды, цæмæй уыдонæй ирон чызджытæ æмæ лæппутæ дæр пайда кæной. Айдагъ Гамбурджы кусы 1500 организацийы, фæсарæйнаг студенттæн стипенди чи фиды, ахæмтæ. Уыдонæй иуы разамонæгимæ баныхас кодтам, цæмæй алы аз дæр нæ Аграрон университетæй 1 — 2 студенты цæуой Германмæ, фæлæ хъуамæ немыцаг æвзаг зоной.

Фæсарæйнаг организациты æхххуысæй хъазуатонæй пайда кæны Гуырдзыстон. Æрмæст Германы дæр тынг бирæ ис гуырдзиаг студенттæ æмæ аспиранттæ. Ирæтты бынæттæ дæр уыдон бацахсынц. Уымæн æмæ Ирыстоны хицауад æмæ уæлдæр ахуыргæнæндæтты разамонджытырдыгæй ацы хъуыддагмæ хъусдард нæй. Цыма искæмæн фыдæнæн кæнынц, кæнæ кæйдæр фæнд æххæст кæнынц, цæмæй ирон фæсивæд талынг æмæ къуырма куыд уой...

ЦИПУ-йы ныхас кодтон экономикон факультеты студенттимæ, дзырдтон сын алцæй тыххæй, амидин сæ кодтон сæ базыртæ сцæгъдынмæ, сисынмæ, фæлæ мын мæ ныхæстæ цыма хъусгæ дæр нæ кодтой — сæ цæстытæ уыдысты афтид. Гъе, афтæ нæ фæсивæдæн сæ бæрæг хай сты зæрдæмард. Нал сæ уырны, æнæ æхца ма царды исты сæ къухты бафта, уый. Æмæ ахуырмæ, зонындзинæдтæм уымæн нæ тырнынц. Куы ницы зоной, сæ афæлгæсæнтæ къуындæг куы уой, æмæ афтæмæй 10—15 азы фæстæ разамонджыты бынæттæ куы бацахсой, уæд цы хорзы бацæудзысты адæмæн дæр æмæ паддзахадæн дæр?

Фæсарæнты кæцыфæнды разамонæг дæр йæхицæн кусджытæ æвзары уыдонæн сæ зонындзинæдтæм гæсгæ. Махмæ та? Хицауы къæлæтджыныл чи æрбады, уый йæ алыварс æрæмбырд кæны йæ зонгæтæ-хæстæджыты, йæ бынатмæ йын чи нæ хъавдзæн, ахæмты.

Кæд Ирыстоны рæзты фæндагыл цæуын фæнды, уæд хъуамæ фæсивæды хъæлæс ныфсджын уа, хъæппæрисджын хъуамæ уой, ахуыр кæной фæсарæйнаг æвзæгтæ, уыной æндæр бæстæты цард. Уæд хъуыды кæндзысты: мæ райгуырæн Ирыстон дæр хъуамæ хуыздæрты æмрæнхъ æрлæууа, æмæ ууыл архайдзысты.

Иу хатт ма йæ зæгъын, махæн нæ истори, нæ культурæ ахæм хъæздыг сты, æмæ сæ алы ирон дæр хъуамæ йæ сæр бæрзæндты хæсса. Фæлæ цæуыннæ тæлмац кæнæм фæсарæйнаг æвзæгтæм Нарты кадджытæ, историон чингуытæ? Цæмæй гуырдзы æмæ иннæтæ афтæ дзурын ма уæндой, ирæттæ нæ зæххыл цæрынц, зæгъгæ. Нæй Ирыстоны историйы тыххæй чингуытæ нæдæр скæсæйнаг, нæдæр европæйаг æвзæгтыл. Гуырдзымæ та — ис. Æмæ алыхуызон фембæлдтыты гуырдзиаг-ирон быцæу баныхыл кæныны фæдыл ныхас куы вæййы, уæд гуырдзы ныфсджынæй уымæн фæдзурынц.

Бирæтæ нæм хæлæг кæнынц, бирæтæ сæхицæн кадыл баны-маиккой мах истори. Нæхи та нæ хъæуы... Раст нæ цыма Хуы-цау ралгъыста, уыйау нæхи цæсты æгад стæм.

— Дзуапп дæхи ныхæсты куы ис: фæсивæд сæ зæрдæйы уаг куы аивой, сæ бартыл хъæрæй куы сдзурой, Ирыстон уарзгæйæ, хорз хъуыддæгтæ куы аразой, уæд æрмæст уыдæттæ уыдзысты алы хуызы дæр нæ фервæзыны æууæлтæ.

— Бирæ нæм ис курдиатджын, зæрдæргъæвд лæппутæ æмæ чызджытæ. Фæлæ сын хъæуы æххуыс кæнын, фесхойын сæ хъæуы размæ. Уый тыххæй та хъуамæ æнкъарой æмæ зоной, Ирыстоны хъæбултæ кæй сты, сæ фыдæлты бæстæ сæ бæрны кæй ис, уый!

— Германмæ ацæуыны размæ дæр дын нæ райгуырæн зæхх афтæ зынаргъ уыд, æви фыдыбæстæйы æцæг ад фæсарæнты банкъардтай?

— Æцæгæлон бæстæмæ афтгæйæ адæймаг тынгдæр хъуыды кæнын райдайы, фыдыбæстæ æмæ ныййарæг адæм цы сты, ууыл. Ирыстоны адæймаг у йæ бинонты, йæ мыггаджы минæвар, æндæр бæстæйы та — йæ адæмы цæсгом. Ды цы дæ, уый æнхъæлдзысты дæ адæмæй дæр. Фæсарæнты æппæты фыццаг бафæрсынц: кæцон дæ, цы адæмы хаттæй? Гъемæ нывыл рав-дис дæхи, ирон адæмы ном ма бафтау цæсты. Æмæ уымæй фæнд кæнын немыцаг æвзагмæ Ирыстоны истори, этнографи, културæ æмæ аив литературæйы уацмыстæ тæлмац кæнын. Хъуамæ нæ зоной, цы стæм, уымæй. Куыд гæнæн ис, афтæ фылдæр бæстæты.

— Бузныг, Мæдинæ! Æнтысæд дын.

*Ныхас ныффыста **АБАЙТЫ Арбилянæ***



*Ай мæ, нана, йæ фыртæн куры!..*



*Дзиба, дзиба, дзиба!..*

*ХЪАЗИТЫ Мелитон*

# ПОЭТЫ ДУНЕ[1]

Камалы лирикон хъайтар цæры зæххон цардæй. Йæ хъайтартæ тыхджын сты зæххон уарзтæй, бæллиццаг-зæххон рæсугъддзинадæй, фæрнджын – сæ митæй. Адæймаг куыд уарзы, уый дзурæг у йæ цардыл, йæ хъомыладыл. Æмæ сæ æххæст у нæ поэты лирикон хъайтар.

Кæцыфæнды поэт дæр бабæлдзæнис мæнæ ацы æлвæст, психологон æмæ уарзтæмдзаг поэтикон рæнхъытæм:

*Уæзæгæвæрд куыствæлтæрд къухты хаста*
*æрдæгхæлд уарди арæндонмæ лæг.*
*Йæ цинмæ кодта хурты-хур хæлæг,*
*Йæ къухты райхæлд дидинæг йæ уарзтмæ...*

**(«Горæты уынджы»)**

Бæрцæй цыппар рæнхъы, фæлæ сæ, армы æвæрдау зыны поэты ахаст уарзтмæ, цардмæ. Тыбар-тыбур дзы кæны йæ оптимистон цæстæнгас адæймаджы абон æмæ фидæнмæ, стæй дунемæ дæр. Йæ зæрдæйы цинæй, йæ уарзтæй йæ къухы уарди дидинæг кæмæн æфтауы, уый дунейы æрхауын нæ бауадздзæнис. Цард ахæм адæймæгтæ аразынц. Цард ахæм уарзæгой адæймæгтыл æнцой кæны. Æмæ диссаг не сты, уый тыххæй, уарзты, стыр, сыгъдæг æмæ æнæхин уарзты тыххæй Камалы хъайтарыл цытæ цæуы, уыдон:

*Цы аххосджын дæн æз?*
*Фæуарыд дысон-бонмæ стъалытæ,*
*Æз та сæм мæнæ дисхуызæй кæсын —*
*Райсомы æртæхмæ.*

*Арвæрдыны авд хуызы*
*Мæ цæстыты тыбар-тыбур кæнынц.*

[1] Райдайæн кæс «Мах дуджы» ацы азы 2-аг номыры

*Фæлæ нæ зоныс ды,*
*Куы сыл цæуид мæ бон,*
*Уæд сæ дæуæн дæ дзыккутимæ сбиин.*

**(«Зæрдæ зоны уарзын»)**

Æз афтæ нæ зæгъын, уарзты темæ Камалмæ драматикон никæцы уацмысты у. Дунеон уарзты аивады зынгæдæр бынат, драматикон æууæлтæ кæм ис, ахæм интимон поэзи ахсы. Йæ базырты тъæбæртт ныдзæвы нæ поэты сфæлдыстадыл дæр. Уыдон дæр ын – уарзты фæзынд, йæ цин, йæ хъыг, йæ хъизæмæрттæ – цыма æцæгæлон не сты. Поэты зæрдæйыл акæнынц сæ фæндаг. Уынæм сæ цард йæ рæдыдтытимæ, йе 'нтыстытимæ. Банкъарæм сæ уацмысы лирикон хъайтары зæрдæйы цавд. Йе 'нкъарæнтæ нын нæ зæрдæтыл цыма уæлæнгай фæд нæ ныууадзынц.

Æмæ куыннæ, мæнæ ахæм зæрдæуынгæггæнæг, зæрдæйы тæгтæ скъуыдтæгæнæг рæнхъытæ куы кæсай, уæд:

*Егъау горæтты бирæ ис хъахбай сылтæ...*
*(Нæлгоймæгты хæлæфты, дам, цæуынц!)*
*Дæд-дæй, цымæ сæ чи ’рхъавыд дæу байсынмæ?*
*Æви дыл кæд гадзрахатæй цæуынц?..*

*Куы скултæ вæййынц стъалытæ бæрзонд арвыл,*
*Куы сленк кæны æдронг сыкъайау мæй —*
*Фæдзурын сын мæ бæллицтæ чызгон ардау:*
*Мæ зæрдæйæн дæуæй зынаргъдæр нæй!..*

*Æндæр искæмæн ацы чызг, мæ мадыстæн,*
*Нæ зæгъдзæни ныфсы ныхас, фæндон...*
*Мæ царды бонтæ ныр, лæппу, нымад ысты –*
*Дæ сайды мастæй царæфтыд фæдæн...*

*Кæм дæ, мæ хур?*
*Кæд бамуд дæ æндæримæ...*
*Фæлæ дæ зæрдыл иу хабар лæууæд:*
*Мæ цырты къæйыл малусджытæ ’вæрынмæ*
*Зындзынæ иу бон...*
*Фендзынæн дæ уæд...*

**(«Хохаг чызджы сагъæс кæнæ фæстаг ныфс»)**

Ис дзы æвзаргæ дзырдтæ, æлвæст рæнхъытæ, аив абарстытæ æмæ хъуыдытæ, йæ кæронмæ йын уынгæгзæрдæ адæймаг, гæнæн ис, иу-дыууæ æнæбары цæссыджы дæр æрæппара — бецау, сайд чызг бамæгуыр, æмæ йын йæ ингæнмæ йæ кæддæры уарзон «малусджытæ 'вæрынмæ» куы фæзына, уæд æй уæддæр фендзæнис... Уымæн æмæ лæппуйы уындмæ бæлгæйæ мæлы.

Æддаг бакастæй цыма аив æмдзæвгæ у.

Фæлæ дзы Камалы æрмдзæф цы зыны, æндæр, цас бакастыстæм ахæм уацмыстæ. Мæнмæ гæсгæ, поэты ахæм уагыл фыст иннæ уацмысты («Фыццаг уарзт»), «Адзалау нæй фæткы тæрхонæй лидзæн», «Дæ æрфгуытæ — тæхынæввонг» æмæ æндæртæ) сæйраг «лæмæгъдзинад» у, Ходы-фырты зæрдæйы арфæй ратæдзгæ æмдзæвгæты юморæмхиц, сæрыстыр æмæ тыхджын удыхъæд сæ кæй нæ зыны, уый.

Нæ цæвиттон Камалы «Фын» интимон темæйыл фыст уацмысты раздзæуджытæй нæу, фæлæ-ма æркæсæм, лирикон хъайтар рог тъæбæрттæй куыд фестад йæ уарзон чызджы цур. Рухсмæ ауыдта йæ дунейы — «Банцад Дуары тарвазыл... Кæуы...

Æмæ лæппу айтæ-уыйтæ нал фæкодта:

*Рудзынг бахостон сындæггай...*
*— Чи дæ уый? — дæ хъæр ыссыд.*
*— О, зæххон удты сыгъдæгдæр,*
*Ма кæ, ма æруадз цæссыг!*

*...Ницуал бамбæрстон дæ рухсæй*
*(Охх, ысчындæуыд мын хин!),*
*Зæдау февзæрдтæ мæ къухты,*
*Саргъмæ баппæрстон мæхи.*

*Иу риу иннæйыл æнцайы.*
*Нымæт атæхы хæрдты.*
*Саулох тары уайы, уайы,*
*Дымгæ цæфхæдтæй кæрды...*

Фыны уыдис, хъалы уыдис, уæддæр дзы æнæ дæлæ-уæлæ Камалы удыхъæд разындис романтиконæй. Æхсарджын, дзырдхъом, фæндфидар. Ахæм у йæ лирикон хъайтар дæр. Ноджы — фæлмæн юморыздæхт.

Адæм цæйау акæнынц: чындздзон чызг æмæ усгур лæппуйы зæрдæ хуримæ хъазы. Хуримæ кæй зæрдæ хъазы, уый та æргомдзырд вæййы.

Æмæ нын поэты лирикон хъайтар — усгур йæ зæрдæ афтæ æнæракæ-бакæ, афтæ сыгъдæгæй раргом кæны, æмæ æнæзæгъгæ нæ фæуыдзынæ: «Мæнæ иу лæппу сæрра — арвæргом рацыд».

Æмæ раст уым вæййы поэзи! Уый адæймаджы йæ мидбылты дæр бахудын кæны, хъуыдыйыл дæр æй бафтауы æмæ цардыл дæр.

Æркæсæм та йын йæ рагбонты фыст иу чысыл æмдзæвгæмæ æнæхъæнæй:

*Бæлас бæласæн цы дзуры,*
*Уый мæ базонын фæнды.*

*Зæрдæ уалдзыгон цы куры,*
*Уый мæ базонын фæнды.*

*Хох кæмæ уайсады 'нусмæ,*
*Уый мæ базонын фæнды.*

**(«Фæнды мæ»)**

Æмдзæвгæ кæсыс æмæ хъуыды кæныс: бæлас бæласæн цы хъуамæ дзура; зæрдæ уалдзыгон цы хъуамæ кура; хох кæмæ уайсада 'нусмæ, уыдон базонын æй цæмæн бахъуыд? Æмæ дæхицæн дзуапп нæма сфæрæзтай, афтæмæй нæ лирикон усгур бынтондæр никæмæуал «уайсады», ныххуырста ныл комкоммæ йæ зæрдæниз:

*Хур кæмæн фæтагъд йæ рустæм,*
*Уый мæ аскъæфын фæнды...*

(Фыццаг редакцийы уыдис — «Хур кæмæн бамбæхст йæ русты».)

Цыма Къостайы Хъуыбады у — æнæ фæхудгæ йæм ничи фæлæудзæн.

Æмæ уыцы æмдзæвгæ поэт ныффыста ссæдзаздзыдæй.

Ома, æмдзæвгæйы кæрон æнæнхъæлæджы зæгъ, сывæллон æвиппайды сыгъдæг, æнæхин хъуыды куыд сæппары, афтæ, æмæ уыцы иу сулæфтæй алыг кæны алцыдæр. Уыцы аивадон фæзилæнæй поэт алыхуызон уацмысты дæр пайда кæны, фæлæ йын æппæты раздæр фергом æмæ иууыл ирддæрæй разынд интимон темæйыл фыст æмдзæвгæты. Разынд æмæ дæсгай азты таві поэзиуарзджыты зæрдæтæ.

*Де 'рфгуыты 'лхынцъ ма райхал фæлтау,*
*Ма мæм бахуд, — бабын мæ кæндзынæ.*

*Ме 'нцойдзинад атæхдзæн сынтау,*
*«Æз æнæ дæу — рох ингæн», — зæгъдзынæн.*

*Зонын æй, æрхæсдзынæ мæм фау,*
*Хинымæр мыл худæгæй мæлдзынæ...*
*Де 'рфгуыты 'лхынцъ ма райхал фæлтау,*
*Ма мæм бахуд, —*
*Бабын мæ кæндзынæ!*

**(«Ма кæн...»)**

Уый дын митæ — æнæ кæйдæр уарзт дæхи рох ингæн хон æмæ йын ноджы лæгъстæ кæн, цæмæй дæм ма бахуда. Фæлæ, куыд акæнынц, куыдзы сæр æндæр ран ныгæд ис. Лирикон хъайтарæн йæ сусæг уарзон зæрдæниз у. Йе 'ргом æм раздæхта, зæгъгæ, уæд æм æркæсдзæн лыстæггай, æмæ йæм æрхæсдзæн фау. Йæхинымæр ыл худæгæй мæлдзæн. Стæй йæ ныууадздзæн иунæгæй.

Уым диссагæй ницы ис. Рæсугъдтæ фаухæссаг сты. Æмæ разы у хъайтар, æлхынцъæрфыгæй йæм кæсæд, фæлæ йæ æнæхай ма фæкæнæд йæ сусæг уарзтæй.

Ног темæ у? Нæу. Дунейы поэзийы ахæм кæнæ æнгæс хъуыдытимæ фыст æмдзæвгæтæ цъус не ссардзынæ. Ирон поэзийы уæдмæ уарзон уарзонæн фылдæр лæгъстæ кæны — ракæс мæм, бахуд мæм, бауарз мæ. Ацы уацмысы та йын йе 'рфгуыты 'лхынцъ райхалын нæ уадзы.

Камалæн йе ссæдзаздзыдæй фыст æмдзæвгæтæй цæвиттонтæ æнæнхъæлæджы нæ хæссын. Цы аивадон фæзилæны кой кæнын – ома, уацмысы кæрон æргом, æнæхин хъуыдыйæ, карды æрцъыккау, фæлыг кæнын, уый йæм уыцы кары æрцыд. Æрцыд, æмæ иууыл ирддæрæй, иууыл оригиналондæрæй разынд ирон поэзиуарзджыты æхсæн йæ зындгонд æмдзæвгæ «Æз хæлæг кæнын мæхимæ»-йы.

Æмдзæвгæйы Ходы Камалы лирикон хъайтарæн уарзт у æнæлаз, сыгъдæг, æрвон. Адæймаг ын хъуамæ кæна табу, кува йын. Хъуамæ йын тæрса æрхауынæй, цæмæй йыл рыг дæр ма абада:

*Иу мæйрухс æхсæв дæуимæ*
*Фембæлдыстæм парчы.*
*Кодтой сусæгæй сæ ныхас*
*Бæлæстæ нæ разы.*

*Цины фембæлд, ды мæ удæн*
*Рагæй дæр хæс уыдтæ.*
*Хохаг суадæттау æрттывтой*
*Уыцы сау цæстытæ.*

*Цин, æфсæрм æмæ æууæнкæй*
*Семыдзаг уыдысты,*
*Арвы урсцæппæрджын риуæй*
*«Авд хойы» зындысты.*

Æцæг уарзæгой удæй рацæугæ рæнхъытæ кæй сты, уый дызæрдыггаг нæу. Æмдзæвгæйы лирикон хъайтарæн цины фембæлд йæ удæн рагæй дæр хæс кæй уыд: хохаг суадæттау кæй æрттывтой чызджы сау цæстытæ, цин, æфсæрм æмæ æууæнкæй семыдзаг кæй уыдысты, арвы урсцæппæрджын риуæй Авд хойы кæй зындысты, уый йæ бæллицты базыртыл тæхæг удмæ фаг нал кæсы, цы акæна йæ уарзты цинæй, уый нал зоны æмæ йæ зæрдæйы гуылф-гуылфгæнаг æнкъарæн ныццæхæр калдта, æхсаргарды æрцъыккау:

*Уыцы ирд мæйрухс æхсæвы*
*Фембæлдыстæм парчы.*
*Æз хæлæг кæнын мæхимæ,*
*Ахæм чызг кæй уарзы!*

Уацмысы кæрон хæлæггаг у поэтæн. Цæмæй ахæм хъуыды æрцахсай, уый тыххæй бирæ бонтæ æмæ æгъуыссæг æхсæвтæ арвитын хъæуы. Дзырдты, дзырдбæстыты, хъуыдыйæдты алы хуызты æмæ æмбарынæдты фембæлы равзар-бавзар, равæр-бавæр, раби-баби кæнын. Уæддæр, дæ къухы, гæнæн ис, бафта, гæнæн ис, ма бафта. Ноджы дын æй Хуыцау куынæ дætта, уæд тыхмийæ ми нæй. Никæй зæрдæ йæ фæисы. Гæнæн ис, æнæнхъæлæджы дын æй ратта Хуыцау.

Камалæн æй Хуыцау радта.

Аивады кусæгмæ, ногæй цы зæгъа, ахæм дзуринæгтæ куы уа, уæд уый амонды хъуыддаг у, æмæ сыл фæстауæрц хъуамæ ма кæна.

Камалмæ сты. Сты йæм алыхуызонæй. Сты йæм, адæймаджы цæст кæуыл схæца æмæ йæ чи æрцахса, ахæм хуызджын æмæ хъуыдыджынæй.

Æмæ, уæдæ, æмбæрст у, поэты алы уацмысыл дæр поэзиуарзджытæ цымыдисæй цæмæн сæмбæлынц, уый – саджы суар

сайы йæхимæ. Фæлæ афтæ дæр акæнынц: бæх кæм стулы, уым дæр ма хъуын аззайы. Æвзонгæй цæстæвæрæн цæмæй фæуа адæймаг, уый йыл йæ карæй гаккæвæрдау ма зына, уый æнцон бауырнынгæнæн нæу. Поэзи та йæ бон калы. Хъæбæр асфальты бынæй дæр йæ сæр кæцæй сдардзæнис, уый бæрæг нæу, стæй йын никуыдæр уыдис базонæн.

Æмæ иугæр уарзт кар нæ зоны, уæд аивады ацы æнусон темæ Камал йе 'взонджы бонтимæ куыд хъуамæ ныууагътаид ивгъуыд рæстæджы. Хорзы аппарын кæд кæй цæст скарста.

Цæсты цы баззайы, уый зæрдæйæн у, æмæ поэзи зæрдæйы фæллой кæй у, уым Камал-поэты уды æнустæм æрбынат кодта. Фæлæ сæйраг, йæхи куыд æвдисы, уый у.

Цæвиттонæн æрхæссæм, фæстаг азты цы 'мдзæвгæтæ ныммыхуыр кодта, уыдонæй. Хъыгагæн, йæ рагфыстытау, сæ ныффыссыны рæстæг ацы уацмыстыл нысан нæу, æмæ уæд, сæ райгуырæн боныл, рухс кæд федтой, уый цæуы нымад. Мах дæр уыцы хъуыдыйы ныхмæ нырма æндæр æмбарынæдтæ нæ агурдзыстæм.

*Хур ыскасти. Хи ныннадта фурды был,*
*Хотыхрæвдзæй балцы сæр лæууы.*
*Сты ныр дæр ма зноны тынтæ дурты бын —*
*дæлфæдтæм сæ хъарм улæфт цæуы.*

*Охх, кæд зилын сау хуыртыл æнæхъуаджы...*
*Айсут мын, цъæх уылæнтæ, мæ рыст!*
*...Донгæронмæ бацыди бæгъæввад чызг,*
*рог уддзæф йæ дзыккуты фæтыхст.*

*Сты ныр дæр ма зноны тынтæ дурты бын —*
*дæлфæдтæм сæ хъарм улæфт цæуы...*
*Чызг лæууы, рæхснаг бæласау, фурды был,*
*аивæй хæкъуырццæгæй кæуы...*

**(«Фурды был»)**

Лирикон хъайтар æмæ йæ уарзон чызджы дæлфæдтæ нырма дæр сæ хъарм улæфтæй тавынц, дурты бын чи бамбæхстысты, зноны уыцы тынтæ. Æмæ дис кæнæм, цы у хъайтары рыст: чызг аивæй хæкъуырццæгæй цæмæн кæуы?

Фæлæ нæ автор бирæ æнхъæлмæ кæсын нæ бауадзы — уацмысы фергом вæййы сæ сагъæс, се 'мбæхст цæссыгты аххосаг,

кæд, хъыгагæн, зæрдæйæн æхцондзинад не 'рхæссынц, уæддæр:

*Иу акъаци иннæйыл кæм бакъул и,*
*уырдæм-иу мæм фарастыл фæзынд...*
*Знæт уылæн æнæвнæлд зæнгтæ бакъуыры,*
*Денджыз дардæй урс танхъа хæссы.*

*Иу акъаци иннæйыл кæм бакъул и, —*
*уым уыдзæни а изæр быгъдæг...*
*Сау денджыз æнæвнæлд зæнгтæ бакъуыры,*
*уылæн у цæхджын æмæ сыгъдæг.*

Уацмыс алцæмæй дæр у рæвдз. Уынæм сюжеты рæзт. Хъуыдыйæдтæ – аив арæзт, æлвæст. Поэт пайда кæны алыхуызон поэтикон амæлттæй. Æгæрыстæмæй, дæлгоммæныхасæй цыма базонæм уарзæтты хылы сæр дæр – «Знæт уылæн æнæвнæлд зæнгтæ бакъуыры». Æппæтæй рæвдз уацмыс. Фæлæ уæддæр, фæлæ уæддæр...

Афтæ мæм дзуры мæ зæрдæ, цыма дзы нæй, æз дзы кæй агурын, уый – Камал. Суанг стыр фæлтæрддзинад æмæ зырнæйзылд аивады бон нæ бацис зæрдæбын ныхас æмæ сыгъдæг интимон æнкъарæнтæ баивын. Поэзи та фылдæр у зæрдæйы æнкъарæнтæй быд.

Камалы æвзонджы бонты интимон темæйыл фыст æмдзæвгæтæн се 'нтыст фылдæр сæ сыгъдæг æнкъарæнтæ, стæй удæгас æмæ æргом дзырды ис. Адæймаг йæхи зæрдæмæ æдæрсгæ ныдздзурын дæр æвгъау кæй фæкæны, æвæтчиаг æм цы хъуыды раргом кæнын фæкæсы, уый, уыцы æнæлаз дзырд фæагуры чиныгкæсæг дæр. Уæлдайдæр, Ходы-фырт йæ поэзиуарзджыты ахæм зæрдæйыл æмбæлæг аив дзырдыл сахуыр кодта, æмæ йæм алы ног уацмысы дæр уымæ фенхъæлмæ кæсынц. Кæй зæгъын æй хъæуы, йæ интимон темæйыл нывæст зарджыты дæр.

Æмæ афтæ куы фæзæгъæм – Камалы сфæлдыстадыл азты уæз нæ зыны, уæд уый æрмæстдæр у, æвзонджы бонты дæр, куырыхон поэтау, дзырдæн аргъ кæнын кæй зыдта, уый фæстиуæг. Æндæра, куыд уынæм, афтæмæй рæстæг йæ фæд, хъыгагæн, алкæуыл дæр æмæ алцæуыл дæр уадзы.

Уыцы хъуыддаг æй хатт хи зæрдæйы æнкъарæнтæ, хи зæрдæйы уарзт æвдисыны бæсты (йæ карæй æфсæрмы кæны?) бафтауы искæй уарзтыл, суанг сюжетон æмдзæвгæтæ фыссыныл дæр. Фæлæ уыдон Камалы сфæлдыстад... рæсугъд æй

кæнынц, фæлæ сæ раздæры уарзты монц нал пæлхъ-пæлхъ кæны.

Мæнæ сæ иу:

*Ды фатау атахтæ мæ рæзты.*
*Дæ уарзтæй — амондæй — хызт дæн...*
*Нæ уыдтæн мисхалбæрц дæ цæсты,*
*Æз та дæ иу фендæй рызтæн.*

*Æндæр дын пъа кæны дæ русæн,*
*уæддæр мæ удлæууæн ды дæ:*
*Мæнæн дæ фаззонау æнусмæ*
*дæ зарæг баззайдзæн цæргæ...*

**(«Дæ зарæг»)**

О, фæлæ уый цыма Камал нæу.

Æцæг, теуауаргъ афтæ ма ныккæлæд, æмæ дзы хæрæгуаргъ уæддæр мауал æрызгъæла.

«Æрттигъ»-ы кæсæм, поэты æрмдзæф бæрæгæй кæм зыны, йæ удыхъæд ын чи æргом кæны æмæ нæ зæрдæты ирдæй чи аззайы, ахæм аив фыст æмдзæвгæ:

*Тæдзынджытæ тæдзгæ-тæдзыны сæлынц...*
*Фыры сытау сæ уазал буар — уырынгтæ.*
*Дæуимæ уынгты сабыргай фæцæуын.*
*Æруагътай та дæ цæстæнгас уырдыгмæ.*

*Æрбакæсынц дæм лæппутæ цыбæлæй;*
*Æвæццæгæн, сæ иуы дæр нæ уыныс...*
*Фæлæ уæддæр риу рахойы æддæмæ*
*æбæрæг тых:*
*«Охх, ардзынæ фыдбылыз!»*

**(«Тæдзынджытæ тæдзгæ-тæдзыны сæлынц...»)**

«Æбæрæг тыхы» æгомыг ныхас — йæ фæдзæхст æрдæгыл зонгæ-зонын фескъуыдтон. Уымæн æмæ, уацмысы фыццаг строфайы уыцы хæдæфсæрм уарзт уынæм дидинтыл хъуыды кæнæн дуджы — уалдзæджы хъæбысы, фæлæ дыккаг строфайы æцæгæлон лæппуты цыбæл цæстæнгас йемæ æрбахæссы, æвзонджы карæн фадхъултæм дæр цы денджыз нæу, ацæргæ адæймаг та, хæрæг битъынайæ куыд тæрса, афтæ йæхи кæмæй хизы, уыцы зæрдæуазалгæнæн тас:

*...куы йæ уыныс: сæгуытдзаст у, æнæрцæф,*
*фæтыхсдзынæ, мыййаг, лæппу, дæ уарзты!..»*

*...Куы фæкæнай егъау бæлас фæрæтдзæф,*
*Йæ рахауд дæ уæд ма бафтауæд тасы!*

*Зын фæндагыл кæд нæ вæййы рæдыд та!*
*Æз дæр æвыд кæм уыдзынæн мæ балцы:*
*рæсугъддзинад дзæвгары барæвдыдта,*
*стæй бирæйæн йæ зæрдæхудты бацыд.*

*Фæлæ уыдзæни алцыдæр йæ уагыл,*
*мæ балцы æз нæ уыдзынæн æнæнтыст...*
*Фæцу æмæ дзы ма ’рцуйы фæндагыл*
*кæд цæудзынæн,*
*гъеуæддæр ды*
*мæн хъæуыс!*

Куыд уынæм, афтæмæй уацмысы рæзтимæ, лирикон хъайтары уарзæгой уд цæуыл фæлæууа, ахæмæй дзы ницы зыны. Чиныгкæсæг бахауы катайы, мыййаг, цы нæ вæййы — бирæтау нæ хъайтар дæр йæ уарзтæй зæрдæхудт куы фæуа, куы фæлидза?

Фæлæ æнæнхъæлæджы ферттивы Камалы æрмдзæф: «Фæцу æмæ дзы ма 'рцуйы фæндагыл// кæд цæудзынæн//, //гъеуæддæр ды// мæн хъæуыс!»

Æмæ уыцы ныфсджын, фæндвидар хъуыды алы дызæрдыджы хызтæ дæр аскъуыдтæ кæны. Уд скæны цардбæллон æмæ æппæтхъом. Поэты лæгау-лæджы кары интимон темæйыл фыст уацмысты æнкъарæнты, хъуыдыты ахæм æнæнхъæлæджы фæпæртт кæм уынæм, уыдон хуымæтæджы не 'лхæнынц адæймаджы зæрдæ.

Уæлдайдæр, Ходы-фыртæн йæ бон у хуымæтæджы цардуагон цауы поэтикон уд бауадзын, чиныгкæсæгæн æй суарзон, садджын кæнын.

Балцуаты цæуын кæй нæ бахъæуы, æмæ иууылдæр хорз зонæм, алчидæр бæлццоны æрцыдмæ куыд фенхъæлмæ кæсы — цы йын æрхæсдзæнис лæварæн? Камалы, уæдæ, темæ агурæг дард цæуын нæ бахъуыд. Хуымæтæджы цардуагон деталæй сарæзта чысыл, юморхæццæ аивадон уацмыс:

*Кæсдзынæ, чи зоны, мæстыйæ...*
*Мæн дæр бæргæ фæндыди:*
*лæвар дын агуырдтон Мæскуыйы —*
*дæу аккаг дзы нæ уыди...*

*Фæлæ дын ард хæрын сыджытæй —*
*ис хос мæнмæ дæ мастæн:*
*Мæскуыйы хурдзæсгом чызджытæм*
*фæстæмæ дæр нæ кастæн!..*

**(«Уарзоны лæвар»)**

Цыма бынтон хуымæтæджы хабар у — лæппу йæ уарзон сылгоймагæн Мæскуымæ йæ балцæй лæвар не 'рхаста, æмæ йæхи рæстытæ кæны: «...дæу аккаг дзы нæ уыди». Ахæмтыл ахуыр кæй стæм, уымæ гæсгæ йæ хъус ахсгæ дæр нæ кæны. Фæлæ фæстаг строфайы фæстаг дыууæ рæнхъы аивад йæ кæнон бакæны — ныррухс кæны æмдзæвгæ æмæ уыимæ чиныгкæсæджы зæрдæ дæр.

Æмæ, æцæг дæр: æцæг уарзæгой удæн цы уа уымæй стырдæр лæвар – йæ уарзон уымæй дарддæр фæстæмæ дæр куы никæмæ кæса?! «Фурды был»-ы стыр дæсныйад дзы нæ зыны, фæлæ дзы уыйхыгъд ис Камал.

Æмæ ноджыдæр, йæ формæйæ кæд бынтон ног нæу, уæддæр иу ахæм цæвиттон:

*Мæ зæдыхай мæм рацыди æргомæй*
*æви мыл зинтæ хъарынц кæд сæ маст?..*
*Мæ зынг тæрныхыл сæмбæлди æваст*
*уæлвонг цъититы сатæг уддзæф*
*комы...*

*Цыдтæ мæнырдæм иударон фæлысты.*
*Æрттывта арв — дæ цæстыты тæмæн...*
*Æмæ дыл гъа ныр андзæвой мæ уырзтæ,*
*раст афтæ арв æргæрах ласта мæн.*

*Нынкъуысыди,*
*йæхи ныууыгъта дуне,*
*зæххы къори йæ бындзарæй ныррызт.*

*...Æрчъицыдтон...*
*Уыдтæн зыбыты иунæг...*
*Æдзæм тары мæ риуы гуыпп-гуыпп хъуыст.*

**(«Æваст фембæлд»)**

Æнæбанысангæнгæ нæй, Камал йе 'взонгæй дæр, йæ лæджы кары дæр бынтон æмхиц кæй никуы уыд интимон темæмæ, фæлæ дзы уарзты номыл цы æнкъарæнтæ, цы хъуыдытæ рантыстысты,

уыдон иууылдæр цæуынц йæ удæй. Удæй чи цæуы, уый удылæмбæлгæ у. Сæйраг уый у.

Стыр уырыссаг литературæиртасæг Виктор Шкловский Маяковскийы тыххæй афтæ загъта: «У Маяковского отношение к женщинам такое, как описал Глеб Успенский, с таким же преувеличением самой элементарной женственности». (Виктор Шкловский. Собр. соч. в 3 т., М., Т.3, 1974, 35-æм фарс).

Успенский та йæ афтæ фыста: «Красота женщин должна изображаться особенно нелепо: грудь непременно должна быть роскошна до неприличия; сравнивайте ее с двумя огнедышащими горами, с геркулесовыми столпами, с египетскими пирамидами... Только с такими невероятными преувеличениями вы можете заброшенному в безысходную тьму одиночества человеку дать приблизительное понятие о том, что другим доступно в настоящем безысскуственном виде действительной красоты».

Ирон поэттæй-иу хаттæй-хатт сылгоймаджы афтæмæй уыдта Дзуццаты Хадзы-Мурат:

*Цы сты мæ былтæ?*
*Суадон,*
*кæмæ нæ цæуы иу саг дæр*
*йæ дойны суадзынмæ.*
*Цы сты мæ риутæ?*
*Мæкъуылтæ,*
*кæмæ нæ цæуы иу род дæр*
*йæхи æфсадынмæ.*

**(«Уарзты поэмæ»)**

Камалы уарзт у саудзыкку, «хур кæмæн фæтагъд йæ рустæм, æлвæст бæрзау, къуыбырæфтауæг уалдзыгон бæласау», хоны йæ урс бæлон. Кæсы йæм, зæдмæ кæсæгау. У йыл æнувыд. Уарзы йæ æгæрон уарзтæй, æмæ йæ чиныгкæсæджы цæсты æвæры бæрзонд.

Афтæ йæ бон у æцæг поэтæн.

*Дзаттиаты Раисæ.*





*Дзаттиаты Зæлинæ.*

# *УИДÆГГТÆ*

*ТМЕНАТЫ Дзерассæ*

## УЫРНÆНТÆ ÆМÆ МÆНГУЫРНÆНТÆ

* * *

Атынæджы хос кæрдыны фæтк хæлд куы æрцæуа, уæд æй чи фехæлдта, уый уæларвон тыхты азар баййафдзæн — къæвда æрцæуидзæн, науæд бæстæ басудздзæн.

* * *

Ног дзуар ахæм карз у, æмæ йыл дæхи тынг куынæ бафæдзæхсай, уæд дæ йæ найфатмæ æмгæрон цæуын дæр нæ бауадздзæн.

* * *

Мады Майрæм уыди ноггуырдтыл аудæг зæд.

* * *

Хорæлдары бæрæгбоны хæдзары æфсин хъæзын къусы ныккæны алы хоры нæмгуытæ, кæртæй цæлгæнæнмæ рацу-бацу кæнгæйæ дзуры: «Хор, хор, хор — мидæмæ, зулкъ, мыст — æддæмæ». Адæмы хъуыдымæ гæсгæ уæд бæркад фылдæр кæны.

* * *

Уастырджи бады алæмæты урс бæхыл. У давджыты, цæстфæлдахджыты, мæнгæрдты æмæ марджыты æфхæрæг, раст адæм æмæ хæдзарон фосыл аудæг.

* * *

Хæдзары дзаумæттæй рæхыс æмæ фынг ахсджиагдæртæ сты æмæ сæ æфхæрын, æвзæр зæгъын нæ фæтчы. Рæхыс æмæ фынджы ис Хуыцауы фарн.

* * *

Ирон бинонтæй исчи хæрзиуæг куы куры, уæд ын «нæй»

зæгъæн нæй. Дзырдæуы: дзаг нæм у. «Нæй» куы зæгъай, уæд бæркад хæйрæджытæ аскъæфынц.

* * *

Нуазæн æххæст дзаг куынæ уа, уæд кувæджы ныхас уæлæрвтæм, дзуæрттæм нæ хæццæ кæны.

* * *

Сылгоймаг арынджы уæлхъус æнæ сæрбæттæнæй куы балæууа, уæд ын дзуæрттæ йæ курдиаттæ нæ сæххæст кæндзысты, йæ кувинæгтæ барст нæ уыдзысты.

* * *

Кусарт куы фæкæнынц, уæд ын йæ мурзæгæй ралыг кæнынц æмæ йæ, уæлкъæсæрыл куыд аныхæса, афтæ сцæвынц. Цæмæй, дам, сиахс хæдзарыл æнувыд уа, уый тыххæй.

* * *

Къусбарæн нæй раттæн хæдзары хицау йеддæмæ искæмæн.

* * *

Саубарæджы чи фена, уый кæны куырм.

* * *

Сауы дзуары раз сæрвæтты кæрдæг кæрдын, суг кæнын нæ фæтчы.

* * *

Дзуарæн кувинаг физонæгæн цы уистæ ракæнынц, уыдонæн хæрæгыл хæссæн нæй.

* * *

Дзуары бæрæг кæнæн бон не 'мбæлы хуыйын, кусын, къуымбилимæ архайын.

* * *

Ныккулайы бонты хуымзæхх пырх кæнынц бæгæны æмæ æхсырæй, уæд, дам, Ныккулайæн æхсызгон у æмæ хорæрзад хуыздæр кæны.

* * *

Зруджы Мыкалгабыр кæдæм зынди, уым сылгоймæгтæ сæ мидæггаг дарæс нæ тыдтой — дзуары ’лгъыстæй тарстысты.

* * *

Дзæнæтæн ис авд сызгъæрин дуары.

* * *

Кувинагæн æвæрынц кусарты рахиз фарсы хæйттæй æртæ фæрсчы, рахиз мæкъуыстæг, базыг — рахиз фарсы тых хъуыдыгæнгæйæ.

* * *

Кувæггагæй сыгъдæг æнæтæригъæд кæстæр куы саходы, уæд æй Хуыцау æмæ зæдтæ зæрдиагдæрæй райсынц.

* * *

Кувинæгты раз æвзæр ныхæстæ, чъизидзинæдты тыххæй дзурын не ’мбæлы — дзуар сæ йæхимæ бамбардзæн æмæ дæм фæфыдæх уыдзæн.

* * *

Кувæндон адæм сыгъдæг куынæуал фæдарынц, æнæуаг митæ, хылтæ дзы куы фæцæуы, уæд, дам, æй йæ зæды хай ныууадзы, нал æм фæтæхы, æмæ дзы курдиаты тых нал вæййы.

* * *

Атынæг цалынмæ æрцæуа, уæдмæ хос кæрдæн нæ уыд. Исчи раздæр куы райдайа кæрдын, уæд боныхъæд цæхгæр февзæр уыдзæн, стæй кæй ныккæрдой, уый зиантæн бахъæудзæн.

* * *

Донбеттыр йæ иу къухæй хæцы рæхысыл, æмæ æнафоны йæхи чи найы, уыдоны доны бынмæ аласы, уыцы рæхысæй сæ доны бын бабæтты æмæ сæ нал суадзы.

* * *

Алардымæ ис æвзист асин æмæ уæларвæй зæхмæ ууыл æрхизы.

* * *

Саубарæг æхххуыс кæны давджытæ ’мæ стигъджытæн, æмæ йæм уыдон уæлдай тынг уымæн кувынц.

* * *

Мигъдауæн чи нæ куывта æмæ лæгъстæ кодта, уыдоны тыллæг фыдкъæвдайы амæддаг кодта.

* * *

Дæ фос æмæ хоры сæрæй дзуарæн куы бакувай, уæд дзы æдзухдæр хорздзинæдтæн кувдзынæ.

* * *

Кусарты бæрзæймæ бирæгъ дæр не ’вналы, фыййауы хай у, зæгъгæ.

* * *

Æрвдзавдыл кæуын нæ фæтчы, æрмæст худын, зарын, кафын.

* * *

Къонайы рæхысы хицау уæларв Сафа у.

* * *

Сафайы рæхысы ис фарн æмæ амонд.

* * *

Ног бинойнаджы (чындз, ноггуырд) Сафайыл куынæ бафæдзæхсой, уæд æддагонтыл нымад цæуынц.

* * *

Сафайы рæхысыл хæцгæйæ ард халын нæ фæтчы — йæ азар дæ баййафдзæн.

* * *

Сафайы рæхыс ауыгъд кæм у, уым нæй æвзæр дзыхæй дзурæн — ралгъитдзæн дæ.

* * *

Ног чындз æмæ йæ мойæн, Сафайы рæхыс ауыгъд кæм вæййы, уым хуыссыны бар нæй — æфхæргæ йæ кæнынц.

* * *

Æрæджы цы сылгоймаг ныййардта, уымæн Сафайы рæхысы размæ цæуыны бар нæй — чъизи у.

* * *

Сафайы рæхыс адæймаджы къухæй конд нæу, фæлæ уæларв Сафайы конд æмæ сæ æрвдзавдимæ зæхмæ æрæппæрста.

* * *

Сафайы рæхысмæ лæвæрд ис æвдадзы хосы тых: йæ хафæнтæ чи баназа донимæ, уый адзæбæх вæййы.

* * *

Сафайы рæхыс хус аз доны тылдтой, йæ бынаты йæ ауыгъ-той æмæ куывтой. Уый фæстæ-иу къæвдатæ рацыд.

* * *

Уæларвæй цы Сафайы рæхыс æрхауа, уый чи ссара, уый вæййы амондджын.

* * *

Сафайы рæхыс цы хæдзарæй фесæфа, уыдон бынысъкуыд кæнынц.

* * *

Дзуары бынмæ хæрæг æмæ хуы нæ уадзынц, чъизи сты.

* * *

Хуыцау, дзуæрттæ ’мæ дауджытæ хуыздæр кусартыл ны-майынц бурхъус урс уæрыкк.

* * *

Куадзæны бонивайæнты размæ чи нæ скомдзаг кæна, уымæн Хуыцау йæ комдард нæ айсдзæн.

* * *

Бæлдæрæны æгас æрдз дæр бауддзыд вæййы.

* * *

Бæлдæрæны-иу цы нывонд гал аргæвстой, уый тугæй-иу зæхх

йæ мондæгтæ суагъта æмæ йæ царддæттæг хъомыс уый руаджы фæтыхджындæр.

* * *

Фæлвæра дзыкка уарзы.

* * *

Фæлвæрайы æхсæв бæрæгбоны фынгмæ æцæгæлон адæймагæн цæуын не 'мбæлы.

* * *

Къусбары фынджы номæй чъири, сгуы æмæ нуазæн чи ахæсса, уый иннæ ацафон куывд кæны.

* * *

Куадзæн æхсæв хаст донимæ хæдзармæ Хуыцауы хорзæхтæ æрбацæуынц.

* * *

Кæрдæгхæссæны чъиритæ хъуамæ конд уой æртæ хуызы кæрдæгæй, уæд адæймаджы туг сыгъдæгдæр æмæ рогдæр уыдзæн.

* * *

Ныккулайы табугæнæн бæрæгбон кæнынц стыр гуыдын æмæ йæ хъæугуывды хъæуы цал сыхы кæнæ хæдзары ис, уал дихы кæнынц, цæмæй фарнхæссæг зæд хорæрзад рæстмæ фæкæна алкæмæн дæр.

* * *

Афтæ-иу загътой: «Дзидза бахæрæнт бинонтæ, Елиа уый хъуаг нæу, уымæн физонæджы хуссмаг дæр æгъгъæд у». Уый уымæн дзырдтой æмæ æнхъæл уыдысты, цыма, физонæг йæ къухы, афтæмæй хистæр куы скувы: «Нæ кусарт дын барст уæд, Елиа», уæд Уацилла дæр æмæ иннæ дзуæрттæ дæр æрбацæуынц æмæ физонæгмæ фесмудынц.

* * *

Хетæджы къох Хуыцауы комытæфдзыд у.

* * *

Раздæр-иу алы æхсæв дæр Хетæджы къохæй арвы æхсæн

слæууыди рухс цæджындз. Уыцы цæджындзыл-иу къохмæ æрхызти Хетæгыл аудæг Уастырджи.

* * *

Рыныбардуаг низ дæр æфтауы, дзæбæх дæр кæны.

* * *

Ног дзуар — æгъатыр низты бардуаг, Рыны бардуаг æмæ Мæздæджы Мады Майрæм æнгом баст сты кæрæдзиуыл.

* * *

Тæтæртуппæй аразгæ, дам, уыди, хортæ фесгуыхдзысты æви нæ, уый.

* * *

Уастырджи бады алæмæттаг урс бæхыл. Бæх куы вæййы æртæкъахыг, куы базырджын æмæ тæхы уæлæрвты, куы та йæ фæстаг къæхтæ фестынц кæсаджы къæдзил æмæ ленк кæны доны.

* * *

Уастырджи у давджыты, цæстфæлдахджыты, мæнгæрдты æмæ марджыты æфхæрæг.

* * *

Джеоргуыбаты Уастырджи уæларвæй зæхмæ æрхизы æмæ æрхæссы æртæ хорзы, саккаг сæ кæны, растдæр æмæ сыгъдæгдæрыл кæй банымайы, уымæн.

* * *

Уастырджи кæуыл ауды, уыдоныл дары йæ рахиз арм æмæ сæ фыдбылызæй хизын кæны.

* * *

Уастырджи у Хуыцауæй адæмы ’хсæн минæвар æмæ адæммæ хæссы Хуыцауы фарн.

* * *

Аларды арахъхъ нæ уарзы, æрмæст къуымæл æмæ махсымæ.

* * *

Мады Майрæм, Аларды æмæ Бынатыхицау сылгоймагдзуæрттæ сты.

* * *

Дзуæрттæ бæрзонд хæхтыл бадын уарзынц, уырдыгæй сæм æппæт дæр хуыздæр зыны.

* * *

Донычызджытæ цæрынц цæугæдætты, суадæтты, цадты, æмæ сын хъæуы табу кæнын. Куы дæм фæфыдæх уой, уæд дæ исты бæллæхы баппардзысты.

* * *

Тутыры фарсмæ иудадзыг цæуы йæ бирæгъты дынджырдæр.

* * *

Тутыры бонты ног чындз кæмæ уыд, уыдонмæ æмбырд кодтой фæсивæд. Лæппутæ мойгæнæг чызджыты бастой къонайы цæджындзмæ. Кæй иу балхæдтой, уый уæгъд кодтой. Цæджындзмæ бастæн Тутыры бон уыд сæрмагонд нысан, ома цы чызджыты бабастой, уыдон цотгæнæг фæуой (смой кæной).

* * *

Ногбоны арты алфамбылай симды цы нæлгоймæгтæ бацæуы, уыдонæн сæ лæджы тых æмæ хъару æгас аз вæййынц дыууæ хатты фылдæр.

* * *

Зæнæг цы æрыгон моймæдзыд нæ кодта, уый иу цыкурайы фæрдыг йæ фасты сæвæрдта, æмæ иу ын уый фæстæ сывæллон райгуырд.

* * *

Хæхтæ 'мæ къæдзæхты бардуаг Гуыдырты комы фæндæй ныззмæлынц къæдзæхтæ. Йæ бадæн ис Уæлладжыры Урс хохыл.

* * *

Кувæг куы фæкувы, уæд омменгæнджытæ сæ рахиз къухтæ дарынц галиуыл, цæмæй, Хуыцау исты куы ратта, уæд сæ рахиз къухмæ æрхауа.

* * *

Кæрчиклойы бæрны сты тæрхъустæ, рувæстæ æмæ хæдзарон мæргътæ.

* * *

Арв-Уацилла зæххон адæммæ'рцæуы, йæ бæрæгбонтæ куы вæййынц, уæд æмæ йæ куывддоны цы бæгæныйы къус вæййы, кæд уымæй акæла, уæд хорæрзад уыдзæн хорз, бæстæ уыдзæн сабыр, кæд æмæ йæ змæлын дæр нæ фæкæна, уæд уыдзæн мæгуыр аз, æххормаг аз.

* * *

Уацилла йæ бæх ехсæй куы æрцæвы, уæд, дам, арв ныннæры.

* * *

Уацилла йæ фатæй ныццæвы, æрмæст æй чи смæсты кæны, уыдоны.

* * *

Тутырты сылгоймаг райсом сысты, æнæдзургæйæ сырх æндахæй бинонтæй алкæй дзаумайы рахиз уæхскыл дзуарæвæрд сынчытæ ныккæны, æмæ уæд афæдзы дæргъы бинонтæй алчидæр хæйрæгæй æдас уыдзæн.

* * *

Мысайнагмæ чъизи къухæй æвналæн нæй, нæй йæ разы æвзæр ныхæстæ кæнæн дæр. Кæй номыл уа, уый йæ нал айсдзæн.

* * *

Нывонд давын нæ фæтчы: кæй номыл уа, уый йæ давæгæн нæ ныббардзæн.

* * *

Æфсатийы куы нæ фæнда, уæд кæцыфæнды сырдæй дæр æрду дæр никæй бон суыдзæн ратонын.

* * *

Хъæддаг сырды фыдæй дзуары бон нæ кувынц.

* * *

Æртыццæджы, майрæмбоны, сабаты куывд ничи кодта. Уыцы бонтæ сты зианы бонтæ.

* * *

Мысайнæгтæм æвналы æрмæст дзуары лæг, æндæр ничи.

* * *

Хус рæстæг куы хаста, уæд-иу ходæгтæ ацыдысты Тхосты кувæндонмæ, дурыл-иу бакалдтой дон, кæннод та-иу æй айсæрстой сойæ æмæ-иу рауарыд.

* * *

Галæгоны номыл æргæвдынц сырх уасæг.

* * *

Зæд вæййы адæймаджы хуызы, æмбары ныхас, цæры адæмы цардæй.

* * *

Дзуæрттæ дæр æвдгæйттæй бадынц æмæ уынаффætæ кæнынц.

* * *

Дæлдзæх авд æддæгуæлæйы у æмæ æппæты бинаг дæлимонты бæрны у.

* * *

Хызисæн къуыри Уастырджи лæппуйæ лæг кæны.

* * *

Джеоргуыбаты бинонты хъуыддаг цы лæппутæ бакæнынц, уыдонæн Уастырджи хуыздæр ахъаз кæны, хуыздæр къæйттæ сын хай кæны.

* * *

Лæгсырд цæры хъæды арфы, йæ риуыл зайы фæрæт, йæ ком — æддæрдæм.

* * *

Æфсати нæ уарзы хуыдзармæй дарæс, æмæ цæмæй ма фæхæрам уа цуанонмæ, уый тыххæй йæ дарæс, къахы дзаума æнæхъуыдыйæ нæ кæны.

* * *

Донскъæфæнты фыццагдæр дон цы чындз сиса, уымæн доны чызджытæ хуыздæр арфæ йæ хай фæкæндзысты.



Æргæ бæрзы.

*АЙЛАРТЫ Зарӕ*

## ӔМДЗӔВГӔТӔ АХУЫР КӔНЫНЫ МЕТОДИКӔ

*(Ирон литературӕйы уроктӕ 5 къласы)*

### БЕСТАУТЫ ГИУӔРГИ. «САБИ МА ФЕНӔД ХӔСТ», «ИЗӔР ДЗАУГОМЫ»

I. Хӕдзармӕ куыст сбӕрӕг кӕнын.

Рацыд ӕрмӕгӕй хатдзӕгтӕ скӕнын.

II. Ног ӕрмӕг.

1. Ахуыргӕнӕджы цыбыр разныхас Бестауты Гиуӕргийы цард ӕмӕ сфӕлдыстады тыххӕй. Пайда кӕны газет «Рӕстдзинад»-ы ӕмӕ журналты уагъд ӕрмӕгӕй, Джыккайты Шамилы уацӕй: «Рухс хӕссӕг зарӕг» (журнал «Мах дуг», 1999 аз, 9 номыр), Булкъаты Михалы уацӕй: «Донхъазы зарӕг» (Критикон уацты ӕмбырдгонд. Дзӕуджыхъӕу, «Ир», 1994).

Джыккайты Шамил афтӕ зӕгъы Бестауты Гиуӕргийӕ: «Йӕ цард дӕр уыд йӕ зарӕджы хуызӕн — ӕнӕнцой ӕмӕ ирд, знӕт ӕмӕ рӕсугъд. Йӕ зард уыд нӕрӕмон, йӕ монц — уадтымыгъ, йӕ хъуыды — рухс». Гиуӕргийы адӕм буцӕн хуыдтой Бестау, Гафез ӕй хуыдта «Ӕлвӕст кард», Дзуццаты Хадзы-Мурат та — «Уадтымыгъы ӕрдхорд», Булкъаты Михалмӕ та йӕ поэзи фӕкаст «донхъазы зарӕг».

Бестауты Гиуӕрги райгуырд 1932 азы Хуссар Ирыстоны, Годжиты хъӕуы. Хъӕууон скъола каст фӕуыны фӕстӕ ахуыр кодта Калачы паддзахадон университеты журналистикӕйы факультеты. Ахуыры фӕстӕ куыста журнал «Фидиуӕджы», фӕстӕдӕр та рауагъдад «Ирыстон»-ы сӕйраг редакторӕй. Йӕ фыццаг чиныг «Уадтымыгъ» рацыд 1958 азы. Поэт йе сфӕлдыстадон символӕн равзӕрста уадтымыгъы фӕлгонц:

*Ды дӕ мӕ зарӕгӕн йӕ сӕр,*
*Цӕй, сыст, ызнӕт фӕдисон, цырддӕр!*
*Нынниу сӕдӕ 'взагӕй, ныннӕр, —*
*Фӕу фӕндаггӕрдӕг мӕ дзырдтӕн!*

Фæстæдæр Гиуæргийæн рацыд цалдæр поэтикон чиныджы: «Царды цин» (1962), «Æхсæв æмæ бон» (1966), «Арты æртæхтæ» (1979). Фæстаг чиныг фæзынд йæ амæлæты фæстæ. Йæ курдиат йæ тыхы куы бацыд, уæд ахицæн йæ цардæй 46-аздзыдæй 1977 азы. Фæлæ Бестауты Гиуæргийы сфæлдыстадон бынтæ сæ бынат бацахстой ирон аив дзырды хæзнадоны. Ирон литературæмæ бацыд канд курдиатджын поэтæй нæ, фæлæ зындгонд тæлмацгæнæгæй. Гиуæргийы тæлмацгæнæджы курдиат рабæрæг, гуырдзиаг æвзагæй иронмæ Шота Руставелийы поэмæ «Стайы cармдарæг» куы ратæлмац кодта, уæд. 1976 азы рацыд мыхуыры, æмæ йын саккаг кодтой Мачабелийы номыл Гуырдзыстоны паддзахадон преми (ахуыргæнæг æвдисы чиныг).

**2.** Æмдзæвгæ ахуыр кæныны размæ ахуыргæнæг зæгъы, Гиуæргийæн кæй уыд тæригъæдгæнаг æмæ мæтгæнаг зæрдæ. Йе 'мдзæвгæ «Дурсаби»-йы поэт æнкъард кæны гыццыл сабийы мæлæтыл, йæхи аххосджыныл нымайы, йæ кæстæр йæ разæй мæрдтæм кæй ацыд, ууыл:

*Дыууæаздзыд сабийы снывчынди дурыл,*
*Дыууæаздзыд сабийы ферох и дзурын.*
*Гранит дуры бацыд æнусон зæппадзау,*
*Йæ мидбылхудт ризгæ йæ былтыл ныууазал...*

*Æцæгæлон саби, кæй хуыст дур дæ, чи дæ?*
*Дæ цæстытæй уайдзæф дзыназы.*
*Æцæгæлон саби, мæ урс сæры хилтæ*
*Зылынджынау ризынц дæ разы.*

Гиуæргийы зæрдæ риссы сабиты хъысмæтыл, сæ рухс фидæныл æмæ фыссы æмдзæвгæ «Саби ма фенæд хæст». Хæст хæссы æнамонддзинад, у царды стырдæр бæллæх, æмæ йæ ныхмæ хъæуы карз тох кæнын. Афтæ зæгъынмæ хъавы поэт йе 'мдзæвгæйы.

Ахуыргæнæг ацы ныхæсты фæстæ аив кæсы æмдзæвгæ.

3. Ахуыргæнæджы комментаритæ æмдзæвгæйы зынæмбарæн дзырдты нысаниуæг равзарынæн.

**Хæстсидзæр** — хæсты рæстæг сидзæрæй чи баззад, йæ хæстон фыд, йæ хæстон мад кæмæн фæмард сты, уыцы сабитæ.

**Хæсттыфыл** — хæсты тыфыл, ома, тохы тæмæн.

**Æлгъитын** — ам: проклинать — ома, карз тæрхон рахæссын фыдгæнæгæн.

4. Æмдзæвгæйы аив каст. 1— 2 ахуырдзауы аив кæсынц æмдзæвгæ йæ мидис ын хуыздæр бамбарынæн. Фæрстыты руаджы ахуыргæнæг бæрæг кæны, ахуырдзаутæ куыд бамбæрстой æмдзæвгæйы мидис:

1). Цавæр ныв уын ауайын кодта поэт уæ цæстытыл фыццаг строфайы?

2). Цавæр арфæтæ кæны поэт сабийæн?

3). Куыд æвдисы хæсты нывтæ? Бакæсут уыцы рæнхъытæ.

4). Цæмæн æлгъитын кæны поэт æгас дунейы?

5). Цавæр метафорæтæй спайда кодта Бестауты Гиуæрги йе 'мдзæвгæйы? («Рухс тынтæ дыл уафы мæй», «Систа дыл цинтæ», «Хъазгæ дыл узæлы»...).

6). Куыд æмбарут ацы символтæ:

*Де сфæлдисæг сау мæр,*
*Уæлдæф æмæ дон?!*

(Ацы рæнхъыты поэт æвдисы ирæтты рагон уырнынад: нæ алыварс дуне у æртæ буаргъæдæй арæзт: зæхх, дон æмæ уæлдæфæй).

7). Радзурут, уæ бинонтæй, уæ мыггагæй хæстсидзæрæй чи баззад, уыдоны хъысмæты тыххæй (кæнæ та хæдзармæ раттæн ис ацы хæс).

5. Ахуыргæнæджы хатдзæгтæ æмдзæвгæйæ.

III. Ног æрмæг дарддæр. «Изæр Дзаугомы».

1. Ахуыргæнæг фæрсы ахуырдзауты, цавæр кæмттæ зонынц Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны, зæгъы, цæмæй æрфыссой, цы кæмттæ зонынц, уыдоны рæсугъддзинад, цавæр эпитеттæй, метафорæтæй, абарæнтæй спайда кæниккой уыцы рæсугъддзинад равдисынæн (ахуыргæнæг æвдисы Иры кæмтты хуызджын къамтæ, нывтæ).

Дарддæр ахыргæнæг зæгъы, Хуссар Ирыстоны рæсугъддæр кæмттæй иу кæй у Дзауы ком. Ацы комы чи нæ уыд, уый йын йæ æрвон рæсугъддзинад банкъардзæн Бестауты Гиуæргийы æмдзæвгæ бакæсгæйæ.

2. Ахуыргæнæг æмбарын кæны æмдзæвгæйы зынæмбарæн дзырдты нысаниуæг.

**Зæрæхсид** — зæрæхсид (вечерняя заря) — хурныгуылды фæстæ арвы кæрон тæмæнкалгæ рухс;

**Сæуæхсид** (утренняя заря) — хурыскасты размæ арвы кæрон тæмæнкалгæ рухс.

**Зæд** — ирон мифологийы арæх æмбæлæм зæдтæ æмæ дауджытыл. Уыдон сты Хуыцауы дæлбар. Цæрынц уæларвы. Ирон адæмы дунеæмбарынадмæ гæсгæ, зæдтæ арвæй тæхынц зæхмæ, уæлдайдæр та сæ кувæндæттæм. Адæмæн сты æххуысгæнæг. Сæ тæрхоны бынат ис Уазайы цъуппыл.

**Æрсдон** (ледоход) — ихы змæлд цæугæдæттæ тайыны кæнæ сæ ныйихы рæстæг.

**Морфий** — зырзыраджы лæмарæнтæй конд наркотикон æмæ рыстсæттæн (низсæттæн) буаргъæд.

**Налхъуыт-налмас** — зынаргъ дур. Ахуыргæнæг аразы цыбыр беседæ: цы сты зынаргъ дуртæ. Уырыссагау налхъуыт-налмас амонынц ахæм зынаргъ дурты нæмттæ: бриллиант, жемчуг, изумруд, яхонт (афтæ хуыдтой раджы рубин, налхъуыт æмæ сапфир).

**Алмаз** — алмаси — рæсуг тæмæнтæкалгæ зынаргъ дур, хъæбæр минералтæн сæ тæккæ хуыздæр.

**Бриллиант** — алмасийæ арæзт тигъджын зынаргъ дур.

**Изумруд** — рæсуг ирд кæрдæгхуыз зынаргъ дур.

**Рубин** — сырх зынаргъ дур.

**Сапфир** — æрвхуыз кæнæ цъæх зынаргъ дур.

3. Æмдзæвгæйы аив каст. Кæсы ахуыргæнæг, стæй та — хорз чи кæсы, ахæм ахуырдзау. Аив касты фæстæ ахуыргæнæг дæтты фæрстытæ æмдзæвгæйы мидис равзарынæн. Ахуырдзаутæ пайда кæнынц тексты æрмæгæй.

1). Æрфыссут, поэтæн цавæр нывтæ ауад йæ цæстытыл йæ райгуырæн Дзаугомы. (Уалдзыгон изæр. Стъалытæ тыбар-тыбур кæнынц арвыл. Хæхтæ æрвхуыз пиллон уадзынц. Пæррæстбазыр къудзитæ арвмæ стæхынц, бæрзытæ къæйтыл хилынц. Доны уылæнтæ згъорынц къæбæлдзыг уæрыччытау фынккалгæ. Мæй бæзджындзыкку мигътæй ныххудт).

2). Сымахмæ гæсгæ, поэт цæмæн афтæ бæрзонд тæхы уæлмонц базыртыл Дзаугомы рæсугъддзинад уынгæйæ? (Поэт бирæ уарзы йæ райгуырæн бæстæ, йæ фыдæлты уæзæг, уыны йын йæ рæсугъддзинад, аргъ ын кæны æмæ йæ никуы ницæуыл баивдзæн. Алы адæймаг дæр хъуамæ афтæ уарза йæ райгуырæн къона, хъахъхъæна æрдзы рæсугъддзинад, ма рох кæна фыдæлты уæзæг).

3). Æркæсут-ма, поэт цавæр æрдзон фæзындтыты бауагъта уд, цæмæй нæ цæстытыл ауайа диссаджы æрдзон рæсугъддзинад?

Куыд сæ æмбарут? («Арвмæ стæхынц пæррæстбазыр къудзитæ æмæ мигъты цур абадынц хинæй», «Хилынц бæрзытæ къæйтыл бæгъæввадæй», «Уæлæ схызтысты рæгътæм тыхæй-фыдæй тасгæ-уасгæ зæдæнгæс нæзытæ», «Мæй мигътæй ныххудт» æмæ æнд.). Ахыргæнæг зæгъы, ахæм аивадон фæрæз кæй хонæм олицетворени, ома предмет удджын кæнын.

Дарддæр ахуырдзаутæ кæсынц чиныджы текст «Предмет удджын кæнын» æмæ йын йæ мидис цыбырæй дзурынц.

4). Цавæр аивадон мадзæлттæй ма спайда кодта поэт æмдзæвгæйы æрдзы рæсугъддзинад равдисынæн? (Абарæнтæй: «ферттывта аргъау дзæнæтау», «фæливы зæрæхсид — кæлæнтау», бæрзытæ хилынц «хохдзау рогвад уырыссаг чызджытау», арвы бары йæ рагсæнтты уарзоны рухс цæсгомимæ, май у «цыренцалх налхъуыт-налмас хъусцæгау», «мæйрухс комком æрсдонау æфсæры»; эпитеттæй: «сызгъæрин бæзджын къæвда», «пæррæстбазыр къудзитæ», «зæдæнгæс нæзытæ», «æвзистбарц къæбæлдзыг уылæнтæ», «бæзжындзыкку мигътæ» æмæ æнд.).

4. Урочы кæрон ахуыргæнæг фæрсы ахуырдзауты, цавæр æмбисæндтæ зонынц æрдзы тыххæй. («Æрдзы цард хæдæвзæргæ у», «Хурæй тыхджындæр ницы ис», «Зæхх æрдзæн йæ мад у, хур та — йæ фыд», «Цъити арвы хæрæфырт у», «Æхсæрдзæны дон фынчытимæ хъазы», «Рæсугъд уалдзæг зæрдæрухс у» æмæ æнд.).

5. Ахуыргæнæджы хатдзæгтæ æмдзæвгæмæ.

IY. Хæдзармæ куыст.

1. Æмдзæвгæтæ аив кæсын зонын.
2. Иу æмдзæвгæ æнæ кæсгæйæ сахуыр кæнын.
3. Æмдзæвгæтæм нывтæ саразын.
4. Уæ мыггагон кæмтты тыххæй цыбыр радзырдтæ ныффыссут.



*Сечъынаты Альбинæ.*

*МУРАСТЫ Эльбрус*

# НÆ БАФСÆСТ ИРЫ ЗÆХХ ЙÆ УЫНДÆЙ

Рагæй фæнд кодтон Гиуæргийы цард æмæ сфæлдыстадон фæндагыл афæлгæсын, йæ хæдбындур æрмдзæф бæлвырддæр раиртасын, фæлæ йæм цæмæндæр мæ ныфс нæ хастон. Куыддæриу фыссæнгарз мæ къухмæ райстон, афтæ-иу мæ цæстыты раз февзæрдысты Ардасенты Хадзыбатыр, Дзесты Куыдзæг, Гафез, Плиты Грис, Джусойты Нафи, Хъодзаты Æхсар, Джыккайты Шамил æмæ иннæ зынгæ фысджытæ, Бестауы тыххæй цы бирæ арфæйаг хъуыдытæ ныффыстой, уыдон. Йæ бинойнаг Сæлимæты æххуысæй сæ фембырд кодтон. Дзæвгар систы нымæцæй. Сæрмагонд чиныджы фаг. Гыццылдæр мын фадат куы фæвæййы, уæд сыл ногæй мæ цæст ахæссын. Сæнттæ нæ цæгъдын, фæлæ хатгай газетты æмæ журналты фæрстæй мæ хъусты ныййазæлынц Гиуæргийы хæлæртты цæстуарзон, цины дисæй æмыдзаг хъæлæстæ. Æвæццæгæн, æгомыг сыфы хатгай уд бацæуы. Алæмæттаг фесты. Адæймаджы хъæлæсæй сдзуры...

Сæ иумæйаг хъуыды «æппæты зæрдæбындæр æмæ аивдæр ныхасæй» загъта Куыдзæг: «Сойбыл зарæг» кæнынмæ дæ къух кæй нæ тасы, уый мын æхсызгон у. «Дидинæджы 'ртахы ризы рухс уалдзæджы уд» — æрмæст уый йæхæдæг дæр у сгуы — хай раттыны аккаг... Дæ «зæрдæйы рæбынæй» цы «нæлгоймаджы цæссыг» цæуы, уый æмæ де «ртты фарн, тых æмæ бæркад фылдæрæй фылдæр кæнæнт!..»

Ахæм стыр дзырды дæсныты фæстæ Гиуæргийы сурæтмæ ногæй исты бафтауын æнцон нæу. Æмбæрстон: æнæ мæн поэты ном чи сбуц кæна, уыдон бирæ сты. Мæ хъуаг нæу. Фæлæ æрæджы Бестауы æртæ томыл куы фæхæст дæн, йе сфæлдыстады æнæбын æрфыты ногæй куы аныгъуылдтæн, йæ зырнæйзылд, зæлланггæнаг рæнхъыты уацары куы бахаудтæн, уæд мæ мид-зæрдæйы скарстон: цæй, цы уа, уый уæд! Йæ «кæлæнгæнæг ирон ныхасы» суадæттæй мæ дойны уæддæр суадздзынæн...

Кæд Гиуæрги мæнæй бирæ хистæр нæ уыд, уæддæр мын

никуы бантыст йемæ лæгæй-лæгмæ аныхас кæнын, нæдæр ирон фынгыл абадын. Æнæуи та мæ фæндгæ тынг кодта. Ме 'мкусджытæ (телеуынæны) Мадзаты Мæхæмæт æмæ Хостыхъоты Ирæ хорз зонгæ уыдысты поэтимæ, бирæ уарзтой йе сфæлдыстад æмæ мын æдзухдæр Бестауы-фырты кой кодтой. Ирон поэзийы тыххæй-иу гыццыл ныхас дæр куы рауад не 'хсæн, уæд-иу Гиуæргийы иу кæнæ иннæ чиныг стъолы лагъзæй æвдисæндарæн фелвæстой. Кæмдæр сæм хæлæг дæр кодтон. Мæхицæн æрмæст иунæг, зыбыты иунæг хатт фæци фадат поэты фенынæн. Уый уыд 1964 азы, Цæгат Ирыстоны пединституты филологон факультеты фæстаг курсы куы ахуыр кодтон, уæд.

Иу бон радон лекцийы бæсты нæ ахуыргæнæг Калоты Георги аудиторимæ æрбахуыдта урссæр зæронд лæг æмæ саулагъз, хъоппæгдзæст, саджы фисынтыл амад кæй фæхонынц, ахæм лæппулæджы. Уыдон уыдысты Гафез æмæ Бестауты Гиуæрги. Уазджытæ цыбыр разныхасы фæстæ кастысты сæ ног æмдзæвгæтæ.

Гиуæргийы рад куы 'рхæццæ, уæд йæ худæндзаст цæсгом æваст фендæрхуызон. Йæ цæстыты цыма зынджы стъæлфæнтæ фæзынд, афтæ æрттивын райдыдтой. Йæ аив, цъæхснаг хъæлæс бæзджынæй-бæзджындæр кодта, куыройы нукмæ кæцæйдæр æхсæрдзæн куыд фемæхса, уыйау.

*Хурбоны цырагъ дарын æнцон у,*
*Арв йæхæдæг ирд тæмæнтæ калы,*
*Фæлæ тары рухс кæнын кæй бон у,*
*Саудалынджы чи басгуыхт ыстъалы ?..*

Иуæй иннæ хуыздæр æмдзæвгæтæ ивтой кæрæдзийы. Суанг иугай æппæты ирддæр рæнхъытæ нæ хъусты зæлгæйæ баззадысты: «Уарийы тыгъд базырыл — мæ уд», «Æрфынæй дидинæгыл уддзæф», «Мæ зæрдæмæ 'ртхосæн уæд та мын, арв, иунæг ыстъалы ныддар!» æмæ æндæртæ. Фæлæ иууыл тынгдæр нæ зæрдæмæ фæцыд «Стай зоопарчы». Йæ зындгонддæр æмдзæвгæ — балладæ. Буар цины дыз-дыз кодта, Гиуæрги æмдзæвгæйы мидызмæлдмæ гæсгæ йæ хъæлæс уæлдæрæй уæлдæрмæ куы иста, диссаджы нывæфтыд, цардæгас нывтæ куы нымадта, уæд...

Бестау йæ уацмыстæ куы каст, уæд мын мæ фарсмæ бадæг Джыккайты Шамил цæстæй ацамыдта Гафезмæ. Æцæгдæр, фенын хъуыд, фæрнджын, уæздан хистæр куыд фæлмæн æмæ

уарзæгой цæстытæй каст йæ кæстæр æмбалмæ, уый!.

Ǽвæдза, цы амондджын замантæ уыд нæ аивады, ахæм диссаджы хæзна адæймæгтæй бæзджын куы уыд, уæд!..

*«Карз ыстай» — æфсæн æмбондыл фыст.*
*Нæ, уый кæд йæ бур быдыргъ у 'мпылдæй.*
*Уæнгтæ — уагъд, æндон цæстытæ — хуыст, —*
*Сырд, бызгъуырау, фæскъæсæр тымбылтæ.*

*Нæ, зынгæй зынг зæгъæн нæй хуыстæй, —*
*Хъуамæ уый цæхæр тыфылтæ калид!*
*Арвæрттывд у, уадтымыгъ у стай, —*
*Ахстæй йын ыстай ысхонæн нал и.*

*. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .*

*Ам æрмæстдæр й' афтид буар хуыссы, —*
*Дардмæ хаст йæ удæнцой хæцæнтæй,*
*Ǽмæ йын йæ бырынчъы тъыссы*
*Горæтаг тæппуд саби къæцæлтæ...*

Махæн, суинаг ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæн, уыцы фембæлд арф фæд ныууагъта нæ зæрдæты. Нæ хуссайраг уазджыты хæлар, арфмидисджын ныстуантæ, сæ ирд, тæмæнтæкалæг уацмыстæ магнитон лентыл фыст куы æрцыдаиккой, уæд Ирыстоны астæуккаг скъолатæн замманайы ахуырадон фæрæз уыдаиккой...

Даргъ къæлидоры Гафез æмæ Гиуæргийы фæдыл куы ныххал стæм, алыхуызон фæрстыты бын сæ куы фæкодтам, уæд сæ цæстытæ цины æрттывд кодтой. Бæрæг уыд, канд мах иттæг разыйæ нæ баззадыстæм.

Ехх, исты амалæй куы æнкъардтаиккам, нæ фыццаг бæллиццаг фембæлд фæстаг разындзæн, уæд семæ нæ къамтæ уæддæр систаиккам, фылдæр, ноджы зæрдæагайæгдæр ныхæстæ фæкодтаиккам, фæлæ...

Чи æнхъæл уыди æмæ Бестауы-фырт бынтон æвиппайды ныггуыпп ласдзæн: «Цæмæй хæйрæг уыдтæн æмæ афтæ æнафоны, Къостайы цахъхъæнæй, ингæнмæ фæфардæг уыдзæни? — катай кæны Гиуæргийы иузæрдиондæр хæлæрттæй иу — Хъодзаты Ǽхсар. — Тулдзы бындзæфхадау мæм фидар касти — къæбузджын æмæ æлвæстнуар уыди. Низ æм цыма æввахс дæр не 'рбауæндыдаид»...

Ǽгæр дæр ма æрбауæндыд! Бындзарæй афæлдæхта,

ӕрвгӕрӕттыл чи ныдзӕвыд, ахӕм фидар ӕмӕ пӕлӕхсар бӕлас...

Фӕзӕгъынц, цӕмӕй поэты сфӕлдыстад хуыздӕр бамбарай, йӕ аивадон мадзӕлттӕ арфдӕр ӕмӕ биноныгдӕрӕй раиртасай, уый тыххӕй хъӕуы, уыцы дзырды дӕснымӕ арӕзт чи уыдзӕн, ахӕм уӕлтӕмӕн зӕрдӕйы уаг. Уырыссагау ӕй хонынц «настроенность на волну поэта», зӕгъгӕ.

Гиуӕргийы уацмыстӕ кӕсгӕйӕ дӕ уыдӕттӕм нӕ равдӕлдзӕн. Куыддӕр йӕ чиныг дӕ къухтӕм райсай, афтӕ дӕ знӕт фурдау йӕ уӕлныхты аскъӕфдзӕн, дӕ уды рӕбинагдӕр къуымтӕ дын сфӕйлаудзӕн. Ӕрмӕст стыр поэтикон хъару ӕмӕ домбай ныфс кӕй риуы ӕхсиды, уый бон у уадтымыгъы йӕ цӕдисон ӕмбал рахонын.

*Ды дӕ мӕ зарӕгӕн йӕ сӕр.*
*Цӕй, сыст, ызнӕт фӕдисон, цырддӕр!*
*Ынниу сӕдӕ ’взагӕй, ыннӕр, —*
*Фӕу фӕндаггӕрдӕг мӕ дзырдтӕн!*

*Куыд нӕй зӕххы цъарыл фӕуӕн*
*Ӕнустӕн, размӕбырстӕн, цардӕн,*
*Нӕй афтӕ басӕттӕн дӕуӕн,*
*Ыххуыссӕн — де ’нӕнтау цъӕх артӕн.*

*Дӕ нысан — иудадзыг тырнын,*
*Дӕ цард, дӕ цин — дӕ хӕст, дӕ тохы.*
*Нӕрыс, бырсыс ’мӕ дӕ уырны, —*
*Дӕ цӕлхъӕй атондзынӕ хохы.*

*Уӕлахиз къухты бафтдзӕн тагъд —*
*Ӕдзух дӕ размӕ скъӕфы уый ныфс.*
*Минут дӕр фескъуыдтай дӕ тахт, —*
*Нӕ, уӕд ды уадтымыгъ нӕ хуыйныс!..*

Диссаг та куыд нӕ у: тӕрккъӕвда, уад, уадтымыгъ, арвӕрттывд, знӕт дон ӕмӕ ӕндӕр ӕрдзон фӕзындтытӕй, Хъазиты Мелитоны загъдау, адӕм сӕ равзӕрдӕй фӕстӕмӕ дардмӕ лидзынц, тасы хос сын сты, поэтӕн та систы йӕ удӕнцой, цард сыгъдӕггӕнӕг, йӕ зарӕджы сӕр. Йӕ лирикон герой уырзыйас саби куы уыд, уӕддӕр-иу уадтымыгъ рудзгуытӕ куы ныххоста, уӕд-иу ын йе 'хситтӕй фӕсырдта йӕ хуыссӕг, фӕхаста-иу ын йе 'нцойад. Бӕлӕстӕ йӕм къӕс-къӕс кодтой, саби та-иу йӕ

цæст цъынд дæр не 'ркодта, «зыдæй, цымыдисæй» йæм хъуыс-та. Уадтымыгъмæ.

*Цæмæн? — нæ хатыдтæн бæлвырд,*
*Цы мæ скъæфта дæумæ — нæ зыдтон,*
*Фæлæ мæм диссаджы монц гуырд,*
*Цыбæлæй дæм мæ былтæ 'хсыдтон...*

*Мæсты 'хситт-иу куы систай хатт,*
*Куы-иу хъуыст де 'ртхъирæн, дæ додой, —*
*Мæ сæрыхъуын-иу барц ысбадт,*
*Мæ уæнгтæ цины дыз-дыз кодтой...*

Ацы нæргæ-уыраугæ уацмыс бакæсæджы нæ бауырндзæн, Гиуæргийæн бынтон фæлмæн æмæ æууæндаг зæрдæ уыдис, уый. Бæгуыдæр, тохмондагæй цъæхартуадзæг рæнхъыты ауон, æргъæфст цъиуау, цы хæрзгыццыл æмдзæвгæ «Дурсаби» æрныгъуылд, уымæн куыд ис рахатæн? Дыууæаздзыд сывæллоны снывчынди дурыл. Дунейы рухсмæ чи тындзыдта, уыцы æнахъом саби ферох кодта дзурын, гранит дуры бацыд æнусон зæппадзау. Йæ хурæнæгæс мидбылхудт ризгæ йæ былтыл ныууазал...

Ахæм æвирхъау ныв фенгæйæ, поэт æрвдзæфау фæци: «Йæ зæрдæмæ туггæ ныттагъд. Кæд ницы аххосджын уыд, уæддæр йæхи азымджыныл нымайы. Цæмæн амард йæ кæстæр йæ разæй? Бæргæ, ма хъуамæ мæликкой адæм æдзардæй, уæлдайдæр сабитæ, фæлæ цы загъдæуа хъысмæтæн» (Джусойты Нинæ).

*Æцæгæлон саби, кæй хуыст хур дæ, чи дæ?*
*Дæ цæстытæй уайдзæф дзыназы.*
*Æцæгæлон саби, мæ урс сæрыхилтæ*
*Зылынджынау ризынц дæ разы.*

Кæй зæрдæ нæ сæнкъуысдзæн ацы судзаггаг ныхæстæй? Ноджы Гиуæрги йе 'мдзæвгæйæн уырыссаг поэт И. Сельвинскийы æрхæндæг рæнхъытæ: «Мне стыдно, когда умирают люди моложе меня» эпиграфæн кæй равзæрста, уымæй йæ эмоцион тых фæдывæр...

Бестауы æвидигæ сыгъдæг удыхъæдыл дзурæг у йæ иннæ æмдзæвгæ «Дæлæ хъæддаг цъиу уазалы басыд» дæр. Поэт æнæбон, тæригъæддаг маргъы тухæнтæ йæ зæрдæмæ хæстæг райста æмæ йе 'нкъард, зæрдæхалæн ниудмæ (уастмæ, кæуынмæ нæ, фæлæ ниудмæ!) йæ уды дуар байтыгъта, йæ уыргæфтауæг уаргъ ын фæрогдæр кодта:

*Дæлæ хъæддаг цъиу уазалы басыд,*
*Зилы цæндты хæлцагур, дзыназы.*
*Цыма тары дыдзырухс цырæгътæ —*
*Доны ризынц йæ чысыл сырх къæхтæ.*

*Æрдз, цæмæн кæныс хъулон ми ахæм:*
*Ды куы схай кодтай хъаны цард махæн,*
*Уæд æнæбон, тæригъæддаг маргъæн*
*Цард куыд радтай уыргæфтауæн уаргъæн?*

*Æз мæ уды дуар байтыгътон цъиуæн, —*
*Æмæ байдзаг йæ пæр-пæр, йæ уастæй,*
*Æмæ йе 'нкъард, зæрдæхалæн ниуын*
*Айстон мемæ фæндаггаджы мастæн.*

Нæрæмон, къæрцхъус зæрдæ дæ риуы куы тæлфа, уæд дæ уд бавæрыныл не суыдзынæ, дæ сæр кæм бахъæуа, уым æнæгуырысхойæ балæудзынæ. Бахъуаджы сахат æнауæрдон тохы цæхæрмæ дæр дæхи ныввзилдзынæ, Бестау йæ цыбыр цæргæбонты куыд кодта, афтæ. Цыфæнды зын æвзарæнты дæр йæ уды рæстдзинадыл гадзрахатæй никуы рацыд. Йæ тызмæг дуджы ирон лæджы намысыл фидарæй хъæцыд. Царды дæр æмæ поэзийы дæр. Кæйдæртау аслам кад æмæ мæнг хорзæхты сæраппонд йæ сæр никуы æрныллæг кодта. Афтид, дымст авторитеттæ йæ цæсты æгад уыдысты. Уый тыххæй йæм Хуссар Иры уæды хицауад æмæ сæ коммæгæс фæсдзæуинтæ æдзухдæр фыдæх кодтой, йæ фæндæгтæ йын æхгæдтой. Хахуыр, алыхуызон цъыфкалæн митыл нæ ауæрстой.

*Дысон та мæм ралæбурдтой куыйтæ,*
*Алырдыгæй: «мæнæ», «мæнæ» кодтой.*
*Кастæн сын сæ сæтæйдзаг хæмхудтæм,*
*Аивæй мæ мидрихийы худтæн:*
*Зонын, циу сæ рæйд æмæ сæ хылы сæр:*
*Нал быхсынц, куыдз кæй нæ дæн сæ хуызæн.*

Поэтæн йæ бирæ тухитæ æмæ судзгæ мæстытæй йæ уд æрдуйæ нарæгдæр куы свæййы, рухсы цъыртт йæ риумæ куы никуыцæйуал фæкæлы, уæд йæ фыртыхстæй арвыл йæхи бафæдзæхсы, ды мæ уæддæр барæвдау, зæгъгæ.

*Æз цæуын, мæ тæвд цæсгомыл къæвда*
*Ихуазал уæззау цæссыгтæй уары.*

*Ку мыл, арв, ды мæ уæддæр æррæвдау,*
*Бастадтæн куырмæй хитгæ мæйдары.*

Фæлæ цыфæнды удхайраг заманы дæр йæ рæсугъд, цардмондаг зæрдæйы сконд никуы аивта. Цардыл йæхи никуы атигъ кодта, зыдта йын аргъ кæнын. «Царды рæсугъддзинæдтыл цинæй никуы бафсæст, царды хорздзинæдтæм кæсгæйæ, уый мæлæтыл хъуыды дæр никуы кодта». Уымæн схуыдта йæ чингуытæй иу «Царды цин». Ахæм æмном æмдзæвгæйы зæгъы:

*У мæ уд, мæ дзæцц сæуæхсид, —*
*Цард гуылф-гуылфгæнгæ куы гуыры...*
*У мæ цæстысындз зæрæхсид:*
*Рухс хур — царды мад — ныгуылы.*

*Судзы ме 'хсæв дæр цырынæй,*
*Рагæй — уадтымыгъ мæ лымæн.*
*Мæн цы бафсаддзæн цæрынæй,*
*Мæн кæд авдæлдзæн мæлынмæ...*

Оххай-гъе, бецау, Гиуæрги! Лæгæн йæ фæстаг бон куы æрхæццæ уа, уæд адзал æвдæлонтæй нал фæфæрсы. Нæ бафарста дæу дæр. Дæ тæккæ лæджы кары сау ингæнмæ фæцыдтæ. Цæрдхъуагæй, цардмæ дæ былы цъæрттæ хæргæйæ:

*У мæ цард къуыбылойы тыхтонау,*
*Тулы йæ дымгæйау рæстæг размæ,*
*Бонтæ дзы кæнынц æдзух тыхтона,*
*Сæры хил ысурс ис азæй-азмæ.*

*Фæлæ судзы зæрдæ цинæй арты:*
*Иунæг уысм мын мин æнусы аргъ у,*
*Кувын æз хуыцæутты бæсты цардæн:*
*О, мæ цард, тъымы-тъыма ныддаргъ у...*

Цæвиттон, Бестауы-фыртæн йæ рагбонты хæлар Нартыхты Михал Грисы «Салдат» куынæ бакæсын кодтаид, уæд абон цæуыл дзырдтаиккам, уый нæ уыдаид. Гиуæрги 22 азы онг фыста гуырдзиаг æвзагыл, рауагъта хицæн чиныг дæр. Уæд, фæндзайæм азты райдианы, æрыгон лæппу цинæй амард: «Афтæ хорз фыссæн ис иронау, уый нæ зыдтон, æндæра афонмæ дæр фыстаин нæхи 'взагыл».

Бестау йæ дзырд нæ фæсайдта. «Райдыдта фыссын иронау, стæй нуарджын стихæй, нывæфтыд æвзагæй, эмоцийæ хъуырмæнад

дзырдтæй, — мысы дард ивгъуыд цаутæ Нафи. — Йæ фыццаг дыууæ æмдзæвгæйы — «Орденджын фыййау» æмæ «Тæрккъæвда» — мыхуыргонд æрцыдысты журнал «Фидиуæджы» 1954 азы 8-æм номыры. Афтæ æрбацыд Гиуæрги ирон дзырдаивадмæ. Æрбацыд куывдмæ нæ, фæлæ национ аивады удуæлдай зиумæ, æмæ, нæртон хосдзауыл куыд æмбæлы, афтæ хаста йæ уис йæ царды фæстаг бонтæм. Йæ аив дзырдæй, йæ зонды тыхæй, йæ уды рæсугъд миниуджытæй бæлвырд фæбæрзонддæр кодта ирон литературæйы кад æмæ ном. Æрбацыд нæ зиумæ сæрды тæмæны æмæ цæугæ дæр акодта раст августы райдианы ».

Алы поэтæн дæр йæ зынаргъдæр хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ баст вæййынц Фыдыбæстæйы хъысмæтимæ. Йæ ивгъуыд, йæ абон, йæ фидæнимæ, уымæн æмæ «уымæй цæры, уымæй улæфы, уымæй гуыры йæ аивады суадон». Æмæ æцæгдæр, адæймаг боны рухс кæм фены, хуры хъарм, царды ад кæм банкъары, уыцы уæзæгæн куыд ис ферох кæнæн?..

*Гуырдз, мæ уды гуырдз а бæсты,*
*Ацы сау мæры схæцыди,*
*Ам мæ цардцыбæл къабæзты*
*Терчы ’хсидгæ туг бацыди;*

*Ам æвзистбазыр хуры тын*
*Мемæ сабийæ хъазыди,*
*Æмæ рухс хæхты сурæты*
*Тайгæ ме ’взонг уд баззади.*

*Ир æнусæмдзу уари у,*
*Æз йæ дардтæхæн базыр дæн,*
*Æз сыфтæр дæн йæ къалиуыл,*
*Цæй, куыд ын зæгъон: «Уарзын дæ»...*

*Нæ, фæлтау, мæ бон судздзынæн,*
*Фæлæ аивæй райдзынæн,*
*Иры хуримæ худдзынæн,*
*Иры цъититы тайдзынæн...*

*Чи у а зæххыл разагъта,*
*Ирæн чи кæны хорз æгъдау,*
*Йе, кæй рухс нæмттæ басагъта*
*Уый йæ зæрдæйыл хорзæхтау,*

*Æз мæ дæндагæй уыдонæн*
*Уаз алдзæн цырагъ дардзынæн;*
*Æз мæлгъæвзагæй уыдонæн*
*Кады зарджытæ зардзынæн.*

Нæ аивадиртасджытæй бирæтæ поэты нымадтой уарзондзинады зарæггæнæгыл. Æмæ, чи зоны, уый уæлвонг ныхас нæу. Уарзондзинадыл фыст æмдзæвгætæ зынгæ бынат ахсынц Бестауы сфæлдыстады. (Сæ фылдæр Гиуæрги йæ удæгасæй æмбæхстæй фæдардта). Уыцы хъуыддаг дыууæ хуызы бамбарæн ис. Иуæй йын йæ ирон æфсарм бар нæ лæвæрдта уыдоны адæмы рæгъмæ рахæссынæн, иннæмæй йæ зæрдæ рыстис, йæ арф æмбæхст зæгъинæгтæн раргомгæнæн кæй нæй, уый тыххæй. Æрмæст йæ мæлæты фæстæ цы чиныг рацыд — «Арты æртæхтæ», — уым мыхуыргонд æрцыдисты.

Поэты лирикон герой дывыдон арты бахауд. Æнæкæрон уарзтæй уарзы кæйдæр, фæлæ сын Хуыцау, æвæццæгæн, сæ хъысмæт хицæнтæй сныв кодта:

«Мах иу зæрдæйы дыууæ кæрдихы стæм, — зæрдæсастæй дзуры йæ уарзонмæ йæ прозæйæ фыст æмдзæвгæ «Дыууæ бæласы». — Нæ раттæг æрдз нæ хъизæмарæн рафæлдыста. Нæ зæрдæйы тæгтæ, нæ уды ризгæ дадзинтæ кæрæдзийы агурынц, фæлæ æрмæстдæр стæм хатт андзæвынц нæ сыфтæртæ кæрæдзийыл, уый йеддæмæ не 'хсæн мæлæты æнусон арæн ис.

Нæ астæуæй дæлæмæ æндæр рæтты лæууæм сыджыты, нæ уидæгтæ хицæнтæй афардæг сты арф сау мæры. Уыдон нæ фидæны фæндæгтæ сты: сомбон, нæ гуыртæй уæлион царды цы 'рдджытæ ис, уыдон дæр уыцы уидæгты фæд-фæд хицæнтæй хъуамæ ныххизой æнусон дæлдунемæ.

Æхсæв нæ къалиуты копрадзгъуыз пыхцыл мигъ куы ныссуйтæ вæййы, уый мигъ нæу, — не 'нувыд сагъæс у. Райсом нæ сыфтæртыл сæумæйы налхъуыт-налмас фæрдгуытæ куы ферттивынц, уый фæрдгуытæ нæ, — не 'нкъард сау æмæ æрвгъуыз цæстытæ вæййынц. Зымæг ныл мит не 'рбады, — уый нæ сæры хилты урс у. Уалдзæг дидинæг куы рафтауæм, — уый нæ уды 'мбæхст ихуазал ферттивы нæ уарди былты зыхъхъырæй. Сæрд æрвæрттывды стъæлфæнтæй нæ вæййæм йемыдзаг, — уый нæ масты цæхæр фæкалæм. Фæззæг зæрин сыфтæртæ не згъалæм, — тугдзæссыг фезгъалæм...

Æрдз нæ хъизæмарæн рафæлдыста, æндæра куыд бæрзонд

фæцыдаиккам уæд арвы рухсы, судзгæ цырæгътау; куыд фидыдтаид нæ уындæй нæ раттæг æрдз!

Ныр та...Ныр та уидагбастæй иу иннæмæ ивазæм нæ цæнгтæ, æндæр нын ницыуал баззад. Уадз, хаттæй-хатт-иу кæрæдзиуыл нæ сыфтæрты аныдзæвд тызмæг амонды æхцон стъæлфæнтæ акалæд».

О, зын у, критичы загъдау, сусæг, давæггаг уарзты цырен артмæ хи тавын, фæлæ йын ирон æгъдау йæ уæнгтæ фидар рæхыстæй ныббаста, кæйдæр амонды цæхæрæй æхсидæвтæ скъæфын та поэт йæ сæрмæ нæ хæссы. Фæлтау разы у, зæххыл чи нæма уыд, ахæм хъизæмæрттыл. Фæлтау хуры зынг цæстмæ дардмæ йæ къухтæ тавдзæн — хæстæг бацæуын æм йæ домбай намыс нæ уадзы. Фæлæ зæрдæ дойнаг дур нæу. Кæд цыфæнды фæразон, цыфæнды ныфсвидар у, уæддæр ыл иуафон карз фæсмон æртыхсдзæн æмæ йæ фæллад риуæй срæмудздзæн уынгæг зарæг:

*Цæмæн дæ агуырдтон куырмæджы,*
*Æрвгъуызздаст, саудзыкку, гуырвидыц,*
*Куыд ’рæджы бакодтон, куыд ’рæджы, —*
*Нæ сæртæ урс-урсид æрттивынц.*
. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .
*Ныр бонтæ ниудзысты æмбуйæ,*
*Фæстейæ — ихуазал фæдджитæн, —*
*Кæддæр дæ сатæгсау дзыккуйæ*
*Йæхи æрцауыгъта мæ фидæн.*

Гиуæрги йæ царды хуыздæр азтæ бахардз кодта тæлмацтыл. Йæхи сфæлдыстадмæ йæ фаг нал равдæлд. Грис ыл стыр дисы бацыд: «Гио уый бæрц куыд быхсы Руставаг Шотаимæ?» Йæ иу фыстæджы нæ номдзыд поэт йæ уарзон кæстæр æмбалæй куры: «Цæв æй, фæу йæ, барухс кæн де 'нхъæлцау адæмы зæрдæтæ».

Бестау афтæ арф аныгъуылд астæуккаг æнусты стырдæр поэты сфæлдыстадон дунейы, афтæ хæстæг бацыд оригиналмæ æмæ, Булкъаты Михалы загъдау, лæг йæхимидæг хъуыдыты ацæуы: «Кæд Руставели йæ уацмысæн йæ гуырдзиаг тексттимæ иумæ ирон текст дæр сфæлдыста æмæ йæ Бестауы-фырт кæмдæр ссардта, æндæр куыдæй систы йæ персонажтæ сæ удыхъæдæй ирæттæ, оригиналты халдихтæ? Кадæджы геройты дзыхы ирон æвзаг зæлы афтæ аивæй, афтæ нывæфтыдæй æмæ сæхи мадæлон æвзагæй

мисхалдæр ницæмæй фæныллæгдæр, Гиуæрги сыл цы нæртон дарæс скодта, уымæй сæ рæсугъд фактурæ æппындæр нæ фæцауддæр ис».

Англисаг ахуыргонд Марджори Уортроп сæрмагондæй сахуыр кодта гуырдзиаг æвзаг, цæмæй сæхи æвзагмæ раивтаид Руставелийы хæзна. Ацы тæлмацимæ куы базонгæ уырыссаг поэт К. Бальмонт, уæд дисы бафтыд: «Уый уарзондзинады цæхæрзынг хид куы у зæххæй арвмæ», зæгъгæ, æмæ «йæ ныззæлланг кæнын кодта йæ мадæлон æвзагыл». Афтæ бирæ æндæр адæмтæ дæр сæ хъус æрдардтой генион кадæгмæ. «Стайы цармдарæг» Бестау йæхæдæг рахуыдта «Æхсидгæ зæрдæйы уæлтæмæн æнкъарæнты æнæбын денджыз». Йæ бæрнон аивадон нысан куыд æмбæрста, уый тыххæй фыста: «Æнусты сæрты саудалынджы цырагъау рухсгæнгæ чи æрхæццæ, уымæн йæ алы рæнхъ дæр цардæгас тугдадзинау тæлфы æмæ поэты равг, поэты зæрдæйы уагæн халæн нæй». Æмæ Гиуæрги æхсæв-бонæй нал иртæста. Бадгæйæ дæр æмæ цæугæйæ дæр йæ хъуыдытæ баст уыдысты гуырдзиаг æнæмæлгæ поэтимæ. Дзургæ дæр уый æвзагæй кодта.

Хостыхъоты Зинæ йæ кæстæр хо Ирæимæ уыцы рæстæджы Чъребайы цардысты. Æмæ-иу сæм Гиуæрги уазæгуаты арæх æрбауад. «Иу райсом, фараст сахаты дæр нæма уыдаид, афтæ дуары хъинц фæцыд, — мысы Ирæ. — Кæсæм æмæ нæ къæсæрыл — Бестау, нæхи Гиуæрги. Саламы бæсты барджын, цыдæр ивазгæ хъæлæсæй куы сдзурид: «О, мæ мард фенай, мæ паддзах, ды куы схæцай мемæ хъазтыл! ».

Æдзухдæр цинтæгæнаг уыд æмæ мын мæ къухыл æрхæцыд. Йæ арахъхъы тæф мæ фындзыл куы сæмбæлд, уæд ыл сбустæ кодтон: «Ахæсс ма дæ расыг цæстытæ иуварс!». Цыма Гиуæргийы фæзмгæ кодтон, афтæ мын æнæнхъæлæджы рауад. Уазæгæн уый худæджы хос фæци: «Гъеныр, Заремæ, (фæсномыгæй мæм ахæм номæй фæдзурынц) сæхи стыр поэттæ чи хоны, уыдонæй афтæ ничи загътаид».

Зæрдиагæй худти Зинæ дæр...

Гиуæрги кусгæ-кусын фæллад цы у, уый нæ зыдта. Цыма йæ тагъд фæуд куыддæрæй æнкъардта, афтæ йæхиуыл нæ ауæрста. Уыцы мидуавæр Джыккайты Шамил афтæ уыны: «Поэты цард трагеди у. Æппæты арфдæр æй æнкъары æмæ хаты йæхæдæг. Æмæ тагъд кæны цардæй йæ мондæгтæ уадзыныл.

Зоны, арвæрттывдау, цыбыр у йæ цард, æмæ нæрæмонæй тырны тар басудзынмæ, фæнды йæ, уæд та майдыма, иу уысм дуне срухс кæнын. Йæ лæппуйы кары уæвгæйæ, Пушкины поэтау тыхсы, сагъæс кæны йæ ивгъуыд бонтыл æмæ хæстæг мæлæтыл, тæрсы, фаг ын куынæ бантыса, йæ рæстæг дзæгъæлы куы атæха».

Тæхуды, рæстæджы цалхæн фæстæмæ разилæн куы уаид, уæд, чи зоны, Гиуæрги йæ домбай хъарутæ фылдæр йæхи сфæлдыстадмæ сарæзтаид. Цас æмæ цас ног дзырдаивады хæзнаты хицæуттæ суыдаиккам! Фæлæ хъысмæтимæ хъæбысæй хæцæн нæй.

Фынддæс азы, æнæхъæн фынддæс азы атыдтой поэты цыбыр цардæй тæлмацтæ! Ш. Руставелийы «Стайы цармдарæг»-æй дарддæр раивта нæ бæстæйы æмæ дунейы классикты хицæн уацмыстæ. Ирон æвзагыл сдзурын кодта Ф. Шиллер, П. Неруда, Æгъуызарты И., И. Бараташвили, И. Чъавчъавадзе, А. Цъеретели, В. Пшавела, Г. Табидзе, С. Капутикян, Г. Гулиа æмæ бирæ æндæрты. Къаддæр нæ уыдысты, Хуссар Ирыстоны фысджыты уацмыстæй гуырдзиаг æвзагмæ кæй ратæлмац кодта, уыдон дæр.

Нæ, йæ цæстмæ йын сæ нæ дарын. Стыр æвæрæн сты нæ аивады хæзнадоны, кадджын преми дæр ын саккаг кодтой, фæлæ уæддæр... Уæддæр мæ сæрæй нæ хицæн кæны иу хъуыды. Зæрдæ риссы, «Уадтымыгъ», «Сызгъæриндонытылд изæртæ», «Стай зоопарчы», «Цард цыбыр у», «Хæрзбон, мæ дард цъæх уалдзыгон рæуфынтæ», «Ныфс», «Тагъддæр», «Цæмæн дæ агуырдтон куырмæджы», «У мæ цард къуыбылойы тыхтонау» æмæ бирæ æндæр зындгонд æмдзæвгæты фарсмæ ноджы арфдæр, ноджы фидауцджындæр уацмыстæ кæй нал фендзæн Дуне, ууыл. Йæхæдæг куы састи, цард иу цæсты ныкъуылд йеддæмæ нæу, уæд йæ курдиаты алæмæты тых фæстауæрцдæрæй цæуыннæ хардз кодта?

Гиуæрги куыд æнæфсис уыд сфæлдыстадон куыстмæ, уымæн æвдисæн уыд Уалыты Лаврент. Иу сæрд, 1959 азы, Бестаутæм цард Хуссар Иры. Кæрæдзийæн хæстæг æййæфтой. Æмæ-иу уазæг лæппу уыдта: цыфæнды афон дæр, суанг кæркуасæнты уонг, поэты уатæй калд рухс (уæд ма йын бинонтæ нæма уыд). Лаврент гыццылæй фæстæмæ æмдзæвгæтæ хъæрæй кæсын уарзта, уæлдайдæр Къостайы уацмыстæ (æнæ чиныгæй. Сæ хъæуы зæронд лæгтæн сæ иудадзыг дæр каст æмæ сæ йæ зæрдыл бадардта). Ныр æм хъусæг куы фæци, уæд ыл базыртæ разад. Йæхицæй бæгуы лæг (артист) ацарæзта.

Гиуæрги, æвæццæгæн, сфæлмæцыд йæ дард хæстæгæй. Иу бон ын йæ къабазыл фæхæцыд æмæ йæ ирон театры балæууын кодта. Сæйраг режиссер Хъайырты Валодяйæн бафæдзæхста: «Ацы лæппынæгмæ кæд сымахырдыгæй исты хæццæ кæны, уæд æм уæ цæст фæдарут».

Дард кæддæры хуымæтæг цау æрмæстдæр æрхастон, Бестау сывæллонау сыгъдæгзæрдæ æмæ æнæхин кæй уыд, йæ уды хъарм, йæ цæхх æмæ кæрдзын кæй никæмæн æвгъау кодта, уый тыххæй. Хъодзаты Æхсар-иу, Чъребайы уæвгæйæ, фысымуат «Ирыстон»-ы куы 'рцардис, уæд-иу æй Гиуæрги дæр æмæ йе 'фсин Сæлимæт дæр хæрдты систой, цом махмæ, зæгъгæ. Ахæм зæрдæ Бестауы-фырт дардта Джыккайты Шамил, Ходы Камал, Малиты Васо æмæ иннæ кæстæр поэттæм дæр. Æдзухдæр-иу сæ хуыдта фæсхохмæ. Æмæ сын 1976 азы сæрды ахæм фадат фæци. Фондз лæгæй — Гиуæрги, Æлборты Хадзы-Мурат, Къæбысты Зауыр, Ходы Камал æмæ Хъодзаты Æхсар — абалц кодтой Чеселты коммæ...

Хъæдæхгæд хæхтæ, нарæг кæмттæ, цæхæркалгæ дæттæ, — мысы сæ балцы хабæрттæ Æхсар. — Фæлæ мах канд æрдзы нывтæм кæсынмæ нæ ацыдыстæм. Фæндыд нæ зындгонд Хъолайы мæсыг фенын. Уырысы паддзахы ныхмæ тохы нæ фыдæлтæ стыр лæгдзинад кæм равдыстой, уыцы историон бынат. Инæлар Ренненкампфы дыууæ мин æфсæддоны цалдæр фæлтæрæны сарæзтой, фæлæ мæсыджы цы 30 ирон лæджы бабадтысты, уыдонæн сæ бон ницы уыд. Æхстой сæ сармадзантæй, фæлвæрдтой сæ срæмудзын, фæлæ ирон гæнах æвæджиауы фидар разынд. Ноджы фидардæр æмæ æхсарджындæр разындысты ирон фæсивæд, сæ сæргъы Ака æмæ Бега, афтæмæй. Мæсыджы сæрыл цы хъæдын хатæн уыд, ууыл фæстагмæ зынг бафтыдтой, фæлæ сыл арт куы сирвæзт, уæддæр хохæгтæ сæхи нæ радтой. Æфсæдтыл дуртæ æппæрстой, æхстой сæ сæ фæстаг нæмгуытæй, афтæмæй мæсыджы басыгъдысты. Сæ мæлæты размæ арф комы азæлыд ирон зарæг...

«Хъолайы мæсыг», — ахæм номимæ баззад ацы гæнах ирон адæмы зæрдæты, фæлæ йæхæдæг нал и. Зæххимæ сæмбæз. Хæстæг хъæуты цæрджытæ йын йæ систы дуртæй хæдзæрттæ фæцамадтой.

Ацы худинаджы хабар уæлдай хъыг уыди Бестауæн. Хъæуккæгтæй йæ цуры чи фæцис, ууыл йæ маст акалдта: «Цы

фæци уæ мæсыг? Цавæр фыдлæг ын суагъта йæ бынæй рухс?»

Рæстæгæн ницы лæууы. Рохуат бамбæрзы нæргæ дугтæ, дунейы стырдæр сгуыхтдзинæдтæ. Сихсыдысты нæ дард фыдæлты æхсаргæрдтæ дæр. Сæ хурæмбæрц ном ссис зæххы æмбуар, фæлæ «Хъолайы мæсыг», æнусон арæнхъахъхъæнæгау, лæууыд рындзы сæрмæ. Сæрыстырæй каст комы нарæгмæ. Касти суанг ссæдзæм æнусмæ, фæлæ æбуалгъ тугуарæнтæ æмæ тыгъдызæйтæн сæттын чи нæ бакуымдта, уыцы гæнах кæйдæр фыдкъухæй хæлд æрцыд.

Хъодзаты Æхсар ныффыста мæстджын æмдзæвгæ «Хъолайы мæсыг». Æрхæсдзынæн дзы æрмæстдæр цалдæр рæнхъы:

*Тыхы дур сыл хæрдмæ куы тылд,*
*уæларвæй*
*сæ къонатæм туг уарæгау куы кодта,*
*нæ Иры арв цыппар къабазæй уæд*
*Акатыл æмæ Бегатыл æнцади.*
*Ыскуывта-иу йæ удисгæ хæстон:*
*«О ме сфæлдисæг, фестын мæ кæ цавддур,*
*цæмæй фæуон нæ мæсыгæн æмхасæн...»*
*Æмæ-иу бацыд дуры хуызы лæг...*
*О Хъола! Ныр уæ хæдзæртты бындуртæ*
*æмбисæхсæв куы райдайой ныхас*
*лæджы ’взагæй — нæ уындзыстут хæрзфынтæ,*
*уæ дзидзидайтæ авдæнты кæудзысты...*
*О, бахизæд уæ уыдæттæй Хуыцау.*

Мæ цæст уын уарзы:

*Бегайы хуызæн гуырд*
*макуы райгуыра,*
*куы райгуыра — фестæд ахæм къæй-мæсыг,*
*йæхи дурæй-иу чи нæ фехæла!*

Нартыхты Михал йæ иу уацы фыста: «Æз нæ уыдтæн поэт... Уыдтæн æрмæст зæрдæ, бæллицты цад, æнкъарынад. Уыдтæн æнæныффысгæ æмдзæвгæ. Æмæ цы бакæнон, не 'рцыд мæ зæрдæйы æцæг æмдзæвгæ фыст»...

Цымæ Бестау та куыд хъуыды кодта? Йæ зæрдæйы æцæг æмдзæвгæ ныффыста, æви йын нæ бантыст йæ уаздæр бæллиц сæххæст кæнын æмæ «æндæразы хурау фæсмойнаг фæцис?» Уый ныртæккæ зын зæгъæн у. Йæ цæхæркалгæ курдиаты арæнтæ, æвæццæгæн, йæхæдæг дæр нæ зыдта. Раст цыма цыдæр уæларвон

хæзнадонæй иста æвидигæ æхцон зæлтæ, цыма дунеон тыгъдады сусæгтæ иууылдæр уый риумæ ныггуылф кодтой, афтæ алæмæты диссаг у йе сфæлдыстад. Йæ хуыздæр уацмыстæм æппындæр къух бакæнæн нæй: иуæй иннæ аивдæр æмæ хæрзарæхстдæр. Йæ алы рæнхъ дæр кæны «æнахуыр æрттывд, йæ рухсæй адæймаджы зæрдæ дæр срухс вæййы». (Хъодзаты Æ.)

Цы йæ сусæг кæнон? Æз бафæлвæрдтон Гиуæргийы цалдæр æмдзæвгæйæ хицæн, тæккæ ирддæр æмæ нывæфтыддæр хъуыдытæ рафыссын, цæмæй сæ тынгдæр бахъуыды кæнон, фæлæ мын дзы ницы рауад. Цæст нæ бауарзта, налхъуыт-налмасау тæмæнтæ чи калдта, уыцы фæлгонцтæ-символтæ цæрдудæй сæ эмоцион дунейæ фæхицæн кæнын. Куыд ис, зæгъæм, фæхъулон кæнæн, йæ зæрдæйы хъарм цы зырнæйзылд рæнхъыты баззад, уыдон?

*Уары та фæлмæн къæвда мæ рустыл,*
*Уалдзæг та хæкъуырцгæнгæ кæуы.*
*Рæстæджы цæст — арвы зиллакк мустылд,*
*Æз йæ разы ’рвайдæнау лæууын.*

*Цæстытæ — дыууæ чысыл æхсæвы, —*
*Мæнæ цыма фарсты нысан раст, —*
*Дун-дунейы тармæ сæ ныццæвын:*
*Цæй-ма, цæй, рæстдзинады хуыз, раст.*

*Æмæ разынд, хох-уæйыгау, хъенæй*
*Рæстæджы гигант фæлгонц æваст.*
*Бон — йæ иу цæст, талынг æхсæв — йе 'ннæ,*
*Тасæфтау, фыдуазал у йæ каст.*

*Куы ныххуды, куы кæуы, дзыназы,*
*У йæ иу фарс урс, йæ иннæ — сау.*
*Уый лæууы æнæмæлæт мæ разы,*
*Генион абстракцион нывау.*

*Æз хъæндил дæн, уый цур æз мæлдзыг дæн,*
*Фæлæ йын йæ цæстытæм кæсын.*
*А дунемæ уазæгуаты ’рцыдтæн,*
*Фæлæ дзы уæддæр æз дæн фысым.*

*Сом мæ фæдон бацæудзæн мæ хуызы;*
*Уæдæ тох, цæрын куы хъæуы мæн.*
*Æмæ дугты, заманты рæхысы*
*Калдзынæн тъымы-тъыма тæмæн.*

*Æз ыстъæлын, — ахуыссинаг рухс тын.*
*Дард кæмдæр та ссудздзæни мæ рухс;*
*Ацы къæвда уарыдис æнусты,*
*Ацы къæвда уардзæнис æнус.*

Бестауы-фырт фидарæй æууæндыд, йæ уды фарн, йæ арфæйы дзырд рæстæджы саудалынджы кæй не 'рмынæг уыдзæн, тъымы-тъыматæм, цыкурайы фæрдыгау, тæмæнтæ кæй калдзæн, дугты, заманты сæрты кæй ахиздзæн, ууыл. Æмæ нæ уарзон поэт нæ фæрæдыд. Йæ уацмыстæ дыуудæ Иры дæр аив фæлгонцгондæй цалдæр хатты ныммыхуыр кодтой, чингуыты тæрхæгыл никуы бафæстиат сты. Аккаг бынат æрцахстой ирон аив литературæйы хрестоматиты, астæуккаг скъолаты ахуырадон программæты. Уый арфæйы хъуыддаг у, фæлæ нырма тынг хæсджын стæм нæ зæрингуырд поэты раз. Гиуæргийы хуызæн стыр дзырды дæсныйы номыл уынгтæ, скъолатæ куы уаид, сæрмагонд аивадон æркастытæ арæзт куы цæуид, уæд нæхицæн удыбæстæ скæниккам. Уæдæ æрыгон зæрдæргъæвд фæлтæрæн уый номхæссæг литературон премитыл дæр æмбæлы ахъуыды кæнын. (Йæ мæлæты 30 азы бонмæ уæддæр куы базмæликкам!) Уыдæттæй Бестаумæ мæрдтæм ницыуал фæхæццæ уыдзæн. Кæд поэт йæ удæй фылдæр цы фыдыуæзæг уарзта, карз сомы кæй номæй кодта, уым разыниккой йæ фарны аккаг хæрзгæнджытæ æмæ йын фæстаг рæсугъд лæггæдтæ скæниккой. Уымæй Иры дзыллæтæн сæ цыт æмæ намысыл æфтгæ цы бакæна, æндæр дзы хаугæ ницы акæндзæн...

*Хæрзбон, мæ дард цъæх уалдзыгон рæуфынтæ, —*
*Мæ риссаг цин, мæ удылтайгæ маст!..*
*Фыццаг æмæ фæстаг хатт мыл уæ фендæй*
*Æмбисæхсæв бæллиццаг хур ыскаст.*

*Æмæ ныррухс æрвæрттывдæй мæ зæрдæ,*
*Ызнæт æрвнæрдæй байдзаг и мæ уд,*
*Мæ сæрмæ скалдта арвырон цæхæртæ,*
*Æрвгъуыздзæст зæд мæм йе ’рфæнæй ныххудт.*

*Ыстъалытимæ сси мæ гуырдз æмдзæрин,*
*Йæхимæ сау зæхх нал æлвæста мæн;*
*Мæ тæхгæ фæндаг — хуры тын сызгъæрин,*
*Мæ уаз нысан — бæрзонд арвы тæмæн.*

*Цæмæй уыдаид рухстауæг уæццæ зынг*
*Мæ уарзтæй судзгæ хурыйас зæрдæ,*
*Мæ раттæг зæххыл мигътимæ мæ цæссыг,*
*Дзæм-дзæмы ’ртæхтау, калдтаин æз дæр...*

*Фæлæ уый уыд мæлинаг лæджы рухс фын,*
*Уый фыны ’вæрдтон зæххæй арвмæ хид:*
*Фыдбойнаг цъах-цъах ауади мæ хъустыл, —*
*Ныппæррæст кодта фын, æмæ йæм сид!..*

*Фæци*
*Мæ цин,*
*Æрталынг мыл æмбисбон,*
*Фæлæ уыдзынæн фидæны хуындзау,*
*Зæххон лæджы уæларвон фыны ’мбисонд*
*Мæ фæдонтæн æз дзурдзынæн фыццаг...*

Бестау йæ фæстаг бынат ссардта Згъудеры, горæты сæрмæ цы уæлмæрд ис, уым. «Йæ зæххон цард фæци, бафтыд Ирыстоны æрдзыл. Иры хъæбысы рантыст æмæ фæстæмæ уырдæм аздæхт». Царды тызмæг уаг никæй бон у аивын.

Поэты цырт фæтæн уæлвæзæй дардмæ бæрæг дары. Афæдзы цыфæнды афон дæр ам фенæн ис бирæ адæм, сæ къухты удæгас дидинджытæ, афтæмæй. Суанг æм æндæр хъæутæ æмæ горæттæй дæр сæмбæлынц. Уæлдайдæр йæ гуырæн бон.

*Чи зоны, мæнгуд ысты мæ хъуыдытæ,*
*Кæд æрмæст мæхицæй дардмæ лидзын?*
*Чи зоны, Ирыстоны нæ хъуыдтæн,*
*Чи зоны, дзæгъæлы фыстон «Иу дзырд»...*

*Чи зоны, куыд уыдзæни нæ фидæны,*
*Цардвæндагыл, чи зоны, ныхдур дæн.*
*Чи зоны... — ацы ныхас хъуыдыйы ныффидар и*
*Æмæ мын нæ дæтты ’нцой мæ удæн...*

*Фæлæ карз мæ рухс нысанмæ сиддзынæн,*
*Хъуысдзæни мæ тохы хъæр, æрвнæрдау,*
*Æмæ кæд фæуайдзæфаг уон фидæнæн,*
*Уæд мæнæн фæстаг фæндон æвæрд у!*

Йæ мæлæты хæдразмæ Гиуæрги, чи йæм каст, уыцы лæппутæн дзырдта: «Дыууæ хуры федтон мæ фыны — сæ фæдыл згъордтон, æрцахсон сæ, зæгъгæ. Бирæ фезгъордтон, фæлæ мын се 'рцахсын нæ бантыст».

Фæстæдæр Хъодзаты Æхсар Гиуæргийы номарæн æмдзæвгæйы уыцы дыууæ хуры рахуыдта Уарзт æмæ Поэзи. Уыцы дыууæ Хуыцауæн, дам, куывта йæ цæргæбонты, уыдоны «арты æртæхтæ» йын бавзалы кодтой йæ риссаг уд. Йæ уарзон æмгарыл хъыг кæнгæйæ, Æхсар нæ басусæг кодта йæ карз фæсмон: «...нæ алыварс цы æвæджиау адæймæгтæ вæййы, уыдонмæ не 'ргом фаг нæ аздахæм, нæ удты тавсæй сæ нæ барæвдауæм. Æрæджиау ма нæ фæсмон бæргæ фæхæры, фæлæ...»

Раст зæгъы, Æхсар! Æрдзæй цæмæндæр стырзæрдæ рахæссæм, цард нæм æнусон фæкæсы æмæ æрвылбон цы диссаджы адæймæгтæ фæуынæм, уыдон нæ цæсты нæ фæахадынц. Азты фæстæ лæг йæ рæдыд бæргæ бамбары, фæлæ ма цы! Фат куы фехсай, уæд æй нал раздахдзынæ. Фæстæмæ нал раздæхдзæн ирон аивады фидыц Бестауты Гиуæрги дæр. Йæ хорз æмбалы мысгæйæ Хостыхъоты Зинæ фыста:

*Рухс кувæндонау дæ цырты раз балæууынц,*
*Абон, куы байдзаг и Хуссар Ир маройæ,*
*Бамбæрстой, Ирæн дæу хуызæттæ ку' амæлынц*
*Гъеуæд йæ сæрыл ысдзурæг дæр нал вæййы.*
. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .
*Ир сау арты судзы, туг хъæры йæ риуæй,*
*Йæ зæрдæ ныддæвдæг, йæ зæрдæ нырхуым.*
*Йæ къуыбар цæссыгтæ йын бануазæм иумæ,*
*Æз — ам, ды — уым.*

Бестау хъулон уарзтæй цы дзырды дæсны — Булкъаты Михалы — уарзта, уый фыссы йæ иу уацы: «Алы фыссæг дæр йæ миддунейы скæны, йæ цæргæбонты сæркъулæй кæй разы фæлæууы æмæ царды уроктæ кæмæй фæисы, ахæм фæлгонцты цардæгас къорд. Æз цалынмæ удæгас дæн, уалынмæ сын сæ фæлгонцтæ мæ зæрдæйы хæсдзынæн æмæ практикон цард æмæ

литературæйы уроктæ исдзынæн — Мамсыраты Темырболатæй, Секъайæ, Къубалты Алыксандрæй, Елбыздыхъойæ, Нигерæй, Æрнигонæй, Малиты Геуæргийæ, Гафезæй, Калоты Хазбийæ, Бестауты Гиуæргийæ...

Къостайы уыцы номхыгъдмæ нæ бахастон, уымæн æмæ уый у бардуаг æмæ йын адæймæгтимæ схæццæгæнæн нæй, кæд уыцы адæймæгтæ стыртæ сты, уæддæр».

Хуыздæр æмæ аивдæр зын зæгъæн у... Уæдæ, цæй, æркъул кæнæм нæ сæртæ, йæ уды цæстырухсæй нын абон дæр нæ развæндаг чи рухс кæны, уыцы нæртон зæрингуырды раз...

*Æмæ кæд ахуысса мæ зынг*
*Мæлæтмæ ’лгъыст низы нымыгъдæй, —*
*Ныннæрут уæд, ынниут тынг,*
*Ысхъызут дунейы тымыгътæ;*

*Бындзыггай мæ фæхæссут дард,*
*Æваст мæ арвы тыгъдмæ фехсут,*
*Куыд уадзон иудадзыг цъæх арт,*
*Куыд хъусон уе знæт уынæр, уе ’хситт.*

*Цæмæй мæ хæтæн уа уæрæх,*
*Мæ хуыз тъымы-тъыматæм ивон,*
*Куы-иу уон мигъ, куы та æртæх, —*
*Зынг хурмæ кæрдæгыл æрттивон...*

# ИРОН
# ПОЭЗИЙЫ
# АНТОЛОГИ

# ГОДЖЫЦИАН-ЧЕЛДЫТЫ НАДЯ

*(1947)*

*Годжыциан-Челдыты Семены чызг Надя райгуырди Гуырдзыстоны, Мгебриани, зæгъгæ, уыцы хъæуы. 1952 азы Сталины барамындмæ гæсгæ амы цæрджыты ралидзын бахъуыди Мæхъхъæлмæ. Фæстæдæр Годжыцаты бинонтæ æрцардысты Майрæмададжы. Надя каст фæци астæуккаг скъола, 1968 азы та — Дзæуджыхъæуы педагогон училищæ. 1970—1980 азты царди Молдавийы, кодта æхсæнадон куыст.*

*Надяйы æмдзæвгæты фыццаг чиныг «Ирон цырагъ» рацыди 2005 азы чиныгуадзæн «Ир»-ы.*

## ДЫЗÆРДЫГ

**Фæззыгон дидинæг мæ уды**
**Дæ уындмæ райхæлди фæлмæн.**
**Куы уаис уаз æртах, тæхуды,**
**Куы дарис уарзты цин мæнæн.**

**Фæлæ мæ дидинæн йæ цъæх сыф**
**Мæ азты ирдгæтæй фæбур.**
**Тæрсын, æхцон æртахы бæсты**
**Куы нывæрай йæ къусчы дур.**

**Фыдмитæн уарди нæу фæразон,**
**Хъызт æмæ митæн нæу быхсаг.**
**Æввахс у «зымæг» æмæ абон**
**Дызæрдыг зæрдæйыл — тыхсаг!**

***2002.15.08***

## ТЫМЫГЪ

**Арв сыхырна фестад — урс цъæмæл лæхуры.**
**Авд хъæццулы аууон баныуæрста хуры.**
**Салд фæдджийæ тары кауын къул æрхынцы.**
**Амбæхсы нæ цары — рагъæнхъæд фæбырсы.**

**Сисæй хъуысы ниуын — фестади сыл гæды.**
**Кулдуарæн йæ зиллон хъисфæндыр фæцæгъды.**
**Хъинц-хъинцæй нæ Мила хи кæртæй фæлидзæг,**
**Сау дзæгъæл гæдыйыл бахæцыди ризæг.**

**Сæрра и нæ пец дæр тымыгъы фыдæнæн.**
**Саби ныр куы фестин, æвæдза, хуыздæрæн!**
**Пецы фарсмæ бадин ’нæмæтæй хъызт зымæг.**
**Хиирхæфсгæ фасин гинойæн йæ дымæг!**

*2003.12.01*

## ХОХАГ НЫВ

**Сæуæхсид худгæ тынтæй диссаджы тын уафы:**
**Дзæбидыр хохы цъуппыл къахфындзтыл æркафы.**

**Йæ сæфтджыты бынæй зæрин стъалытæ згъæлынц,**
**Æвзист æхсæрдзæнмæ цæхæркалгæ æркæлынц.**

**Кæны тыбар-тыбур йæ алы фезмæлд дардмæ,**
**У Хуры сфæлдисгæ — йæ тæмæн сиды цардмæ.**

**Æвзонг сычъитæ йын сæ сæфтджыты æмдзæгъдæй**
**Йæ кафт цырен кæнынц сæрбæрзондæй, æмвæндæй.**

**Æфсати уæлмигътæй кæсы йæ армы бынты,**
**Нæ федтон ахæм ныв, зæгъы, мæ хуыздæр фынты.**

**Дæ райсом хорз, мæ Ир, зæрдæрайгæйæ фезмæл —**
**Сæуæхсиды рардыл æнæзивæгæй фембæл!**

*2004.15.06 Захъа*

# КАСАТЫ БАТРАДЗ

*(1950)*

*Касаты Георгийы фырт Батрадз райгуырди Хетæгкаты Къостайы районы Нароны хъæуы (ныртæккæ уыцы районæн ис æндæр ном æмæ хауы Мæхъхъæлы республикæмæ). Фæстæдæр Касаты бинонтæ ралыгъдысты Олгинскæмæ. Ам Батрадз каст фæци астæуккаг скъола æмæ дыууæ азы æфсады фæуыны фæстæ кусын райдыдта заводы. 1973 — 1978 азты ахуыр кодта Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты филологон факультеты. Каст æй куы фæци, уæд кусынмæ бацыди нæ республикæйы телевизион студимæ, стæй раивта газет «Рæстдзинад»-ы редакцимæ. Ноджы куыста ЦИПУ-йы чиныгуадзæны, Цæгат Ирыстоны радиойы. 1993 азæй нырмæ та у республикæйы Парламенты аппараты консультант.*

*Батрадз литературон куыстыл фæцалх, скъоладзау ма куы уыди, уæд. 1985 азы йын чиныгуадзæн «Ир»-ы рацыд æмдзæвгæты æмбырдгонд «Уалдзæджы хъæр», 1994 азы та — «Зилдухæнтæ».*

## ДЗÆБИДЫР

**Дзæбидыры райгуырæн — хæхтæ,**
**Йæ бæллиц — сæуæхсиды хъазт,**
**Сыгъдæг уæлдæф, айнæг къæдзæхты**
**Æнæхинæй рæзы — ныфсхаст.**

**Йæ сыкъатæй айгæрды дымгæ,**
**Йæ хæтæнтæ — карды ком раст,**
**Йæ бæрзонддæр агуры рындзæн,**
**Бæллиццаг — йæ цардбæллон хъазт.**

**Фыс-дзугтæ кæм хизынц æдæрсгæ,**
**Уым хъал сырдмæ бахъæвы фат.**
**Нæ йæ сайынц дидинæг фæзтæ,**
**Æнæтымыгъ, хъарм фæлмæн уат.**

**Фæлæ йыл куы рацæуынц хинæй**
**Дæлдæртæ — хæлæг æмæ сайд,**
**Уæд расхъиуы гъæйтт лæгау тигъæй,**
**Зынг цæхæрау атæхы цард.**

## ХЪÆУУОН КЪÆС

**Мæ фæллад удыл хъарм къæвда фæуарыд,**
**Мæ сабидуг дзæнгæрджытæ цæгъды,**
**Хъæууон изæр... Ирон хæдзары зарын**
**Мæн аскъæфы мæ рагсæнтты тыгъды...**
**Фæдисæй кафынц их-цæкуытæ зæххыл,**
**Мæ ныййарæг йæ хуымгæндмæ нымдзаст,**
**Уæд сабитæ æркафынц цым цæххыл,**
**Тызмæг къæвдамæ бацайдагъ сæ хъазт.**
**«Нæ рæуæд баззад къæвдайы сæх-сæхмæ», —**
**Æрбатухы йæ хъæбулты сæ мад.**
**Сæхи рæдувынц сабитæ æддæмæ,**
**Æрдзон тызмæг ми нæу сæм, нæ, нымад.**
**Цыма фыстой сæ донластæй зæронд хæс,**
**Сæ цинты фæхъхъау ихдзæрна фæуа.**
**Уæддæр, цæй адджын дæ, хъæууон къæс,**
**Цæлхæмбырдæй дзы бинонтæ куы уа.**

## АКРОСТИХ

**Зæрин тынтау мæ сыгъд цардмæ ныккастæ,**
**Æвиллон мигъты асырдта дæ хуыз,**
**Рæу ыстъалы, цы хуыцау дæ æрхаста,**
**Ивылд донмæ цæй баронæй кæсыс...**

**Нæ фæллайыс йæ хивæнд ми, ызмæлдæй,**
**Æнæвгъау æм дæ  уды хъарм хæссыс,**
**Фæзилынц дæм йæ уылæнтæ ызнæтæй,**
**Æдæрсгæйæ сыл узæлыс, быхсыс.**

**Нæма хатыс йæ фæлывд митæ цардæн,**
**Дæхи удау дын алцыдæр — æвæд...**
**Алæмæты рæсугъд нывæфтыд авдæн**
**Рыст зæрдæйы дæуæн уыдис æвæрд.**

Алдымбыдау мыл арвырон æрзылди,
Сывæллонау та нал уромын цин...
Тæхгæ стъалы — мæ рыст сурæг фæзынди,
Уынгæг сагъæстæй ратыдтон мæхи.

* * *

Кæд зæрдæ фестади сыгъдон,
Кæд арвгæрæттыл хур æрæнцад,
Дæу дæр кæд нал хъæуын, мæ бон,
Уæд ма кæмæ хæссон мæ фæллад.

Кæд ацыд, аивгъуыдта сæрд,
Кæд ихкъæвда мæ хуымгæнды фæкафыд,
Уæд æй цыфæнды ахорæнтæй сæрд, —
Фæззыгон тыллæг нал уыдзæн бæркадыл.

Æниу йæхи тыхст алкæмæн — фыдбон,
Кæйдæр цинæй ма зæрдæ дæр кæм райы,
Нæуæг бæллæх æрбацæйхæссы бон,
Фæлæ та уарзтæй арвгæрон æртайы.

* * *

Æнамæндтæ дæр амондджын вæййынц,
Дыдзы рухсыл дæр бацин кæнынц, хурау.
Ныфсы муртæй дæр, паддзæхтау, цæрынц,
Хъысмæты цæфтæн фидар ысты, дурау.

Æнамæндтæ дæр амондджын вæййынц,
Сæ цæстытыл ма рухс фидæн дæр уайы,
Кæрæдзийæн сæ сагъæстæ кæнынц,
Æргом ныхасæй се стыр бæллæх тайы.

Æнамæндтæ дæр амондджын вæййынц,
Сæ зынты фæндаг иу ранмæ æрцæуы;
Æддагонæн дæр баххуысмæ бæллынц,
Тыхст лæджы цур сæ амонд дæр нæ хъæуы.

**Ӕнамæндтæ дæр амондджын вæййынц, —**
**Дыууæ нывæрзæн иу базыл æрцæуы,**
**Ызгъоры цард, йæ сау бонтæ тæхынц,**
**Ӕнамонд дæр йæ фыр цинæй ныккæуы.**

*** * ***

**Мæ зæрдæ бафæллад кæуынæй,**
**Ӕмæ мыл ма фæхуд, хæлар.**
**Кæд дæ тыхсын кæнын мæ уындæй,**
**Уæддæр мæ сонт рæдыд ныббар.**

**Мæ зæрдæ бафæллад кæуынæй,**
**Ыздухы мæ йæ тæртты цард.**
**Цы нысанмæ нæ фæлладтæн цæуынæй,**
**Гъе уырдыгæй мыл сау цæхæртæ калд.**

**Мæ зæрдæ бафæллад кæуынæй,**
**Ысси æнæуынон мæ цард,**
**Кæмæ-иу не 'фсæстæн кæсынæй,**
**Гъе уый дæр разынди мæнгард.**

## ХОСИТЫ БУРХАН-ДЗАМБОЛАТ

*(1950)*

*«Бауырнæд дæ, Ирыстонæй исчи куы 'рцæуы Турцмæ ирон адæмы бабæрæг кæнынмæ, уæд махæн тынг æхсызгон вæййы. Раст-иу сидзæры бабæрæг кæнынмæ йæ хæстæджытæ куыд æрцæуынц, афтæ. Махыл иу Хуыцауы бæллæх æрцыд, æмæ нæ фыдæлтæ ныууагътой сæ райгуырæн бæстæ Ирыстон æмæ ралыгъдысты Турцмæ... Бонæй-бонмæ нæхионтæ рох кодтой сæ ирондзинад, се 'гъдæуттæ æмæ се 'взаг... Иуцалдæр азы фæстæ атайдзыстæм турцы 'хсæн. Уымæ гæсгæ æз æмæ иуцалдæр æмбалы байдыдтам Ирыстонмæ фыссын. Цы бакæнæм, куыд архайæм, нæ ирон адæмы сæфты ныхмæ куыд лæууæм, куыд тох кæнæм? Мадæлон бæстæ Ирыстонæй*

*æххуыс курæм нæ архайды тыххæй, кæннод ирон адæмы сæфт тынг тагъд æмæ æнцон уыдзæни. Хъиамæты бонмæ нæ ирон адæмы цæрæнбоны тыххæй архайын нæ хæс нæу?»*

*Ацы рæнхъытæ ист ысты Хоситы Бурхан-Дзамболаты фыстæгæй. Ныффыста сæ мæнмæ 1972 азы 30 июлы Стамбулæй. Йемæ та мæ базонгæ кодтой (фæсаууонмæ) Бутаты Победæ æмæ Гаппуаты Белæ. Уыдонмæ дæр ахæм зæрдæбын ныхæстæ æрвыста йæ фыстæджыты Дзамболат. Æмæ йын-иу ацы дыууæ дзæбæх ирон чызджы дзуапп куы радтой, уæд ын-иу уый стыр цин æрхаста. Уæвгæ йын байхъусæм йæхимæ: «Ирыстоны бæрзонд хæхтæй скæсгæ хурæй мын хай нæ уыди ныронг. Афтæ æнамонд уыдтæн æз. Гъеныр уыцы хурæй мæ хай райстон, æмæ мæ талынг зæрдæ байдзаг рухсæй. Æз дæр мæхи нымайдзынæн амондджын адæмæй».*

*Айразмæ, Мамсыраты Темырболат æмæ Цъæхилты Йахйайы æмдзæвгæтæм цы разныхæстæ ныффыстон, уым цыбырæй скодтон, нæ ирон адæмæн XIX æнусы сæ сæр цы æвирхъау трагеди баййæфта, уый кой: сæ иу хай бар-æнæбары фæлидзæг æцæгæлон бæстæм — Бурхан дæр йæ фыстæджы уый æрымысыди. Нæ мæгуыр, армыдзаг дзыллæйы зæрдæйæ атынди гæбаз, æмæ уыцы дудгæ-уыраугæ хъæдгом никуыуал байгас уыдзæни. Рисдзæни зæрдæ, рисдзæни, цы гæбаз дзы атындæуыд, уый дæр. Фыдæлты стыр рæдыд сæ бындартæн дæр æнцой нæ дæтты, фæсмоны хъизæмар ахызти бирæ азты сæрты æмæ æрхæццæ абоны фæлтæрмæ. Уымæн куры поэт йæ Райгуырæн бæстæ Ирыстонæй хатыр. Йæ фыдæлты аххос исы йæхимæ, аххосджын нæу, афтæмæй:*

*Мæ тæрсагдзинад мын мæ цæсгомыл ныццæв*
*иу армыдзагæй.*

*Ахæм цæф мæ ныккæн,*
*æмæ мæ русыл дæ фондз къухы фæд баззайæд.*

*Чи зоны, иу бон куы ’рцæуа*
*æмæ дæумæ куы нæ бахæццæ уон,*
*уæд дæуæй иунæг лæвар баззайæд мæ русыл —*
*дæ цæфы фæд...*

*Хоситы Инусы фырт Бурхан (Дзамболат) райгуырди Турчы, горæт Сивасы. Ахуыр кодта скъолайы, стæй та лицейы. Уый фæстæ бацыди Стамбулы университеты экономикон факультетмæ. Каст æй фæци 1973 азы æмæ кусын райдыдта бухгалтер-экономистæй. Ис ын йæхи офис.*

*1989 азы Бурхан, Хъаныхъуаты Рæмзи æмæ ма ноджы цалдæр ирон лæппуйы Стамбулы сарæзтой æхсæнад «Алан». Йæ нысан цы у, уый зыны Бурханы фыстæгæй дæр: хъуамæ ахъаз кæна Турчы бæстæйы ирон адæмы цард-цæрæнбонæн. Æхсæнады зæрдиагæй архайынц Асеты Халис, Бадты Елхъан, Чеджемты Али æмæ иннæтæ.*

*Бурхан-Дзамболат æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта 1967 азы. Фыста туркагау дæр. Ноджы туркаг æвзагмæ раивта Къостайы, Епхиты Тæтæрийы, Токаты Асæхы хицæн уацмыстæ, рацыдысты туркаг журнал «Кавказ»-ы.*

## ЧИ У АЦЫ СИДЗÆР?

**Систон ацы ’хсæв мæ сæр бæрзонддæр**
**æмæ кæсын æрттиваг арвмæ афтæмæй.**
**Стъалытæ æрттивынц. Мæйрухс изæр.**
**Фæлæ чи у ацы сидзæр — кæуы иунæгæй?**

**Ног бон алкæмæн дæр æрхæссы амонд,**
**адæмы зæрдæ хъæлдзæг вæййы цинæй.**
**Алчи дæр вæййы тыхджын æмæ арфæгонд.**
**Фæлæ чи у ацы сидзæр — кæуы æнæ фынæй?**

**Хъусы алчи йæ уарзоны фæлмæн ныхас,**
**бафсæст йæ уарзоны зæрдиаг улæфтæй,**
**цæрынц иумæ, сты бæлæтты æнгæс.**
**Фæлæ чи у ацы сидзæр — кæуы дыууæ цæстæй?**

Алчи заргæ кæны абон фырцинæй —
æмдзæгъдынц, кафынц, тæхаг цъиутау.
Иу рæсугъд, ай-гъай, цæгъды йæ фæндырæй.
Фæлæ чи у ацы сидзæр — кæуы æдыхау?

Цæмæн лекка кæны æхсæвæй-бонæй
кæмтты æмæ уынгты иунæджы сæрæй?
Кæй хъахъхъæны йæ зæрдæйы дуар гомæй?
Фæлæ чи у ацы сидзæр — кæуы хъæрæй?

Нæма базыдтай дæ хъæбулы, уарзон Ир?
Бирæ аз раздæр уыд уæд амæй —
алыгъд, йæ сæр айста кæдæмдæр.
Фæсмонæй дæм лæгъстæтæ кæны — ныббар ын!

Гъеныр тынг фæсмон у. Ныббар ын ды дæр,
дзырд дын дæтты. Фæдаргъ кæ дæ цæнгтæ
æмæ ахъæбыс кæ дæ хъæбулы цырддæр.
Фæцæуы дæм — йæ уд дæттынмæ цæттæ!

## ЧИ ЗОНЫ...

Зæгъ-ма мын мæ тæрсагдзинад —
мæ бæстæй алыгъд,
сайдæй дыл кæй рацыдтæн
æмæ кæй алыгъдтæн, —
зæгъ мын æй, зæгъ.

Ме ’взæрдзинад мын мæ цæсгомыл цæв,
фефсæрмы мæ кæ, фефсæрмы.
Мæ тæрсагдзинад мын мæ цæсгомыл ныццæв
иу армыдзагæй.

Ахæм цæф мæ ныккæн,
æмæ мæ русыл дæ фондз къухы фæд баззайæд.
Чи зоны, иу бон куы ’рцæуа
æмæ дæумæ куы нæ бахæццæ уон,
уæд дæуæй иунæг лæвар баззайæд мæ русыл —
дæ цæфы фæд...

## БАЛЦЫ ФÆЛЛАД

**Æлгъыстытæ æртæхы мæ уæлæ алы бон, уарæгау,**
**алы бон цъыф уары мæ сæрæй дæлæмæ.**
**Лидзын æз, фæлæ аныгъуылын цъыфмæ фылдæрæй,**
**æлгъыстытæ фæтынгдæр мæ фæстæ.**

**Кæд фæуинаг у ацы æлгъыстыты уарын,**
**кæд фервæзинаг дæн ацы цъыфæй дзаг денджызæй,**
**æмæ мæ кæд хатыр кæнинаг дæ,**
**гъей, мæ фыдæлты райгуырæн бæстæ?..**

**Ацы балц кæд фæуинаг у?..**

## НАЛ И, НАЛ...

**Иу фын уынын алы ’хсæв**
**иу науы фæндагыл...**
**Стæй мондаг кæмæ баззадтæн,**
**уыцы рæсугъд хæхтæ,**
**уыцы цъæх-цъæхид кæмттæ**
**æмæ æрттиваг арвы цæсгом,**
**йæ адæм — хъарм, удмæ хæстæг.**
**Хъæбыс кæнынмæ мондаг кæмæ баззадтæн —**
**агайгæ дæм фæцæуын, мæ райгуырæн бæстæ...**

**Уый фæстæ байгом кæнын мæ цæстытæ,**
**æмæ — цæй хох, цæй арв, цæй æндæр,**
**цæй мондаг кæмæ баззадтæн хъæбыс кæнынмæ,**
**уыцы адæм?..**
**Нал и, нал...**
**Æрмæст-иу сау-сауид талынг**
**æмбæрзы мæ цæстытæ.**

**Бауæнд мыл, бабын мæ кæнинаг у**
**ацы талынг...**
**Ацы сау талынг...**

Цъары фæрстыл:

1. *Цорæты Дауырбег. Мад.*
2. *Мæлтъызты Ольгæ. Декоративон скульптурæ.*
3. *Мæлтъызты Ольгæ. Бæркад. Триптихы центр.*
4. *Цорæты Дауырбег. Бинонтæ.*

* * *


| | |
|---|---|
| *Технический редактор* | *Виктория БОРАЕВА* |
| *Корректор* | *Заира КАРАЦЕВА* |
| *Компьютерный набор* | *Марина КИРГУЕВА* |
| *Компьютерная верстка* | *Ирида КОДЗАТИ* |
| *Дизайн* | *Залина ГУРИЕВА* |

*Журнал зарегистрирован в региональном Управлении ГК РФ по печати в РСО-А. Регистрационный номер Ш-0132*

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.*

**Учредители: Комитет РСО-Алания по печати и делам издательств, Союз писателей РСО-Алания**

Подписано к печати 20.02.08. Формат издания 60x84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 9,77. Учетно-изд. л. 7,26.
Тираж 2000 экз. Заказ № 1020.

*Адрес редакции: 362025, г. Владикавказ, ул. Фрунзе, 24.*
*Телефоны: 53-69-66; 53-31-58; 53-69-62; 53-31-24, 53-65-86.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru*

Отпечатано в ОАО Республиканском издательско-полиграфическом предприятии им. В. А. Гассиева
362011, г. Владикавказ, ул. Тельмана, 16.



Индекс 73247

